# UKARA CAMBORAN WONTEN ING RUBRIK CERKAK KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT WEDALAN JULI-SEPTEMBER 2012

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan


Kasusun dening
Putri Jati Nur Intan
NIM 09205244023



**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**MEI 2013**

**PASARUJUKAN**

Skripsi kanthi irah-irahan "Ukara Camboran wonten ing *Rubrik* Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012" menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.

Yogyakarta, 14 Mei 2013
Pembimbing I

Hardiyanto, M.Hum
NIP. 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 14 Mei 2013
Pembimbing II

Mulyana, M.Hum
NIP. 19661003 199203 1 002

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan "Ukara Camboran wonten ing *Rubrik* Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012" menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajenging *Dewan Penguji* tanggal 24 Mei 2013 saha dipuntetepaken lulus.

***DEWAN PENGUJI***

| Asma | *Jabatan* | Tapak Asma | Tanggal |
|---|---|---|---|
| Dr. Suwardi, M.Hum | *Ketua Penguji* | ............... | 11-06-2013 |
| Mulyana, M.Hum | *Sekretaris Penguji* | ............... | 7-06-2013 |
| Prof. Dr. Endang Nurhayati | *Penguji I* | ............... | 7-06-2013 |
| Hardiyanto, M.Hum | *Penguji II* | ............... | 7-06-2013 |

Yogyakarta, Juni 2013
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

| | |
|---|---|
| Nama | : **Putri Jati Nur Intan** |
| NIM | : 09205244023 |
| Program Studi | : Pendidikan Bahasa Jawa |
| Fakultas | : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta |

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyerating kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyerating *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Ngayogyakarta, 14 Mei 2013

Panyerat,

Putri Jati Nur Intan

# SESANTI

Aja anggege mangsa

Sabar sareh mesthi bakal pikoleh

Niyat ingkang kiyat, dedonga kanthi khusyuk, sarta ikhtiar tanpa kandheg,
menapa ingkang dados panjangkanipun saged kasembadan.

## PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT skripsi menika kula pisungsungaken dhateng Bapak R. Gunawan saha Ibu Zuliantari tiyang sepuh kula ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

## PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT ingkang tansah paring rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan "Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012", saged rampung kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk gelar sarjana pendidikan.

Panyerating skripsi menika saged kalaksanan amargi pikantuk panyengkuyung saking priyantun kanthah. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng priyantun-priyantun ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof.Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin saha kalodhangan wekdal kangge nyerat skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum, minangka ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha Penasehat Akademik ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Prodi Pendidikan Bahasa Jawa.
3. Bapak Hardiyanto, M.Hum, minangka pembimbing I ingkang sampun maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Mulyana, M.Hum, minangka pembimbing II ingkang sampun nuntun saha maringi bimbingan kanthi sabar.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh miwah panjurung mawarni-warni ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. Tiyang sepuh kekalih, Maya saha Titis ingkang sampun paring donga saha panyengkuyung tumrap panyerat.
7. Kanca-kanca PBD kelas G angkatan 2009 (mliginipun Firda, Vina, Ana, Erika, Mbak Yayuk, Desy, Fania, Ismi, Intan, Kiky, Ocha, Uni, Wiwid), ingkang sampun paring panjurung kangge ngrampungaken skripsi.
8. Nurul Hidayah saha Eka Ratnasari, ingkang sampun paring panjurung saha pambiyantu, dhateng panyerat nalika ngrantam skripsi menika.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Awit saking menika, sadaya wawasan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Ngayogyakarta, 14 Mei 2013

Panyerat,

Putri Jati Nur Intan

## WOSING ISI

Kaca


IRAH-IRAHAN ........ i
PASARUJUKAN ........ ii
PANGESAHAN ........ iii
WEDHARAN ........ iv
SESANTI ........ v
PISUNGSUNG ........ vi
PRAWACANA ........ vii
WOSING ISI ........ ix
DAFTAR TABEL ........ xi
DAFTAR LAMPIRAN ........ xii
SARINING PANALITEN ........ xiii
DAFTAR SINGKATAN ........ xiv
**BAB I PURWAKA** ........ 1
A. Dhasaring Panaliten ........ 1
B. Underaning Perkawis ........ 4
C. Watesaning Perkawis ........ 4
D. Wosing Perkawis ........ 5
E. Ancasing Panaliten ........ 5
F. Paedahing Panaliten ........ 6
G. Pangertosan ........ 6
**BAB II GEGARAN TEORI** ........ 8
A. Sintaksis ........ 8
B. Ukara ........ 8
1. Pangertosan Ukara ........ 9
2. Jinising Ukara ........ 10
C. Ukara camboran ........ 11
1. Pangertosan Ukara Camboran ........ 11
2. Jinising Ukara Camboran ........ 13

a. Ukara Camboran Sajajar ........................................................ 14
b. Ukara Camboran Sungsun...................................................... 18
c. Ukara Camboran Campuran .................................................. 21
D. Klausa ........................................................................................ 23
E. Gegayutan Teges Antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun ........................................................................................ 24
1. Gegayutan Teges Antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun Ukara Camboran Sajajar ................................ 25
2. Gegayutan Teges Antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun Ukara Camboran Sungsun.............................. 39
F. Titikan Gegayutan Teges Antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun.................................................................... 53
G. Kalawarti Panjebar Semangat ............................................................ 55
H. Panaliten ingkang Jumbuh ................................................................. 56
I. Nalaring Pikir ........................................................................................ 57
**BAB III CARA PANALITEN**........................................................... 59
A. Jinising Panaliten ................................................................................ 59
B. Data saha Sumbering Data ................................................................ 59
C. Caranipun Ngempalaken Data .......................................................... 59
D. Pirantining Panaliten .......................................................................... 60
E. Caranipun Nganalisis Data ................................................................ 61
F. Caranipun Ngesahaken Data.............................................................. 62
**BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**............... 64
A. Asiling Panaliten .................................................................................. 64
B. Pirembagan............................................................................................ 80
**BAB V PANUTUP** ............................................................................ 331
A. Dudutan........................................................................................ …. 331
B. Implikasi ………………………………………………………... 333
C. Pamrayogi ............................................................................................ 334
**KAPUSTAKAN**……………………………………………………… 335

## DAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1 : Asiling Panaliten Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012……...……...……...……...……...……... 62

**DAFTAR LAMPIRAN**

Kaca

Lampiran 1 : Tabel Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012.................................................................................... 331

**UKARA CAMBORAN WONTEN ING RUBRIK CERKAK KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT WEDALAN JUNI-SEPTEMBER 2012**

**Dening Putri Jati Nur Intan**
**NIM 09205244023**

## SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngrembag ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012. Panaliten menika ngandharaken jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.

Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Data saking panaliten menika awujud jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Sumber datanipun inggih menika rubrik cerkak wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat. Data dipunpanggihaken kanthi teknik maos saha teknik nyathet. Caranipun nganalisis data ngginakaken teknik deskriptif inggih menika panaliti ngandharaken jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat. Panaliten menika ngginakaken validitas arupi expert judgement utawi pertimbangan ahli, salajengipun ngginakaken reliabilitas intrarater arupi cek ricek utawi kajian berulang.

Jinising ukara camboran ingkang dipunpanggihaken wonten tiga inggih menika: (1) ukara camboran sajajar (2) ukara camboran sungsun (3) ukara camboran campuran. Jinis-jinis ukara camboran menika, gadhah 74 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kasebat, kaperang dados tiga inggih menika: (1) 5 jinis gegayutan teges salebeting ukara camboran sajajar, (2) 26 jinis gegayutan teges salebeting ukara camboran sungsun, (3) 43 jinis gegayutan teges salebeting ukara camboran campuran. Jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha, dipunmangertosi saking tembung panggandheng ingkang dipunginakaken, kangge nggandheng antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, wonten ing ukara camboran. Dene titikan sinamun dipunmangertosi saking tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken wonten salah satunggaling klausa.

## DAFTAR SINGKATAN

| | |
|---|---|
| PS | = Panjebar Semangat |
| Irah-irahan cerkak | : |
| BKP | = Bos Kom Panut |
| IAR | = Isih Ana Rembulan |
| RS | = Rumah Sakit |
| BTS | = Bangsa Tanpa Sirah |
| KKR | = Krikil-Krikil Ramadhan |
| APES | = Apes |
| MB | = Mawar Biru |
| ASSI | = Ary Sing Siji Iki |
| IGAE | = Ing Guritmu Ana Esemku |
| TS | = Tresna Satuhu |
| KOST | = Kost |
| MD | = Mantan Demonstran |
| TR | = Tante Rosa |

# BAB I
# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Ukara inggih menika salah satunggaling sarana kangge ngandharaken gagasaning manungsa, supados saged dipunmangertosi dening tiyang sanes. Ukara minangka bidang kajian sintaksis ingkang saged madeg piyambak, ingkang kadadosan saking perangan-perangan arupi klausa, frasa sarta tembung. Ukara miturut kathah sekedhiking klausa kaperang dados kalih jinis ukara, inggih menika ukara lamba saha ukara camboran.

Ukara camboran (Indonesia: kalimat majemuk) inggih menika jinis ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung. Klausa menika gadhah titikan saboten-botenipun gadhah satunggal perangan arupi wasesa, dene perangan sanesipun kados jejer, lesan, katrangan sarta geganep sipatipun manasuka. Ukara camboran gadhah tigang jinis, inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun sarta ukara camboran campuran. Saben klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran kasebat, gadhah gegayutan ingkang ngemu teges.

Jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran beda-beda, gumantung saking jinis ukara camboran kasebat. Jinising ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, kados gegayutan teges runtut, gegayutan teges nglangkungaken, gegayutan teges gunggung, lan sapanunggalanipun. Jinising ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, kados gegayutan akibat,

gegayutan cara, gegayutan pangajap, gegayutan maksud lan sapanunggalanipun. Ananging mligi kangge jinising ukara camboran campuran, minangka gabungan saking gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran sajajar kaliyan ukara camboran sungsun.

Gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran gadhah kalih titikan, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan gegayutan teges arupi titikan cetha, dipunmangertosi saking tembung panggandheng ingkang dipunserat wonten sangajeng satunggaling klausa, ingkang dipunginakaken kangge nggabungaken klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Dene, titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun, tanpa migunakaken tembung panggandheng. Titikan sinamun menika, tembung panggandheng dipunsingidaken wonten sangajeng satunggaling klausa. Gegayutan teges dipunmangertosi saking teges klausa-klausa ingkang dipungabung ngginakaken tandha koma.

Jinising ukara camboran saged dipunpanggihaken wonten salebeting karya sastra kados rubrik crita cekak utawi cerkak wonten ing kalawarti Panjebar Semangat. Rubrik cerkak wonten ing kalawarti Panjebar Semangat langkung kathah ngginakaken ukara camboran tinimbang rubrik cerkak wonten ing kalawarti sanesipun. Jinis ukara camboran saha gegayutan teges wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat, langkung variatif tinimbang kalawarti sanesipun. Awit saking menika, panaliti milih subjek panaliten ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat.

Data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten, inggih menika ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan wulan Juli dumugi September taun 2012. Rubrik cerkak kasebat, gadhah cacah 13 irah-irahan cerkak. Ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat, kados ukara wonten ing ngandhap menika.

Isih kelingan melok-melok **lan** dicathet ana ing buku notulen rapat. (BKP.PS No.27)

Ukara camboran ing nginggil kalebet jinis ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun inggih menika gegayutan teges gunggung. Tembung panggandheng lan, ingkang nggabung klausa-klausa wonten ing ukara kasebat, dados titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif lan, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa “dicathet ana ing buku notulen rapat”.

Panaliten ingkang naliti bab ukara camboran wonten ing basa Indonesia menapa dene basa Jawi, sampun nate katindakaken. Panaliten menika fokus wonten ing jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun sarta titikan gegayutan teges. Panaliten menika boten gadhah ancas kangge ngrampungakaken saha nutup perkawis wonten salebeting ukara camboran, ananging panaliten menika dipunkajengakaken saged mbikak cakrawala enggal babagan ukara camboran menapa dene jinis ukara sanesipun. Awit saking menika, panaliti sanes saged nglajengakaken panaliten

ngengingi bab jinis ukara camboran menapa dene jinis ukara sanesipun wonten ing basa Jawi.

## B. Underaning Perkawis

Miturut dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet underaning perkawis kangge panaliten menika. Undheraning perkawis panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Jinising ukara wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.
2. Jinising ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.
3. Jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.
4. Titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.

## C. Watesaning Panaliten

Underaning perkawis wonten ing nginggil, perkawisipun taksih wiyar. Awit saking menika, perkawis-perkawis kasebat dipunwatesi mligi perkawis ingkang dipuntliti kemawon. Watesaning panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Jinising ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.

2. Jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.
3. Titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.

## D. Wosing Perkawis

Miturut watesaning panaliten, wosing perkawis panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinising ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012?
2. Menapa kemawon jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012?
3. Kadospundi titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012?

## E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis ingkang sampun dipunadharaken wonten ing nginggil, ancasing panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Kangge ngandharaken jinising ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.

2. Kangge ngandharaken jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012.
3. Kangge ngandharaken wujud titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012

## F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten ngengingi bab ukara camboran menika, dipunkajengakaken saged nyaosi paedah teoritis saha paedah praktis.

1. Paedah teoritis:

a. Asiling panaliten saged dipunginakakaken kangge materi piwulangan wonten ing pamulangan basa Jawi, mliginipun bab ukara camboran.

b. Asiling panaliten ngengingi bab ukara camboran menika, saged dados acuan utawi referensi kangge panaliten sanes, mliginipun panaliten bab basa saha ukara ingkang wonten gayutipun kaliyan panaliten menika.

2. Paedah praktis:

   Asiling panaliten menika dipunkajengakaken saged mbikak cakrawala enggal babagan ukara camboran menapa dene jinis ukara sanesipun.

## G. Pangertosan

1. Ukara

   Ukara inggih menika peranganipun basa ingkang saged madeg piyambak saha dumados saking rerangkening tetembungan ingkang awujud klausa. Ukara

katitik saking laguning pocapan (intonasi) pungkasan kadosta titik, koma sarta tandha seru.

2. Ukara Camboran

Ukara camboran inggih menika jinis ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawa langkung saking kalih klausa. Antawisipun klausa-klausa menika, dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng ingkang dados titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun.

3. Kalawarti Panjebar Semangat

Kalawarti Panjebar Semangat kawedalaken wonten ing wewengkon Surabaya, Jawi Wetan. Kalawarti Panjebar Semangat kawedalaken sepisanan dening swargi Dr. Soetomo, ingkang madegaken saha mandhegani organisasi Boedi Oetomo. Kalawarti Panjebar Semangat kawetokaken saben dinten Setu seminggu sepisan. Sedaya rubrik, warta, saha informasi-informasi wonten ing kalawarti Panjebar Semangat seratan migunakaken basa Jawi. Salah satunggaling rubrik wonten ing kalawarti Panjebar Semangat inggih menika rubrik cerkak.

# BAB II
# GEGARAN TEORI

## A. Sintaksis

Sintaksis kalebet salah satunggaling ngelmu basa ingkang kajianipun nyinau babagan ukara, klausa saha frasa (Tarigan, 1983:4). Dene Ramlan (1987: 21) mahyakaken bab sintaksis:

> Istilah sintaksis secara langsung terambil dari bahasa Belanda syntaxis. Dalam bahasa Inggris digunakan istilah syntax. Sintaksis ialah bagian atau cabang dari ilmu bahasa yang membicarakan seluk beluk wacana, kalimat, klausa, dan frase, berbeda dengan morfologi yang membicarakan seluk-beluk kata dan morfem.

Sarining pangertosan saking Ramlan kasebat, sintaksis inggih menika ngelmu babagan wacana, ukara, klausa sarta frase. Pamanggih menika dipunsengkuyung dening pamanggihipun Keraf (1980:136), ingkang ngandharaken pangertosan sintaksis inggih menika perangan saking tata basa ingkang nyinau dhasar-dhasar saha proses kadadosanipun frasa, klausa saha ukara wonten ing satunggaling basa. Dene pamanggihipun Wibawa (1998:1) pangertosan sintaksis inggih menika salah satunggaling ngelmu basa utawi linguistik ingkang nyinau bab ukara.

Dados sintaksis inggih menika salah satunggaling ngelmu basa ingkang bidang kajianipun ngengingi bab ukara, klausa saha frasa sarta proses kadadosanipun. Awit saking menika, ukara camboran kalebet bidang kajian sintaksis, amargi kalebet salah satunggal jinis ukara ingkang dipunkaji saking proses kadadosanipun, gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun saha titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun

## B. Ukara

### 1. Pangertosan Ukara

Antunsuhono (1956: 7) ngandharaken pangertosan ukara inggih menika reroncening tembung ingkang dados wedharing gagasaning manungsa, ingkang awujud katrangan, pitakenan, panyuwun, utawi bab sanesipun. Bab menika dipunsengkuyung dening pamanggihipun Sasangka (2001: 140), bilih ukara menika mujudaken rerangkening tetembungan ingkang saged ngandharaken salah satunggaling gagasan kaliyan sebabipun. Kalih pamanggih menika gadhah sarining pangertosan ingkang sami, bilih ukara inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken dening manungsa kangge ngandharaken pamanggih utawi wedharing gagasan dhumateng tiyang sanes. Ananging, wonten pamanggih sanes ngengingi pangertosan ukara ingkang beda kaliyan pamanggih menika.

Miturut Arifin (2008: 54), ukara inggih menika peranganipun basa ingkang saged madeg piyambak, gadhah laguning pocapan (intonasi) sarta saged kadadosan saking klausa. Dene Fokker (1978: 9, dipunterjemahaken dening Djonhar) ngandharaken bilih ukara inggih menika pocapaning basa ingkang gadhah teges saha laguning pocapan (intonasi) ingkang dados titikanipun. Sarining pangertosan kalih pamanggih ngengingi pangertosan ukara, ukara inggih menika peranganing basa ingkang saged madeg piyambak saha gadhah teges sarta titikan arupi laguning pocapan (intonasi).

Babagan titikanipun ukara, Sasangka (2001: 140) ngandharaken bilih titikanipun ukara inggih menika, (1) saged madeg piyambak saha gadhah teges; (2) saboten-botenipun kadadosan saking satunggal klausa, inggih menika

satunggal jejer saha satunggal wasesa; (3) wonten ing basa seratan, ukara dipunwiwiti mawa aksara murda saha dipunpungkasi mawa tandha titik, tandha koma, tandha titik koma, tandha seru, saha tandha pitakenan; sarta (4) wonten laguning pocapan (intonasi) wonten ing pungkasaning ukara.

Dados, ukara inggih menika rerangkening tetembungan ingkang gadhah teges saha dipunginakaken kangge mahyakaken pamanggih utawi wedharing gagasanipun manungsa dhumateng tiyang sanes sarta gadhah titikan antawisipun dipunwiwiti mawa aksara murda saha dipunpungkasi mawa tandha waosan (titik, koma, titik koma, tandha seru, tandha pitakenan) sarta wonten laguning pocapan wonten ing pungkasaning ukara.

**2. Jinising Ukara**

Jinising ukara wonten ing basa Jawi menika maneka warna, adhedhasar cacahipun saha jinising klausa, ukara kaperang dados kalih inggih menika ukara lamba saha ukara camboran (Nurhayati, 2006: 122). Dene pamanggih saking Abdulhayi (1981: 55), ukara adhedhasar cacahipun klausa wonten kalih inggih menika ukara lamba saha ukara camboran. Kalih pamanggih menika dipunsengkuyung dening Wibawa (2004: 13), adhedhasar kathah sekedhiking klausa ingkang dhapuk, ukara kaperang dados kalih jinis inggih menika ukara lamba saha ukara camboran.

Antunsuhono (1956: 7), ngandharaken jinising ukara adhedhasar proses pandhapuking ukara kaperang dados tiga, inggih menika ukara ganep utawi ukara lamba, ukara ora ganep saha ukara camboran. Miturut Setiyanto (2007: 3), jinising ukara dipuntingali saking wujuding ukara dipunbedakaken dados tiga, inggih

menika ukara ganep utawa ukara lamba, ukara ora ganep saha ukara rangkep utawi ukara camboran.

Sedaya pamanggih ing nginggil menika, gadhah sarining pamanggih babagan jinising ukara ingkang sami. Dudutan saking pamanggih wonten ing nginggil, inggih menika ukara camboran kalebet wonten ing jinising ukara adhedhasar cacahing klausa utawi kathah sekedhiking klausa ingkang dados unsur pandhapuking ukara camboran.

## C. Ukara Camboran

### 1. Pangertosan Ukara Camboran

Ramlan (1987: 49) mahyakaken bilih ukara camboran, inggih menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa saha saged ugi langkung saking kalih klausa. Dene Arifin (1987: 130) ngandharaken, ukara camboran inggih menika ukara ingkang kadadosan langkung saking satunggal klausa. Pamanggih-pamanggih menika, dipunsengkuyung pamanggihipun Sasangka (2001: 167-168), ingkang ngandharaken bilih saben ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung saged dipunwastani ukara camboran. Ukara camboran menika, saboten-botenipun kedah gadhah wasesa langkung saking satunggal, saged kalih wasesa utawi tiga wasesa. Pamanggih menika gadhah dudutan ingkang sami, bilih ukara camboran inggih menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung kalih klausa.

Miturut Antunsuhono (1956: 28), ingkang dipunwastani ukara camboran inggih menika ukara lamba ingkang dipunsusun dados satunggal, saengga dados ukara ingkang dawa saha gadhah teges ingkang cunduk sarta runtut. Dene miturut

Dwidjosusana (1979: 132), ukara camboran inggih menika ukara ingkang gadhah kalih wasesa utawi arupi kalih ukara lamba utawi langkung ingkang dipungabungaken dados satunggal ukara. Dudutanipun kalih pamanggih menika, ukara camboran inggih menika ukara ingkang kadadosan saking ukara lamba ingkang dipungabungaken dados satunggal, saengga dados satunggal ukara ingkang runtut.

Ananging, wonten pangertosan ingkang beda ngengingi pangertosanipun ukara camboran. Nurhayati (2006: 123) ngandharaken bilih ukara camboran inggih menika ukara ingkang gadhah klausa bebas langkung saking satunggal utawi satunggal klausa bebas saha satunggal klausa terikat. Dene miturut Sudaryanto (1991: 62) mahyakaken "kalimat dimungkinkan pula terdiri atas lebih dari satu kesatuan bagian inti, baik dengan maupun tanpa bagian bukan inti. Kalimat semacam itu disebut kalimat majemuk". Andharan pamanggih menika, saged dipunpendhet punjering gagasan, bilih ukara camboran menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung ingkang arupi klausa inti utawi klausa bebas menapa dene sanes klausa inti utawi klausa terikat.

Pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet sarining pangertosan ukara camboran. Ukara camboran inggih menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung ingkang dipunwastani klausa inti utawi klausa bebas saha sanes klausa inti utawi klausa terikat sarta gadhah wasesa saboten-botenipun kalih wasesa. Ukara camboran ngginakaken tembung panggandheng, tandha koma, utawi laguning pocapan (intonasi), kangge nggabungaken klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, saengga ukara kasebat gadhah teges.

## 2. Jinising Ukara Camboran

Ukara camboran gadhah maneka warna jinis, miturut Sudaryanto (1991: 62), ukara camboran dipunperang dados kalih jinis, inggih menika ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Dene Wibawa (1998: 63) ugi mahyakaken bilih jinising ukara camboran menika wonten kalih, inggih menika ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Kalih pamanggih menika, dipunsengkuyung kaliyan pamanggihipun Nurhayati (2006: 123) ingkang mrathelakaken ukara camboran menika wonten kalih inggih menika ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Ananging, wonten pamanggih sanes ngengingi jinising ukara camboran menika. Miturut Wedhawati (2010: 526), nyebataken bilih ukara camboran kaperang dados tiga jinis, ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun saha ukara camboran campuran. Pamanggih menika dipunsengkuyung dening pamanggihipun Arifin (1987: 131), ingkang ngandharaken bilih ukara camboran jinisipun wonten tiga inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun saha ukara camboran campuran.

Pamanggih sanes saking sedaya pamanggih ingkang sampun kaandharaken wonten ing nginggil, inggih menika pamanggihipun Antunsuhono. Miturut Antunsuhono (1956:28) bab jinising ukara camboran dipunbedakaken dados tiga, inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran raketan saha ukara camboran sungsun.

Pamanggihipun ngengingi jinising ukara camboran ing nginggil, boten sedayanipun sami antawisipun pamanggih satunggal kaliyan pamanggih

sanesipun. Sinaosa mekaten, ukara camboran ingkang badhe dipuntaliti trep kaliyan pamanggih ingkang sampun kaandharaken, inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun sarta ukara camboran campuran. Ukara camboran ingkang dipuntaliti kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. Ukara Camboran Sajajar (Ukara Camboran Koordinatif)**

Miturut Arifin dkk (1987: 130), ukara camboran sajajar (koordinatif) inggih menika ukara ingkang sedaya klausanipun awujud klausa inti saha gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun sajajar. Dene miturut Wibawa (1998: 63) ukara camboran sajajar gadhah kalih titikan inggih menika klausa-klausa ingkang dipungandheng gadhah kalenggahan ingkang sami, sarta klausa-klausa menika dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng sajajar utawi koordinatif ingkang runtutipun tetep.

Jinising ukara camboran sajajar gadhah titikan, ingkang saged mbedakaken ukara camboran sajajar kaliyan ukara sanesipun. Titikan ukara camboran sajajar kasebat, inggih menika titikan sintaksis saha titikan semantis. Kalih titikan kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Titikan sintaksis ukara camboran sajajar**

Miturut Sudaryanto (1991: 160-162), ukara camboran sajajar saged katitik saking titikan sintaksis. Titikan sintaksis ukara camboran sajajar kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) Klausa-klausa wonten ing ukara camboran sajajar gadhah kalenggahan ingkang sami. Awit saking menika, klausa-klausa kasebat saged madeg piyambak dados ukara lamba. Tuladha saking Sudaryanto (1991: 161)

(1) Dodi kepengin tuku pit **nanging** ora duwe dhuwit.

Ukara camboran sajajar menika gadhah kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Dodi kepengin tuku pit** saha klausa kaping kalih **ora duwe dhuwit**. Kalih klausa menika dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dene tembung **Dodi** wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken. Kalih klausa menika gadhah kalenggahan ingkang sami, amargi kalih klausa menika saged madeg piyambak dados ukara lamba.

(1a) Dodi kepengin tuku pit.
(1b) (Dodi) ora duwe dhuwit.

b) Klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif gadhah urutan tetep. Urutan ingkang tetep kasebat, ndadosaken klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif, boten saged dipunpindhah papanipun wonten sangajengipun klausa ingkang boten ngginakaken tembung panggandheng koordinatif. Bilih klausa kasebat dipunpindhah, ukara camboran sajajar dados boten gramatikal. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 161-162):

(2) Pegaweane Kardi nyapu latar **lan** ngebaki kolah.
(2a) ***Lan** ngebaki kolah gaweane Kardi nyapu latar.

Ukara camboran sajajar (2) menika, ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**. Bilih klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng **lan** menika dipunpindhah dados ukara camboran sajajar (2a), ukara camboran sajajar dados boten gramatikal, amargi tegesipun ukara boten cetha.

c) Tembung panggandheng koordinatif saged katambahan jinis tembung panggandheng sanes. Tembung panggandheng menika, saged nyaosi katrangan ingkang langkung gamblang ngengingi gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng menika. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 162):

(3) Para mudha iku mandheg **lan banjur** njupuk kayu sing lagi dipepe.

Tembung panggandheng **banjur** menika nyaosi katrangan ingkang langkung gamblang wonten ing gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten ing ukara camboran sajajar menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggungan-runtut.

**2) Titikan semantis ukara camboran sajajar**

Ukara camboran sajajar ugi gadhah titikan semantis. Sudaryanto (1991: 162-163) ngandharaken titikan semantis ukara camboran sajajar kados ing ngadhap menika.

a) Tataran pesan ingkang dipunandharaken dening klausa sepisanan boten langkung inggil saking klausa sanesipun. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 162):

(4) Aminah seneng maca crita **nanging** adhine ora seneng babar pisan.

Tembung pangandheng koordinatif **nanging** wonten ing ukara camboran menika, dados tembung panggandheng kalih klausa ingkang ngandharaken

gegayutan teges pradondi-pambanding. Gegayutan teges kasebat, katitik saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif nanging. Gegayutan teges klausa sepisanan saha klausa kaping kalih gadhah kalenggahan ingkang sami.

b) Tembung panggandheng koordinatif dados titikan gegayutan teges antawisipun klausa-klausa ingkang dipungandheng, wonten salebeting ukara camboran sajajar. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 163)

(5) Dewi kepengin dadi wong sugih **lan** duwe kalungguhan.
(6) Dewi kepengin dadi wong sugih **utawa** duwe kalungguhan.

Tembung panggandheng koordinatif **lan** wonten ing ukara sepisanan saha tembung panggandheng koordinatif **utawa** wonten ing ukara kaping kalih, nedahaken bilih panganggenipun beda. Tembung panggandheng koordinatif **lan** wonten ing ukara sepisanan, nedahaken gegayutan teges gunggungan. Dene tembung panggandheng koordinatif **utawa** wonten ing ukara kaping kalih, nedahaken gegayutan teges pamilih.

Dados, titikanipun ukara camboran sajajar wonten kalih, inggih menika titikan sintaksis saha titikan semantis. Titikan sintaksis ukara camboran sajajar kasebat, inggih menika klausa-klausanipun gadhah kalenggahan ingkang sami, gadhah urutan ingkang tetep, sarta tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunginakaken saged katambahan tembung panggandheng sanesipun. Ukara camboran sajajar gadhah titikan semantis, inggih menika tataran pesan ingkang dipunandharakan sajajar saha tembung panggandheng koordinatif dados titikan gegayutan teges.

**b. Ukara Camboran Sungsun (Ukara Camboran Subordinatif)**

Miturut Arifin dkk (1987: 131), ukara camboran sungsun inggih menika ukara ingkang klausanipun awujud kalih klausa, klausa inti utawi induk kalimat saha klausa pang utawi anak kalimat, sarta gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun boten sajajar. Dene miturut Wibawa (1998: 66), ukara camboran sungsun inggih menika kadadosan saking klausa-klausa ingkang gadhah kalenggahan ingkang boten sami; klausa satunggal minangka klausa utama, dene klausa sanesipun minangka klausa pendukung; klausa satunggal minangka klausa inti, dene klausa sanesipun minangka klausa luar inti.

Jinising ukara camboran sungsun, gadhah titikan ingkang saged mbedakaken ukara camboran sungsun kaliyan ukara sanesipun. Titikan ukara camboran sungsun kasebat, inggih menika titikan sintaksis saha titikan semantis. Kalih titikan ukara camboran sungsun kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Titikan sintaksis ukara camboran sungsun**

Miturut Sudaryanto (1991: 170-172), ukara camboran sungsun saged katitik saking titikan sintaksis. Titikan sintaksis ukara camboran sungsun kasebat, kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Klausa-klausa wonten ing ukara camboran sungsun gadhah kalenggahan ingkang beda. Klausa satunggal minangka klausa utama, dene klausa sanesipun minangka klausa pendukung. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 171):

(7) Sumiati ora mlebu sekolah **awit** ibune lara nemen.

Ukara camboran sungsun menika gadhah kalih klausa inggih menika klausa **Sumiati ora mlebu sekolah** saha klausa **awit ibune lara nemen**. Klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih minangka klausa pendukung. Kalih klausa menika dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng **awit**, ingkang nedahaken gegayutan teges sebab. Klausa kaping kalih kalenggahanipun dados katrangan.

b) Klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunwastani klausa subordinatif, papanipun saged dipunpindhah tanpa ngubah maknanipun ukara. Dene Wedhawati (2010: 546-547) ngandharaken bilih klausa subordinatif, wonten ugi ingkang boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa kasebat dipunpindhah, ukaranipun dados boten gramatikal.

Klausa subordinatif ingkang saged dipunpindhah papanipun, ukaranipun taksih gramatikal. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 171).

(8) Sumiati ora mlebu sekolah **awit** ibune lara nemen.
(8a) **Awit** ibune lara nemen, Sumiati ora mlebu sekolah.

Klausa subordinatif ingkang boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa kasebat dipunpindhah, ukaranipun dados boten gramatikal. Tuladhanipun saking Wedhawati (2010: 546)

(9) Sadewa rumangsa bener, **mula** dheweke wani maju.
(9a) ***Mula** dheweke wani maju, Sadewa rumangsa bener.

c) Proses pronominalisasi ukara camboran sungsun sipatipun anaforis. Dene Wedhawati (2010:547), ngandharaken bilih proses pronominalisasi ukara camboran sungsun sipatipun kataforis.

Proses pronominalisasi ingkang sipatipun anaforis, tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 172).

(10) Sanajan **Simin** dipenggak wong tuwane ora kena lunga menyang Jakarta, nanging **dheweke** tetep nekad.

Tembung **dheweke** wonten ing ukara camboran sungsun ing nginggil, kanthi anaforis mengacu dhateng tembung **Simin** wonten ing klausa sepisanan.

Proses pronominalisasi ingkang sipatipun kataforis, tuladhanipun saking Wedhawati (2010: 547).

(11) Angger **dheweke** dipepetake bab katresnan, **Nendar** mesthi nggiwar.

Tembung **dheweke** wonten ing ukara camboran sungsun kasebat, kanthi kataforis mengacu dhateng tembung **Nendar** wonten ing klausa kaping kalih.

**2) Titikan semantis ukara camboran sungsun**

Kajaba titikan sintaksis ingkang sampun kaandharaken wonten ing nginggil menika, ukara camboran sungsun ugi gadhah titikan semantik. Miturut Sudaryanto (1991 : 172) titikan semantis ukara camboran sungsun inggih menika.

a) Klausa subordinatif kalenggahanipun dados informasi sekunder utawi informasi pendukung. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 172).

(12) Awake kekeselen **amarga** kakehan nyambut gawe.

Informasi utama wonten ing ukara camboran sungsun ing nginggil inggih menika **awake kekeselen**, dene informasi **amarga kakehan nyambut gawe**, minangka informasi pendukung.

b) Klausa ingkang kalenggahanipun wonten ing fungsi katrangan, tuladhanipun ingkang ngandharaken wekdal saged dipungantos frasa utawi tembung. Tuladhanipun saking Sudaryanto (1991: 172).

(13) Kowe kudu lunga **sadurunge Bapak kondur**.
(13a) Kowe kudu lunga **jam lima**.
(13b) Kowe kudu lunga **mengko**.

Klausa **sadurunge Bapak kondur** wonten ing ukara camboran sungsun (13) ing nginggil menika, saged dipungantos frasa **jam lima** utawi tembung **mengko** ingkang kalenggahanipun sami-sami ngandharaken katrangan wekdal.

Dados, titikan ukara camboran sungsun wonten kalih, inggih menika titikan sintaksis saha titikan semantis. Titikan sintaksis ukara camboran sungsun, inggih menika klausa-klausa gadhah kalenggahan beda, klausa subordinatif wonten ingkang saged dipunpindhah papanipun, wonten ugi ingkang boten saged dipunpindhah papanipun. Titikan sintaksis ukara camboran sungsun, inggih menika gadhah titikan proses pronominalisasi ingkang sipatipun anaforis saha kataforis. Dene titikan semantis ukara camboran sungsun, inggih menika klausa subordinatif kalenggahanipun dados informasi pendukung saha klausa ingkang kalenggahanipun dados katrangan, saged dipungantos frasa utawi tembung.

### c. Ukara Camboran Campuran

Miturut Wedhawati (2010: 569-575), ukara camboran campuran inggih menika ukara camboran ingkang gadhah titikan koordinatif saha titikan subordinatif. Dene miturut Arifin (1987: 174) ngandharaken bilih ukara camboran campuran gadhah tipe ingkang kathah bilih dipuntingali saking struktur saha

tegesipun klausa. Dipuntingali saking struktur saha tegesipun klausa, ukara camboran campuran saged gadhah struktur saha teges gabungan saking ukara camboran sajajar kaliyan ukara camboran sungsun.

Kalih pamanggih ingkang sampun dipunadharaken menika, saged dipunpendhet dudutanipun. Ukara camboran campuran inggih menika ukara camboran ingkang kadadosan saking gabunganipun ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun, kanthi titikan arupi gabungan saking titikanipun ukara camboran sajajar saha sungsun. Tuladhanipun ukara camboran campuran, saking Wedhawati (2010: 569):

(14) Bocahe gedhe dhuwur **nanging** jirihe ora kepati **yen** ana ing petengan.

Ukara camboran campuran (14) ing nginggil menika kasusun saking tigang klausa, inggih menika (1) klausa utama 1 **Bocahe gedhe dhuwur**, (2) klausa utama 2 **jirihe ora kepati**, sarta (3) klausa subordinatif‘**yen ana ing petengan**. Tembung panggandheng subordinatif **yen** gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **ana ing petengan** kaliyan klausa utama 2 **jirihe ora kepati**, kanthi subordinasi. Gabungan menika ngasilaken gabungan klausa **jirihe ora kepati yen ana ing petengan**. Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi nggabungaken klausa utama 1 **bocahe gedhe dhuwur** kaliyan gabungan klausa **jirihe ora kepati yen ana ing petengan**, kanthi sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (14) ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(14a) Bocahe gedhe dhuwur.
(14b) Jirihe ora kepati yen ana ing petengan.

Klausa subordinatif **yen ana ing petengan** menika, minangka perangan saking klausa utama 2 **jirihe ora kepati**, sanes perangan saking klausa utama 1 **bocahe gedhe dhuwur**. Bilih klausa subordinatif kasebat dados perangan saking klausa utama 1, ukara camboran campuran (14) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(14c) *Bocahe gedhe dhuwur **yen** ana ing petengan **nanging** jirihe ora kepati.

Dados ukara camboran campuran inggih menika jinis ukara camboran ingkang nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Ukara camboran campuran kadadosan kanthi cara sajajar saha sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran kadadosan saking gabungan titikan saha gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, antawisipun ukara camboran sajajar kaliyan ukara camboran sungsun.

## D. Klausa

Klausa minangka perangan wigati ingkang boten saged uwal saking ukara, amargi klausa menika minangka salah satunggaling unsur pandhapuking ukara. Miturut Ramlan (1987: 89) ngandharaken ngengingi pangertosan klausa, kados ing ngandhap menika

> Klausa di sini dijelaskan sebagai satuan gramatikal yang terdiri dari S P baik disertai O, PEL, san KET ataupun tidak. Dengan ringkas, klausa adalah S P (O) (PEL) (KET). Tanda kurung menandakan bahwa apa yang terletak dalam kurung itu bersifat manasuka, artinya boleh ada, boleh juga tidak ada.
> Unsur inti klausa ialah S dan P. Namun demikian, S sering dihilangkan, misalnya dalam kalimat luas sebagai akibat dari penggabungan klausa dan dalam kalimat jawaban.

Sarining pamanggih wonten ing nginggil, bilih klausa menika saged ditemtokaken saking unsur wasesanipun. Bab menika, trep kaliyan pamanggihipun Dik (1981, lumantar Sumadi, 1999: 10) bilih klausa minangka perangan sintaksis ingkang gadhah sipat predikatif, inggih menika perangan sintaksis ingkang gadhah wasesa wonten salebetipun.

Dene Wibawa (2004: 10), ngandharaken titikanipun klausa inggih menika (1) wonten ing basa lisan saboten-botenipun wonten wasesanipun; (2) wonten ing basa seratan saboten-botenipun kadadosan saking jejer saha wasesa; sarta (3) saged madeg dados ukara.

Dados, pangertosan klausa inggih menika rerangkening tetembungan ingkang kadadosan saking perangan gramatikal arupi jejer, wasesa, lesan, katrangan, saha geganep. Ananging, perangan gramatikal arupi wasesa minangka perangan wajib wonten salebeting klausa, dene perangan sanesipun sipatipun boten kedah wonten salebeting klausa. Satunggal klausa menika kedah gadhah satunggal wasesa. Awit saking menika, ingkang dados titikanipun saking klausa inggih menika perangan wajib arupi wasesa.

\`

## E. Gegayutan Teges antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun

Jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, saged katitik saking teges klausa-klausa wonten salebeting ukara camboran saha tembung panggandheng ingkang dipunginakaken. Ananging, mligi kangge gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran campuran, gadhah gegayutan teges minangka

gabungan saking ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun, kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1. Gegayutan Teges antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun Ukara Camboran Sajajar**

Miturut Wedhawati (2010: 530-541), gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran sajajar kaperang dados enem. Gegayutan teges kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. Gegayutan Teges Runtut**

Gegayutan teges runtut inggih menika gegayutan teges ingkang klausa kaping kalih ngandharaken tumindak utawi pakaryan, ingkang katindakaken kanthi urut sasampunipun klausa sepisanan. Gegayutan teges runtut kasebat, kaperang dados kalih kados ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges runtut wetah**

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges runtut wetah kasebat, arupi tembung panggandheng banjur, tumuli, nuli, terus, langsung. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 530).

(15) Sadewa mandheg **banjur** nyetandharake sepedhane.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, inggih menika gegayutan teges runtut

wetah. Tembung panggandheng koordinatif **banjur**, dados titikan gegayutan teges runtut wetah, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**2) Gegayutan teges runtut-nglangkungaken**

Gegayutan teges runtut-nglangkungaken, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa kaping kalih ngandharaken pakaryan minangka runtut ingkang sipatipun nglangkungaken saking pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikanipun, inggih menika tembung panggandheng banjur malah, terus malah. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 531).

(16) Jathilane ora mung mangan kembang, **banjur malah** mangan beling lan menyan.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun inggih menika gegayutan teges runtut-nglangkungaken. Tembung panggandheng koordinatif **banjur malah**, dados titikan gegayutan teges runtut-nglangkungaken, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**b. Gegayutan Teges Nglangkungaken**

Gegayutan teges nglangkungaken, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih gadhah sipat nglangkungaken tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan. Gegayutan teges nglangkungaken kasebat, kaperang dados kalih kados ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges nglangkungaken wetah**

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges nglangkungaken wetah kasebat, arupi tembung panggandheng malah, tur, tur maneh, apamaneh. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 531).

(17) Saiki Borobudur katon becik **tur maneh** tambah rame.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun inggih menika gegayutan teges nglangkungaken wetah. Tembung panggandheng koordinatif **tur maneh**, dados titikan gegayutan teges nglangkungaken wetah, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**2) Gegayutan teges nglangkungaken-runtut**

Gegayutan teges nglangkungaken-runtut, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih sipatipun nglangkungaken saha kadadosan kanthi runtut saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges nglangkungaken-runtut, arupi tembung panggandheng malah banjur, malah terus, apamaneh banjur, apamaneh terus. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 532).

(18) Winarsih ora gelem ngalah **malah terus** njambak rambute Sulastri.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun inggih menika gegayutan teges

nglangkungaken-runtut. Tembung panggandheng koordinatif **malah banjur**, dados titikan gegayutan teges nglangkungaken-runtut, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

### c. Gegayutan Teges Gunggung

Gegayutan teges gunggung inggih menika gegayutan teges ingkang nggunggungaken tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan saha klausa kaping kalih. Gegayutan teges gunggung kaperang dados pitu, ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### 1) Gegayutan teges gunggung wetah

Gegayutan teges gunggung wetah inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan dipungunggungaken kaliyan tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung wetah, inggih menika tembung panggandheng lan, sarta, uga, dene, apadene. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 533).

(19) Widuri ngelekake mripat **sarta** ngobahake lambe.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun inggih menika gegayutan teges gunggung wetah. Tembung panggandheng koordinatif **sarta**, dados titikan gegayutan teges gunggung wetah, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**2) Gegayutan teges gunggung-runtut**

Gegayutan teges gunggung-runtut, kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih dipungunggung kaliyan tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan ingkang kadadosan kanthi runtut. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut, arupi tembung panggandheng lan banjur, lan sabanjure, lan terus, lan sateruse. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 534).

(20) Kanthi kwanen, Ambararum maju **lan banjur** ngadepi Pragula.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges inggih menika gegayutan teges gunggung-runtut. Tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**3) Gegayutan teges gunggung-nglangkungaken**

Gegayutan teges gunggung-nglangkungaken, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih minangka gunggunganipun ingkang sipatipun nglangkungaken saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-nglangkungaken, arupi tembung panggandheng lan malah. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 534).

(21) Jaka Mada bisa ngendhani antemane Surajaya **lan malah** bisa ngasorake Surajaya.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges inggih menika gegayutan teges gunggung-nglangkungaken. Tembung panggandheng koordinatif **lan malah**, dados titikan gegayutan teges gunggung-nglangkungaken, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

4) **Gegayutan teges gunggung-pungkasan**

Gegayutan teges gunggung-pungkasan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa kaping kalih ngandharaken gunggungipun saha pungkasanipun tumindak utawi pakaryan saking klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-pungkasan, arupi tembung panggandheng lan wusanane, lan akire, lan tundhone, lan wekasane. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 54).

(22) Lintang ngruket Gina kanthi kenceng **lan wusanane** Lintang ngakoni kaluputane.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges inggih menika gegayutan teges gunggung-pungkasan. Tembung panggandheng koordinatif **lan wusanane**, dados titikan gegayutan teges gunggung-pungkasan, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

5) **Gegayutan teges gunggung-akibat**

Gegayutan teges gunggung-akibat inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih ngandharaken gunggungipun saha akibatipun saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-akibat, arupi tembung panggandheng lan

tundhone, lan wekasane, lan wusanane, lan akibate. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 535).

(23) Tetandurane Pak Rejo kaserang ama **lan akibate** padha mati.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges inggih menika gegayutan teges gunggung-akibat. Tembung panggandheng koordinatif **lan akibate**, dados titikan gegayutan teges gunggung-akibat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**6) Gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken**

Gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih ngandharaken gunggungipun, runtut, ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak utawi pakaryan saking klausa sepisanan kanthi sesarengan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken, arupi tembung panggandheng lan banjur malah, lan terus malah. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 535).

(24) Sulastri kebacut sedheng karo ndhuwurane **lan terus malah** lelorone kuwi diwetokake saka kantore.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges inggih menika gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken. Tembung panggandheng koordinatif **lan terus malah**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**7) Gegayutan teges gunggung-nglangkungaken-runtut**

Gegayutan teges gunggung-nglangkungaken-runtut, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih minangka gunggungan, ingkang sipatipun nglangkungaken saking pakaryan wonten ing klausa sepisanan, sarta katindakaken kanthi urut. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung-nglangkungaken-runtut, arupi tembung panggandheng lan malah banjur, lan malah terus. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 535).

(25) Lindri mara menyang omahe Tarman **lan malah terus** bablas menyang pawon.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges gunggung-nglangkungaken-runtut. Tembung panggandheng koordinatif **lan malah terus**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut-nglangkungaken kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**d. Gegayutan Teges Pradondi**

Gegayutan teges pradondi inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa sepisanan ngandharaken pakaryan ingkang beda kaliyan pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa kaping kalih. Gegayutan teges pradondi kasebat kaperang dados pitu, kados ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges pradondi-implikatif**

Gegayutan teges pradondi-implikatif inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping

kalih minangka implikasi saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi-implikatif, arupi tembung panggandheng nanging, ning, nyatane. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 536).

(26) Wite tela pohung tandurane Sadewa gedhe-gedhe **nanging** telane mung sakdriji-driji.

Ukara camboran sajajar kasebat, gadhah gegayutan teges pradondi-implikatif. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi-implikatif kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**2) Gegayutan teges pradondi-kirang**

Gegayutan teges pradondi-kirang inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa kaping kalih ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang kirang saking tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi-kirang, arupi tembung panggandheng nanging, mung, ewasemono, dene. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 537).

(27) Lintang sida dadi juragan woh-wohan, **ewasemono** kepeksa nglereni usahane kuwi.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi-kirang. Tembung panggandheng koordinatif

**ewasemono**, dados titikan gegayutan teges pradondi-kirang kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**3) Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken**

Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih ngandharaken pradondi ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, arupi tembung panggandheng nanging, ning. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 538).

(28) Blegere bocah kuwi kunthing **nanging** rosa banget.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi-nglangkungaken. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi-nglangkungaken kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**4) Gegayutan teges pradondi-gunggungan**

Gegayutan teges pradondi-gunggungan, inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih ngandharaken pradondi menapa dene gunggungipun saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pradondi-gunggungan menika, arupi tembung panggandheng nanging, ning, nanging uga. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 538).

(29) Ambar uwis trampil njait kebaya **nanging** dheweke kepengin bisa njait sandhangan wong lanang.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi-gunggungan. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi-gunggungan kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**5) Gegayutan teges pradondi-pambeda**

Gegayutan teges pradondi-pambeda inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi, klausa kaping kalih ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang beda saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pradondi-pambeda, arupi tembung panggandheng nanging, ning, dene. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 538).

(30) Ambarsari nresnani Pragulo, **ning** Pragulo nginggati Ambarsari kanthi meneng-menengan.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi-pambeda. Tembung panggandheng koordinatif **ning** dados titikan gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**6) Gegayutan teges  pradondi wetah**

Bilih tumindak wonten ing klausa kaping kalih minangka satunggaling alternatif saking tumindak utawi pakaryan klausa sepisanan, dipunwastani gegayutan teges pradondi wetah. Tembung panggandheng koordinatif ingkang

dados titikan pradondi wetah, arupi tembung panggandheng nanging, jebul. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 539).

(31) Kaimun dikabarake uwis mati, **jebul** merdhayoh menyang nggonku.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi wetah. Tembung panggandheng koordinatif **jebul** dados titikan gegayutan teges pradondi wetah kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**7) Gegayutan teges pradondi-tetandhingan**

Gegayutan teges pradondi-tetandhingan, kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa kaping kalih tetandhingan tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pradondi-tetandhingan, arupi tembung panggandheng nanging, dene, suwalike. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 539).

(32) Pak Endra grapyak banget, **suwalike** Bu Endra amem banget.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pradondi-tetandhingan. Tembung panggandheng koordinatif **suwalike** dados titikan gegayutan teges pradondi-tetandhingan kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**e. Gegayutan Teges Pamilih**

Gegayutan teges pamilih inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa-klausanipun, ngandharaken pamilihipun antawisipun

kalih tumindak utawi pakaryan, saged ugi langkung saking kalih tumindak utawi pakaryan, wonten ing klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih. Gegayutan teges pamilih kaperang dados tiga, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges pamilih wetah**

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pamilih wetah, arupi tembung panggandheng utawa, apa. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 540).

(33) Daha bakal mandhireng yuda **apa** arep nyraya prajurit Jenggala.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pamilih wetah. Tembung panggandheng koordinatif **apa** dados titikan gegayutan teges pamilih wetah kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**2) Gegayutan teges pamilih-kosok wangsul**

Gegayutan teges pamilih-kosok wangsul, kadadosan amargi klausa kaping kalih ngandharaken pamilihipun antawisipun kalih tumindak utawi pakaryan, saged ugi langkung saking kalih tumindak utawi pakaryan, menapa dene kosok wangsul saking tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pamilih-kosok wangsul, arupi tembung panggandheng utawa malah, apa maneh. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 540).

(34) Pak Marta kudune nunggoni panggarape **utawa malah** ora ngetok babar pisan.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pamilih-kosok wangsul. Tembung panggandheng koordinatif **utawa malah** dados titikan gegayutan teges pamilih-kosok wangsul kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**3) Gegayutan teges pamilih-nglangkungaken**

Gegayutan teges pamilih-nglangkungaken, kadadosan amargi klausa kaping kalih ngandharaken pamilihipun antawis kalih tumindak utawi pakaryan, saged ugi langkung saking kalih tumindak utawi pakaryan, ingkang sipatipun nglangkungaken saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan pamilih-nglangkungaken, arupi tembung panggandheng utawa malah. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 540).

(35) Lintang bisa nyilihi dhuwit **utawa malah** menehi dhuwit.

Ukara camboran sajajar kasebat gadhah gegayutan teges, inggih menika gegayutan teges pamilih-nglangkungaken. Tembung panggandheng koordinatif **utawa malah** dados titikan gegayutan teges pamilih-nglangkungaken kasebat, kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih.

**f. Gegayutan Teges Kombinasi.**

Gegayutan teges kombinasi inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa-klausanipun minangka kombinasi saking kalih jinis

gegayutan teges utawi langkung wonten ing ukara camboran sajajar. Limrahipun, gegayutan teges kombinasi saboten-botenipun kadadosan saking tigang klausa. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 541).

(36) Wong loro iku mesem, **nuli** manthuk, **lan** jumangkah mlebu ngomah.

Ukara camboran sajajar wonten ing nginggil menika, gegayutan teges kombinasi antawisipun gegayutan teges runtut wetah kaliyan gunggung wetah. Tembung panggandheng koordinatif **nuli** saha **lan**, dados titikan gegayutan teges kombinasi kasebat.

## 2. Gegayutan Teges antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun Ukara Camboran Sungsun

Miturut Wedhawati (2010: 548-568), gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran sungsun, kaperang dados 13 jinis gegayutan teges. Gegayutan teges ukara camboran sungsun kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

### a. Gegayutan Akibat

Gegayutan teges akibat inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif ngandharaken akibat saking menapa ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng akibate, mula, saengga, nganti. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 549).

(37) Udane deres banget **saengga** tandurane padha rusak.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges akibat. Gegayutan teges akibat dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **saengga**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

**b. Gegayutan Cara**

Gegayutan teges cara inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken cara kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng sambi, sinambi, kambi, karo, karana, kanthi, krana. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 549).

(38) **Sambi** ngiderake dagangane, Pak Ali golek sisik melik.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara. Gegayutan teges cara dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **sambi**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

**c. Gegayutan Pangajap**

Gegayutan teges pangajap inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa subordinatif, ngandharaken pangajap saking tumindak utawi pakaryan ingkang kadadosan

wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng muga-muga. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 550).

(39) Aku tansah ndedonga **muga-muga** Pangeran ngijabahi kekarepanmu sakloron.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pangajap. Gegayutan teges pangajap saged dipuntingali saking panganggenipun tembung panggandheng **muga-muga.** Tembung panggandheng muga-muga dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges pangajap menika.

**d. Gegayutan Isi**

Gegayutan teges isi inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken isi saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng yen, menawa, kepriye, yagene (geneya, kena apa, ngapa). Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 550).

(40) Maryamah ngramal **menawa** Wilis gelem dinikahake.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges isi. Gegayutan teges isi kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun

tembung panggandheng **menawa**. Tembung panggandheng menawa dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

**e. Gegayutan Upama**

Gegayutan teges upama inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang kadadosanipun minangka wujud upama saking tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng mungguh (mungguhna, mungguha, samungguhna), saumpama (saupama, sakumpama, upama, umpama). Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 551).

(41) **Saupama** bapakne ora setuju, Pranandari mangkat dhewe.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges upama. Gegayutan teges upama saged dipuntingali saking panganggenipun tembung panggandheng **saupama**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

**f. Gegayutan Tetandhingan**

Gegayutan teges tetandhingan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan dados tetandhingan kaliyan tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng katimbang/ketimbang, timbang/tinimbang. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 552).

(42) Kowe luwih becik nulungi Surti **katimbang** nulungi Giman.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tetandhingan. Gegayutan teges tetandhingan menika, saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **katimbang**. Tembung panggandheng katimbang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges tetandhingan kasebat.

**g. Gegayutan Pembandingan**

Gegayutan teges pembandingan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, nedahaken wontenipun bab ingkang sami utawi memper kaliyan tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng kaya, kayane, kaya-kaya, kayadene, prasasat, sasat. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 552).

(43) Cahayane sumunar **kayadene** srengenge njedhul ing wayah esuk.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pembandingan. Gegayutan teges pembandingan kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **kayadene**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

**h. Gegayutan Kajaba**

Gegayutan teges kajaba inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken kajaba tumrap sawijining

bab utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng kajaba/kejaba/gejaba, kejabane, saliyane. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 553).

(44) Wetenge ora kelebon apa-apa **kejaba** kelebon teh pait.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kajaba. Gegayutan teges kajaba kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng kejaba, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

**i. Gegayutan Kosok Wangsul**

Gegayutan teges kosok wangsul inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang dados kosok wangsul saking tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng ambak (ambakna), arepa, bena, mbok, senajan (sanajan, sanadyan, senadyan, najan, nadyan), senadyanta (sanadyanta, senadyanta, najanta), raketang. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 554).

(45) Budhene uwis lega, **raketang** Sumarjo nginepe mung sewengi.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kosok wangsul. Gegayutan teges kosok wangsul kasebat saged dipunmangertosi

saking panganggenipun tembung panggandheng **raketang**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

### j. Gegayutan Sebab

Gegayutan teges sebab inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak utawi pakaryam ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng amarga/marga, sebab, mergane, soale, rehne, gara-gara, dupeh, awit, dene, jalaran. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 554).

(46) Anake Kamisa nesu, **amarga** krungu guneme Prapta.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sebab. Gegayutan teges sebab kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **amarga**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges kasebat.

### k. Gegayutan Sarat

Gegayutan teges sarat inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang dados sarat kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng angger/anggere, waton/watone, janji, yen,

nek, menawa, lamun, pokoke, uger/sauger, mbokmenawa. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 556).

(47) Aku mung manut wae **anggere** dheweke gelem.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sarat. Gegayutan teges sarat kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **anggere**. Tembung panggandheng anggere kasebat dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges sarat menika.

**l. Gegayutan Tujuan**

Gegayutan teges tujuan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tujuan tumindak saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng supaya, supayane, murih, amrih, ben, bene, kareben/karebene, dhimen. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 556).

(48) Mbok Siti matun **kareben** parine thukul lemu-lemu.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tujuan. Gegayutan teges tujuan kasebat saged dipuntingali saking panganggenipun tembung panggandheng **kareben**. Tembung panggandheng kareben kasebat, dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

**m. Gegayutan Wekdal**

Gegayutan teges wekdal wonten salebeting ukara camboran sungsun, kaperang dados gangsal kados ing ngandhap menika.

**1) Wekdal wiwitan**

Gegayutan teges wekdal wiwitan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa subordinatif, ngandharaken wekdal wiwitan kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng kawit, wiwit, saploke. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 557).

(49) Darsi ora tau lelaranen, **kawit** melu budhene.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal wiwitan. Gegayutan teges wekdal wiwitan kasebat saged dipuntingali saking panganggenipun tembung panggandheng **kawit**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges wekdal wiwitan menika.

**2) Wekdal runtut**

Gegayutan teges wekdal runtut inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken tumindak utawi pakaryan ingkang kadadosan wonten ing klausa subordinatif, kadadosan sadarengipun tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif,

inggih menika tembung panggandheng bakda, bubar (lebar, bar, sabubare, sakbare), sawise (sawuse, sawise), bareng, mbasan. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 558).

(50) **Bakda** mbak Munthil kandha mengkono, kahanan bali nyenyet maneh.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal runtut. Gegayutan teges wekdal runtut kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **bakda**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges wekdal runtut.

**3) Wekdal sesarengan**

Gegayutan teges wekdal sesarengan kadadosan amargi klausa subordinatif ngandharaken bilih kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa subordinatif saha klausa utama kadadosan sesarengan. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng nalika (nalikane), rikala (rikalane), sajroning (jrone), dhek, saben (saben-saben), wektu, selawase, selagine, samangsa, angger (angger-angger), sasuwene, sauntara. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 558).

(51) Sadewa rada kaget **nalika** dheweke mlebu ruang kepala sekolah.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat saged dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **nalika**, ingkng dipunserat wonten ing klausa subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges.

**4) Wekdal wates pungkasan**

Gegayutan teges wekdal wates pungkasan inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi klausa subordinatif, ngandharaken wekdal wates pungkasan kadadosanipun tumindak utawi pakaryan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng nganti, tekan. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 559).

(52) Dheweke ora ngerti wong tuwane sing sajatine **tekan** dheweke gedhe saiki.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal wates pungkasan. Gegayutan teges wekdal wates pungkasan kasebat saged dipuntingali saking panganggenipun tembung panggandheng **tekan**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif saha dados titikan gegayutan teges.

**5) Wekdal salajengipun**

Gegayutan teges wekdal salajengipun inggih menika gegayutan teges ingkang kadadosan amargi tumindak wonten ing klausa subordinatif kadadosan sasampunipun tumindak wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng ingkang dados titikan wonten ing klausa subordinatif, inggih menika tembung panggandheng sadurunge. Tuladha ukaranipun saking Wedhawati (2010: 560).

(53) **Sadurunge** aku lunga, aku arep guneman karo kowe.

Ukara camboran sungsun wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal salajengipun. Gegayutan teges wekdal salajengipun kasebat saged

dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng **sadurunge**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif sahadados titikan gegayutan teges wekdal salajengipun menika.

Wonten ing ukara camboran sungsun ingkang gadhah kalih klausa subordinatif, saged kadadosan gegayutan teges ingkang maneka warna. Pamanggihipun Wedhawati (2010: 560-563), bilih ukara camboran sungsun ingkang gadhah kalih klausa subordinatif, ugi gadhah kalih jinis gegayutan teges. Gegayutan teges kasebat dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. Sarat-Sebab**

Gegayutan teges sarat saha sebab kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken sebab kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama. Tuladhanipun ukara camboran sungsun (Wedhawati, 2010: 560):

(54) **Yen** mlebu kutha Yogya, aku iki bingung **awit** ora bisa mbedakake endi kutha lan endi desane.

Klausa subordinatif 1 **yen mlebu kutha Yogya**, ngandharaken gegayutan teges sarat kanthi titikan tembung panggandheng **yen**; dene klausa subordinatif 2 **awit ora bisa mbedakake endi kutha lan endi desane**, ngandharaken gegayutan teges sebab kanthi titikan tembung panggandheng **awit**.

**b. Sarat-Isi**

Gegayutan teges sarat saha isi kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken sarat kadadosanipun

tumindak wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken isi saking tumindak utawi kahanan wonten ing klausa utama. Tuladha ukara camboran sungsun (Wedhawati, 2010: 562):

(55) **Yen** dititik tindak tanduke, kuwi cetha **yen** wong sing teka kuwi wong akeh.

Klausa subordinatif 1 **yen dititik tindak tanduke**, ngandharaken gegayutan teges sarat kanthi titikan tembung panggandheng **yen**; dene klausa subordinatif 2 **yen wong sing teka kuwi wong akeh**, ngandharaken gegayutan teges isi kanthi titikan tembung panggandheng **yen**.

**c. Sarat-Tujuan**

Gegayutan teges sarat saha sebab kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken sarat kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken tujuan kadadosanipun tumindak utawi pakaryan wonten ing klausa utama. Tuladha ukara camboran sungsun wonten ing ngandhap menika (Wedhawati, 2010: 562):

(56) **Yen** dhirine cendhek, bocah kuwi kudu dirangsang **supaya** dheweke ora mindher.

Klausa subordinatif 1 **yen dhirine cendhek**, ngandharaken gegayutan teges sarat kanthi titikan tembung panggandheng **yen**; dene klausa subordinatif 2 **supaya dheweke ora mindher**, ngandharaken gegayutan teges tujuan kanthi titikan tembung panggandheng **supaya**.

**d. Sarat-Kosok wangsul**

Gegayutan teges sarat saha kosok wangsul kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken kosok wangsul saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tuladhanipun ukara camboran sungsun (Wedhawati, 2010: 562):

(57) **Yen** bocah kuwi uwis nangis, angel menenge **najan** diwenehi dhuwit.

Klausa subordinatif 1 **yen bocah kuwi uwis nangis**, ngandharaken gegayutan teges sarat kanthi titikan tembung panggandheng **yen**; dene klausa subordinatif 2 **najan diwenehi dhuwit**, ngandharaken gegayutan teges tujuan kanthi titikan tembung panggandheng **supaya**.

**e. Wekdal-Tujuan**

Gegayutan teges wekdal saha tujuan kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken wekdal kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama. Tuladhanipun ukara camboran sungsun (Wedhawati, 2010: 562):

(58) **Nalika** Prabu Duryudana nglamar aku, Arjuna njurungake aku **murih** (aku) nampa panglamare.

Klausa subordinatif 1 **nalika Prabu Duryudana nglamar aku**, ngandharaken gegayutan teges wekdal kanthi titikan tembung panggandheng **nalika**; wondene klausa subordinatif 2 **murih (aku) nampa panglamare**, ngandharaken gegayutan teges tujuan kanthi titikan tembung panggandheng **murih**.

**f. Wekdal-Sebab**

Gegayutan teges wekdal saha sebab kadadosan wonten ing ukara camboran, bilih salah satunggal klausa subordinatif ngandharaken wekdal kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama, saha klausa subordinatif sanesipun ngandharaken sebab kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama. Tuladhanipun ukara camboran sungsun (Wedhawati, 2010: 563):

(59) **Sawuse** Prabu Gupala tiwas, Bandung Bondawasa kasmaran marang Rara Jonggrang **jalaran** putri iku sulistya banget.

Klausa subordinatif 1 **sawuse Prabu Gupala tiwas**, ngandharaken gegayutan teges wekdal kanthi titikan tembung panggandheng **sawuse**; dene klausa subordinatif 2 **jalaran putri iku sulistya banget**, ngandharaken gegayutan teges sebab kanthi titikan tembung panggandheng **jalaran**.

## F. Titikan Gegayutan Teges antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun

Klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ingkang dipungandheng wonten salebeting ukara camboran, gadhah gegayutan ingkang ngemu teges. Gegayutan menika dipunwastani gegayutan teges antawisipun klausa satunggal

kaliyan klausa sanesipun. Gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun gadhah kalih titikan, inggih menika gegayutan teges kanthi titikan cetha (eksplisit) saha gegayutan teges kanthi titikan sinamun (implisit).

Gegayutan teges kanthi titikan cetha inggih menika gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, ingkang gadhah titikan arupi tembung panggandheng ingkang dipunserat utawi dipunandharaken kanthi nyata. Bab menika trep kaliyan pamanggihipun Fokker (1978: 100, dipunterjemahaken dening Djonhar), ukara ingkang dipungandheng ngginakaken piranti-piranti lair arupi tembung panggandheng dipunwastani relasi eksplisit. Dene miturut Mulyana (2005: 30), ngandharaken bilih gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kanthi semantis, saged kadadosan lumantar piranti pambiyantu kohesi kadosta tembung panggandheng, gegayutan teges menika dipunwastani gegayutan teges cetha (eksplisit).

Dudutan saking pamanggih ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, bilih titikan cetha inggih menika titikan ingkang dipuntingali saking tembung panggandhengipun. Tembung panggandheng kasebat dipunginakaken, kangge nggandheng ukara satunggal kaliyan ukara sanesipun, utawi klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Awit saking menika, gegayutan teges wonten salebeting ukara camboran, kejawi dipunmangertos saking teges klausa-klausa, ugi dipunmangertos saking tembung panggandheng ingkang dipunginakaken wonten ing ukara camboran kasebat.

Gegayutan teges kanthi titikan sinamun menika titikan gegayutan teges tanpa ngginakaken tembung panggandheng. Gegayutan teges kanthi sinamun

menika, tembung panggandhengipun dipunsingidaken, dene ingkang dados titikanipun inggih menika tandha koma saha laguning pocapan (intonasi). Pamanggih ingkang dados dhasar bab menika, pamanggihipun Alieva (1991: 439) bilih klausa-klausa wonten ing ukara camboran, ingkang boten dipungabung ngginakaken alat-alat material ingkang mligi kadosta tembung panggandheng, nanging dipungandheng ngginakaken laguning pocapan kemawon.

Miturut Mulyana (2005: 31), ngandharaken bilih gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kanthi semantis, tanpa ngginakaken piranti pambiyantu kohesi kadosta tembung panggandheng, dipunwastani gegayutan teges sinamun. Salanjengipun Mulyana ngandharaken, bilih gegayutan teges ingkang dipunandharaken kanthi sinamun menika, saged dipunmangertos gegayutan teges antawis klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, adhedhasar katrampilan pamaos kangge nggayutaken teges saha ngandharaken teges wonten salebeting klausa-klausa menika.

Sarining pangertosan saking pamanggih ing nginggil, titikan sinamun inggih menika titikan ingkang dipunmangertos saking tegesipun klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tandha koma utawi laguning pocapan, tanpa ngginakaken tembung panggandheng. Tembung panggandheng wonten ing titikan sinamun kasebat, dipunsingidaken wonten salebeting salah satunggal klausa wonten ing ukara camboran.

## G. Kalawarti Panjebar Semangat

Kalawarti Panjebar Semangat kawetokaken wonten ing wewengkon Surabaya, Jawi Wetan. Kalawarti menika kababar sepisanan dening swargi

Dr.Soetomo inggih menika ingkang madegaken organisasi Boedi Oetomo. Kalawarti Panjebar Semangat dipunwedalaken saben seminggu sepisan inggih menika saben dinten Setu. Sedaya rubrik, warta, saha informasi-informasi wonten ing kalawarti Panjebar Semangat sinerat ngginakaken basa Jawi.

## H. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten 'Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012', jumbuh kaliyan panaliten ingkang sampun katindakaken dening Anggi Sekar Rosalina, mahasiswi Prodi Pendidikan Bahasa Jawa wonten ing taun 2012. Panaliten kanthi irah-irahan "Kalimat Interogatif pada novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Karya Suparto Brata", gadhah tigang wosing perkawis inggih menika jinising ukara interogatif, titikanipun keinterogatifan saha fungsi ukara interogatif.

Panaliten menika jumbuh amargi sami-sami naliti bab salah satunggaling jinising ukara wonten ing karya sastra. Jinising panaliten saha cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken ugi sami, inggih menika jinis panaliten deskriptif, dene cara ngempalaken data ngginakaken cara maos saha nyathet. Ananging, bedanipun kalih panaliten menika wonten ing subjek panalitenipun saha cara ngalisis data, panalitenipun Anggi Sekar Rosalina naliti ukara interogatif, dene panaliten menika naliti ukara camboran. Cara nganalisis data Anggi Sekar Rosalina ngginakaken validitas konstruk saha reliabilitas, dene panaliten menika ngginakaken cara validitas expert judgement saha reliabilitas intrarater arupi kajian berulang utawi cek ricek.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun, inggih menika panalitenipun Ria Fitriana, mahasiswi Prodi Pendidikan Bahasa Jawa wonten ing taun 2012. Panalitenipun kanthi irah-irahan "Kalimat Aktif dalam Cerkak Ana Sewu Lintang ing Kene Majalah Jaya Baya Edisi 21 Tahun 2012". Wosing perkawis wonten ing panalitenipun Ria Fitriana inggih menika jinising ukara tanduk, pola ukara, kategori, saha peran ukara tanduk.

Panaliten menika jumbuh, amargi sami-sami naliti bab salah satunggal jinising ukara wonten ing cerkak wonten salebeting kalawarti. Bab ingkang sami sanesipun inggih menika pirantining panaliten saha cara nganalisis data. Pirantining panaliten sami-sami ngginakaken kartu data kangge ngempalaken data, dene cara ngalisis data inggih menika kanthi cara analisis deskriptif. Ananging wonten bedanipun, panaliten menika naliti bab ukara camboran, ananging panalitenipun Ria Fitriana naliti bab ukara tanduk.

## I. Nalaring Panaliten

Adhedhasar gegaran teori ing nginggil, sintaksis minangka salah satunggaling ngelmu basa ingkang nyinau babagan frasa, klausa saha ukara. Ukara inggih menika rerangkening tetembungan ingkang gadhah teges saha dipunginakaken kangge mahyakaken pamanggih utawi wedharing gagasanipun manungsa dhumateng tiyang sanes sarta gadhah titikan kadosta laguning pocapan wonten ing pungkasaning ukara.

Salah satunggal jinis ukara miturut kathah sekedhiking klausa inggih menika ukara camboran. Ukara camboran minangka perangan saking sintaksis inggih menika ukara ingkang kadadosan saking kalih klausa utawi langkung.

Adhedhasar gegaran teori ingkang kaandharaken ing nginggil, ukara camboran ugi kedah gadhah wasesa saboten-botenipun kalih wasesa wonten ing satunggal ukara. Ukara camboran gadhah tigang jinis inggih menika, ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun, saha ukara camboran campuran.

Panaliten menika kanthi irah-irahan ‘Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012’. Perkawis-perkawis panaliten ingkang badhe dipuntaliti saha dipunandharaken inggih menika, jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat. Sasampunipun nemtokaken perkawis-perkawis wonten ing panaliten menika, salajengipun nemtokaken cara ngempalaken data.

Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika, ngginakaken cara maos saha nyathet. Cara menika gadhah tujuan kangge ngandharaken data asiling panaliten saking wosing perkawis inggih menika, jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Data saking asiling panaliten lajeng dipunanalisi ngginakaken cara analisis data arupi cara deskriptif. Dene cara ngesahaken data ngginakaken validitas arupi expert jugdement utawi pertimbangan ahli, saha reliabilitas intrarater arupi cek ricek utawi kajian berulang.

# BAB III
# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken jinis panaliten deskriptif. Panaliten deskriptif dipunginakaken kangge nggambaraken, ngandharaken, sarta mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi kanthi objektif. Data ingkang dipuntaliti inggih menika rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012. Awit saking menika, panaliten menika gadhah ancas kangge nggambaraken utawi ngandharaken asiling panaliten ingkang arupi data-data seratan tanpa ngewah-ewahi data menika.

## B. Data saha Sumbering Data

Data wonten ing panaliten inggih menika ukara camboran ingkang arupi jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran. Dene sumbering panaliten inggih menika salah satunggaling rubrik wonten ing kalawarti Panjebar Semangat ingkang dipuwedalaken saben dinten Setu seminggu sepisan, inggih menika rubrik cerkak. Rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat ingkang dipunginakaken inggih menika cerkak wedalan wulan Juli 2012 dumugi wulan September 2012, ingkang cacahipun 13 cerkak

## C. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken teknik maos saha teknik nyathet. Teknik maos saha teknik nyathet dipuntindakaken

kanthi cara: (1) maos ukara-ukara wonten ing sumber data ingkang sampun dipuntemtokaken, inggih menika wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat; (2) nyukani tandha wonten ing ukara-ukara ingkang kalebet jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran; (3) nyatet ukara-ukara ingkang sampun dipunsukani tandha kasebat wonten ing kartu data kanthi jangkep trep kaliyan data ingkang dipunbetahaken.

## D. Pirantining Panaliten

Panaliten menika ngginakaken pirantining panaliten arupi tabel analisis data, ingkang kabiyantu kartu data. Tabel analisis data saha kartu data dipunginakaken kangge ngempalaken data panaliten saha nganalisis data panaliten ingkang sampun dipunpanggihaken. Tuladhanipun kartu data ingkang dipunginakaken kangge piranti nyathet data.

| |
|---|
| No. 1 |
| PS No.27/7-07-2012 |
| BKP.23 |
| Data:<br><br>Isih kelingan melok-melok <u>lan</u> dicathet ana ing buku notulen rapat.<br><br>Sajajar / Gunggung Wetah / titikan cetha (lan) |

**Katrangan :**

No. 1 : nomer data

PS No.27/7-07-2012 : Kalawarti Panjebar Semangat No. 27 wedalan 7 Juli 2012

BKP.23 : irah-irahan cerkak Bos Kom Panut kaca 23

Sajajar : jinising ukara camboran wonten ing rubrik cerkak.

Penjumlahan Penuh : jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten ing data.

Titikan cetha (lan) : titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ingkang katitik saking tembung panggandheng lan.

## E. Caranipun Nganalisis Data

Panaliten menika anggenipun nganalisis data ngginakaken teknik deskriptif, kanthi ngidentifikasi saha nggambaraken ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat. Caranipun nganalisis data, ingkang sepisanan nganalisis utawi ngidentifikasi data-data ingkang sampun dipunserat wonten ing kartu data, kangge manggihaken jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges sarta titikan gegayutan teges wonten salebeting ukara camboran. Bilih data-data kasebut sampun dipunidentifikasi, cara salajengipun inggih menika datadata kasebut dipundeskripsikaken.

Caranipun ndeskripsikaken data-data ngengingi ukara camboran, inggih menika satunggal mbaka satunggal ukara camboran dipunpantha-pantha miturut jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges sarta wujud titikan gegayutan teges. Bilih data kasebut sampun dipunpantha-pantha miturut wosing perkawis, salajengipun data dipunanalisis saha dipuncek ngginakaken gegaran teori ingkang trep babagan titikanipun jinis ukara camboran, jinising gegayutan teges sarta wujud titikan gegayutan teges wonten salebeting ukara camboran.

Cara salajengipun inggih menika nyathet jinis ukara camboran, jinis gegayutan teges sarta wujud titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran. Boten sedaya asiling panaliten badhe dipunadharaken wonten ing pirembagan, namung saperangan kemawon minangka tuladha data saking jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges sarta wujud titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten salebeting ukara camboran. Asiling analisis data sanesipun dipunandharaken wonten ing tabel lampiran.

## F. Caranipun Ngesahaken Data

Cara ngesahaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken validitas saha reliabilitas intrarater. Validitas data ngginakaken cara expert judgement utawi pertimbangan ahli. Expert judgement menika kanthi cara, panaliti wawan pirembagan kaliyan dosen pembimbing saha panaliti sanes ingkang mangertos babagan perkawis saking data-data asiling panaliti. Cara menika kaajab saged dados cara kangge ngesahahken data saha kehandalan panaliten.

Dene reliabilitas intrarater wonten ing panaliten menika, kanthi cara cek ricek utawi kajian berulang. Cara ngesahaken data kanthi cara cek ricek menika, katindakaken kanthi cara panaliti ngambali data kanthi saestu anggenipun maos data saha nganalisis data ingkang sampun dipunasilaken. Ancasing reliabilitas intrarater kasebut, supados saged pikantuk data ingkang valid saha absah trep kaliyan wosing perkawis panaliten menika. Tuladhanipun reliabilitas intrarater kasebut, panaliti ngambali anggenipun maos saha nganalisis data kanthi saestu,

saengga manggihaken data ingkang valid saha absah trep kaliyan wosing perkawis saha gegaran teori saking panaliten, kados ing ngandhap menika.

> Dheweke ora rikuh, **senajan** Pak Brojo ngepasi ana dalem. (PS No.27/KOST.43)

Data wonten ing nginggil dipunpanggihaken sasampunipun panaliti maos kanthi saestu. Data kasebut valid amargi trep kaliyan wosing perkawis panaliten menika. Anggenipun nganalisis ugi trep kaliyan titikan jinis ukara camboran, jinis gegayutan teges sarta wujud titikan gegayutan teges, ingkang dipunandharaken wonten ing gegaran teori. Awit saking menika, data wonten ing nginggil kalebet jinis ukara camboran sungsun, ingkang gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul.

Tembung **dheweke** dados titikan bilih data kasebut kalebet jinis ukara camboran sungsun, amarga wonten salebeting ukara camboran sungsun wonten proses pronominalisasi. Dene gegayutan teges kosok wangsul katitik saking tembung panggadheng **senajan**, ingkang dipunginakaken kangge nggandheng klausa sepisanan kaliyan klausa kaping kalih. Panganggenipun tembung panggandheng **senajan** kasebut, dados wujud titikan gegayutan teges kosok wangsul, inggih menika titikan cetha.

# BAB VI
# ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

## A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika sampun kasil manggihaken data, babagan ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September taun 2012. Asiling panaliten kasebat ngandharaken tigang perkawis arupi jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September taun 2012. Data asiling panaliten kasebat, kaandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

**Tabel 1 : Asiling Panaliten Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012**

| No | Jinising Ukara Camboran | Jinising Gegayutan Teges | Titikan Gegayutan Teges | Indikator |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | Sajajar | 1. Runtut<br>a. Runtut Wetah | Titikan cetha | Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa **banjur** nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake.<br>(1/61/PS No.29)<br>- Titikan cetha: banjur |
| | | | Titikan sinamun | Bejo menyat ngener jendhela, nyawang menjaba.<br>(1/120/PS No.31) |
| | | 2. Nglangkungaken<br>a. Nglangkungaken Wetah | Titikan cetha | Guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu **malah** ana sing ngguyune diempet barang.<br>(1/14/PS No.27)<br>- Titikan cetha: malah |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | Titikan sinamun | Lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas, wis ora jejeg maneh. (1/18/PS No.27) |
| | | 3. Gunggung<br>a. Gunggung Wetah | Titikan cetha | Aku minggir **lan** ngendhegake pit motor. (1/146/PS No.33)<br>- Titikan cetha: lan |
| | | | Titikan sinamun | Tangan kiwa malangkerik, sing tengen tuding-tuding tanpa subasita. (1/38/PS No.28) |
| | | b. Gunggung-Runtut | Titikan cetha | Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor **lan banjur** mlebu tanpa mengo maneh. (1/295/PS No.38)<br>- Titikan cetha: lan banjur |
| | | | Titikan sinamun | Aku tangi rada abot, kemul daklempit. (1/131/PS.No.32) |
| | | c. Gunggung-Pungkasan | Titikan sinamun | Waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane, dleweran ing pipine sing wis rada kisut. (1/188/PS No.33) |
| | | 4. Pradondi<br>a. Pradondi-Implikatif | Titikan cetha | "…Wis ping pitu kepethuk **ning** durung nate tetepungan…" (1/219/PS No.35) |
| | | b. Pradondi-Kirang | Titikan cetha | Ing relief pungkasan digambarake bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" **mung** kari wong atusan. (1/94/PS No.30)<br>- Titikan cetha: mung |
| | | c. Pradondi-Nglangkungaken | Titikan cetha | Senadyan bathine mung limangaatus repis **nanging** lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah. (1/139/PS No.34)<br>- Titikan cetha: nanging |
| | | d. Pradondi-Gunggungan | Titikan cetha | "Ora trima mung nyedhot getih, **nanging uga** nyedhot lenga barang."(1/79/PS No.29)<br>- Titikan cetha: nanging uga |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | Titikan sinamun | "Lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut, saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah…" (1/78/PS No.29) |
| | | e. Pradondi-Pambeda | Titikan cetha | Rumah sakite wis rampung dibangun, **nanging** durung diresmekake. (1/55/PS No.29)<br>- Titikan cetha: nanging |
| | | | Titikan sinamun | Sedhan werna perak iku liwat regol, kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh. (1/298/PS No.38) |
| | | 5. Kombinasi<br>a. Runtut + Nglangkungaken | Titikan sinamun | Apamaneh bareng ibune dikatut-katutke, diuring-uring dening bapake, ditembungi kasar. (1/36/PS No.28) |
| | | b. Gunggung + Pradondi | Titikan sinamun | Biyasane Gilang tansah kurmat, basane alus nganggo krama inggil, dadakan sajak nantang perkara. (1/39/PS No.28) |
| | | c. Pamilih+ Nglangkungaken + Pradondi | Titikan cetha<br>Titikan sinamun | Apa Ary iki ayu, setengah ayu, **malah** gak ayu babar pisan, aku durung isa mbiji. (1/189/PS No.34)<br>- Titikan cetha: malah |
| | | d. Pradondi + Gunggung | Titikan cetha | Sejatine pabrik lagi bukak jam wolu, **nanging** esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik **lan banjur** arep bebarengan nekani dhemo buruh. (1/282/PS No.38)<br>Titikan cetha: nanging, lan banjur |
| 2 | Sungsun | 1. Akibat | Titikan cetha | Anggone nyambut gawe tliti banget, **mula** akeh pelanggan sing marem marang garapane. (1/135/PS No.32)<br>- Titikan cetha: mula |
| | | | Titikan sinamun | Pak Brojo ngono lanang kemangi, ora bisa tumindak apa-apa. (1/269/PS No.37) |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 2. Cara | Titikan cetha | Wratsongko lagi nandha tangani berkas-berkas **karo** plintiran nahan wetenge sing kemrucuk. (1/117/PS No.31)<br>- Titikan cetha: karo |
| | | | Titikan sinamun | Bu Ary ngadeg ngarep blabag, ngawasi kanca sakelas. (1/194/PS No.34) |
| | | 3. Isi | Titikan cetha | Ing kene uga dicritakake **menawa** bangsa “sing ora perlu disebut jenenge” iku digambarake minangka bangsa sing makmur.(1/91/PS No.30)<br>- Titikan cetha: menawa |
| | | 4. Upama | Titikan cetha | **Upama** iku wektu bengi lan ing papan sepi, mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih. (1/236/PS No.36)<br>- Titikan cetha: upama |
| | | 5. Tetandhingan | Titikan cetha | “…Wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya menyang aku **tinimbang** menyang wong anyar kaya panjenengan.” (1/272/PS No.37)<br>- Titikan cetha: tinimbang |
| | | | Titikan sinamun | Rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat, isih kalah angel anggonku nglalekake Wati. (1/253/PS No.36) |
| | | 6. Pembandingan | Titikan cetha | Aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal **kaya** jaran giras. (1/324/PS No.39)<br>- Titikan cetha: kaya |
| | | 7. Kajaba | Titikan cetha | **Kajaba** dhalang dheweke uga baut nyungging wayang. (1/63/PS No.29)<br>- Titikan cetha: kajaba |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 8. Kosok wangsul | Titikan cetha | Dheweke ora suwala **najan** ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane. (1/310/PS No.39)<br>- Titikan cetha: najan |
| | | | Titikan sinamun | Tanpa takon-takon, aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari. (1/183/PS No.33) |
| | | 9. Sebab | Titikan cetha | Ora sethithik pabrik ambruk **jalaran** diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan. (1/284/PS No.38)<br>- Titikan cetha: jalaran |
| | | | Titikan sinamun | Aku meneng, bingung arep matur apa maneh. (1/214/PS No.39) |
| | | 10. Sarat | Titikan cetha | “…Bakal dak wenehi sembulih sing murwat, **waton** gelem nuruti kabeh kekarepanku…” (1/271/PS No.37)<br>- Titikan cetha: waton |
| | | 11. Tujuan | Titikan cetha | Aku uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah **kareben** dadi kacabenggala kanggo bangsaku. (1/106/PS No.30)<br>- Titikan cetha: kareben |
| | | | Titikan sinamun | Ngiringi lumakune wengi, warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur.(1/81/PS No.29) |
| | | 12. Wekdal<br>a. Wekdal wiwitan | Titikan cetha | “...Tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku **wiwit** aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen..” (1/237/PS No. 36)<br>- Titikan cetha: wiwit |
| | | b. Wekdal runtutan | Titikan cetha | **Bareng** takblakani, dheweke ngajak nginep ing omahe. (1/84/PS No.30)<br>- Titikan cetha: bareng |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | Titikan sinamun | Krungu kandhane Prapto, Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan. (1/67/PS No.29) |
| | | c. Wekdal Sesarengan | Titikan cetha | **Saben** didu kasti mongsuh sekolahan liya, Ary mesthi dadi bintange. (1/191/PS No.34)<br>- Titikan cetha: saben |
| | | | Titikan sinamun | Ngepasi aku ana mburine, pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah. (1/141/PS No.32) |
| | | d. Wekdal wates pungkasan | Titikan cetha | **Nganti** wong edan kuwi kauntal ramene dalan, Wratsongko isih nganyer neng kono. (1/130/PS No.31)<br>- Titikan cetha : nganti |
| | | e. Wekdal salajengipun | Titikan cetha | Mula **sadurunge** diresmekake, pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar. (1/56/PS No.29)<br>- Titikan cetha: sadurunge |
| | | 13. Cara-Kosok wangsul | Titikan cetha | Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli **kanthi** nyebut jenenge **sanajan** kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau. (1/4/PS No.27)<br>- Titikan cetha: kanthi, sanajan |
| | | 14. Kosok wangsul-Kajaba | Titikan cetha | **Sanajan** akeh-akeh sing diomongake, anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape, **kajaba** mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi. (1/12/PS No.27)<br>- Titikan cetha: sanajan, kajaba |
| | | 15. Pembandingan-Kajaba | Titikan cetha<br>Titikan sinamun | Suket godhong wae wis ora bisa obah, mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok **kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah. (1/20/PS No.27)<br>- Titikan cetha: kajaba |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 16. Cara-Akibat | Titikan cetha Titikan sinamun | Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb **karo** ngrasakne larane tempilingane bapake, wis ora ngrewes ibune. (1/42/PS No.28)<br>- Titikan cetha: karo |
| | | 17. Wekdal-Cara | Titikan cetha | **Saben** Gilang metu saka kamar, ibune terus nyedhak **karo** ngarih-arih. (1/44/PS No. 28)<br>- Titikan cetha: saben, karo |
| | | 18. Cara-Cara | Titikan sinamun Titikan cetha | Mbah Jan lungguh sendhen pager, ngematake gendhing Uler Kambang **karo** liyer-liyer. (1/77/PS No.29)<br>- Titikan cetha: karo |
| | | 19. Wekdal-Tujuan | Titikan sinamun Titikan cetha | Rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul, aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah **supaya** nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah. (1/88/PS No.30)<br>- Titikan cetha: supaya |
| | | 20. Tujuan-Kajaba | Titikan cetha | Tan ana dalan liya **kanggo** nyingkirake pikir sing reged **kejaba** urip tanpa sirah. (1/97/PS No.30)<br>- Titikan cetha: kanggo, kejaba |
| | | 21. Sarat-Sebab | Titikan cetha Titikan sinamun | Mula **yen** kabener ora ana gaweyan, ing jam-jam kasebat Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane, ngampet perihing wetenge. (1/116/PS No.31)<br>- Titikan cetha : yen |
| | | 22. Wekdal-Wekdal | Titikan sinamun Titikan cetha | Mbarengi aku lungguh, ana arek wedok mlebu, **sawise** nothog lawang. (1/202/PS No.34)<br>- Titikan cetha: sawise |
| | | 23. Kosok wangsul-Tujuan | Titikan cetha | **Senajan** mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku, tetela ora ndadekake cilike atiku **kanggo** lelabuh tumrap ibu pertiwi. (1/251/PS No.36)<br>- Titikan cetha: senajan, kanggo |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 24. Sarat-Akibat | Titikan cetha | Nanging aku rumangsa kabotan **yen** kudu mbacutake sandiwara iki, **mula** kudu enggal dak pungkasi. (1/256/PS No.37)<br>- Titikan cetha : yen, mula |
| | | 25. Wekdal-Kosok wangsul | Titikan cetha | Bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget **saben** dak wenehi jajan, **senajan** dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan.<br>(1/259/PS No.37)<br>- Titikan cetha : saben, senajan |
| | | 26. Sebab-Sebab-Akibat | Titikan cetha<br>Titikan sinamun | Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane **dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, langsung bae Gilang metu saka kamare. (1/37/PS No.28)<br>- Titikan cetha : merga, dene |
| 3 | Campuran | 1. Isi-Pamilih | Titikan cetha | Yagene Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane, ora ana siji-sijia sing pesen **utawa** niyat tuku komputer. (1/2/PS No.27)<br>- Titikan cetha: utawa |
| | | 2. Sebab-Pradondi | Titikan cetha<br>Titikan sinamun | Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng **awit** kepengin enggal weruh wujude komputer, durung bisa. (1/15/PS No.27)<br>- Titikan eksplisit: awit |
| | | 3. Gunggung-Sebab | Titikan cetha<br>Titikan sinamun | Njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak **lan** kena dioprasekake, wong mbayare dhek anu kae jreng!<br>(1/17/PS No.27)<br>- Titikan cetha: lan |
| | | 4. Tujuan-Gunggung | Titikan cetha | Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan **supaya** Gilang bisa nunggak semi jabatane **lan** marisi apa kang dadi pegaweyane. (1/28/PS No.28)<br>- Titikan cetha: supaya, lan |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 5. Gunggung-Kosok wangsul | Titikan sinamun Titikan cetha | Gilang bakal nyambut gawe sing apik, tansah mbudidaya gawe senenge liyan, **arepa** nyambut gawe mau ana swasta. (1/30/PS No.28)<br>- Titikan cetha: arepa |
| | | 6. Gunggung-Akibat | Titikan cetha | Rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara, **langsung** tanpa taha-taha Gilang ditempiling **nganti** tiba glangsaran. (1/40/PS No.28)<br>- Titikan cetha: langsung, nganti |
| | | 7. Sebab-Gunggung | Titikan cetha | **Merga** ora dibukakake lawang nganti suwe, **uga** wis rumangsa kesel gero-gero, ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise. (1/43/PS No.28)<br>- Titikan cetha: merga, uga |
| | | 8. Pradondi-Pembandingan | Titikan sinamun Titikan cetha | Awake mung gulu mangisor, mlaku ujlung-ujlung **kaya** salumrahe wong sing duwe sirah. (1/83/PS No.30)<br>- Titikan cetha: kaya |
| | | 9. Pradondi-Tujuan | Titikan cetha | Aku ora bablas mulih **nanging** bali menyang Watu Kelir maneh, **perlune** bakal golek kaca helm. (1/151/PS No.32)<br>- Titikan cetha: nanging, perlune |
| | | 10. Gunggung-Tujuan | Titikan sinamun Titikan cetha | Mula enggal dak peper atiku, dak penet rasaku **amrih** ora gawe ribed atine. (1/166/PS No.33)<br>- Titikan cetha: amrih |
| | | 11. Pangajap-Gunggung | Titikan cetha | Dak pepuji **mugi** Mas ketemu jodho kang luwih ayu **lan** luwih mampu gawe mulyaning uripmu. (1/179/PS No.33)<br>- Titikan cetha: mugi, lan |
| | | 12. Akibat-Runtut | Titikan sinamun Titikan cetha | Kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe, petis gak isa copot, **terus** nemplek. (1/198/PS No.34)<br>- Titikan cetha: terus |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 13. Wekdal-Runtut | Titikan cetha | **Sakmarine** maca, Pak Marto nyawang arek wedok, **terus** manggut-manggut. (1/203/PS/No.34)<br>- Titikan cetha: sakmarine, terus |
| | | 14. Isi-Pradondi | Titikan cetha | Dhimas durung ngerti **yen** daktresnani, **nanging** atiku wis cuklek dhisik. (1/225/PS No.35)<br>- Titikan cetha: yen, nanging |
| | | 15. Pradondi-Wekdal | Titikan sinamun Titikan cetha | Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati, dheweke wis dhisiki ngomong **nalikane** aku mampir kos-kosane. (1/232/PS No.36)<br>- Titikan cetha: nalikane |
| | | 16. Tetandhingan-Pradondi | Titikan cetha | "…**Tinimbang** aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu **nanging** ora bisa tumanduk, luwih becik dak punggel tekan semene wae…" (1/234/PS No.36)<br>- Titikan cetha: tinimbang, nanging |
| | | 17. Pradondi-Sebab | Titikan cetha Titikan sinamun | "…Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh, **nanging** aku ora wani suwala, bektiku marang wong tuwa luwih abot…" (1/255/PS No.36)<br>- Titikan cetha: nanging |
| | | 18. Kosok wangsul-Pradondi | Titikan cetha | Aku yakin, **senajan** tata lair iklas, **nanging** batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya.(1/280/PS No.37)<br>- Titikan cetha: senajan, nanging |
| | | 19. Wekdal-Gunggung | Titikan cetha | Krepo isih kelingan **nalika** dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik **lan banjur** mligi ngurusi dhemo. (1/287/PS No.38)<br>- Titikan cetha: nalika, lan banjur |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 20. Isi-Gunggung | Titikan cetha Titikan sinamun | "…Dhemo lagi ora ana **menawa** buruh-buruh iku wis padha dadi bos, pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!" (1/289/PS No.38)<br>- Titikan cetha: menawa |
| | | 21. Runtut-Tujuan | Titikan cetha | Tante Rosa mudhun **terus** tumuju resepsionis **saperlu** check in kamar. (1/320/PS No.39)<br>- Titikan cetha: terus, saperlu |
| | | 22. Isi-Pamilih-Runtut | Titikan cetha | Biyasa ta, rapat **yen** padha durung mudheng **utawa** sajak kurang sreg **banjur** umyeg karepe dhewe. (1/5/PS No.27)<br>Titikan cetha: yen, utawa, banjur |
| | | 23. Pradondi-Pradondi-Cara | Titikan cetha Titikan sinamun | Swarane renyah, ora pati digape dening Gilang, **mung** dijawab **kanthi** anthukan tanpa greget. (1/21/PS No.28)<br>- Titikan cetha: mung, kanthi |
| | | 24. Isi-Wekdal-Pradondi | Titikan cetha | Senajan Gilang wis bola-bali matur bapake **yen** dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa **sawise** rampung kuliyah, **nanging** bapake tetep puguh karo prinsipe. (1/27/PS No.28)<br>- Titikan cetha: yen, sawise, nanging |
| | | 25. Gunggung-Tujuan-Gunggung | Titikan cetha Titikan sinamun | Akeh-akeh nggone nuturi **lan** ngarih-arih **amrih** Gilang enggal waluya jati, bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh. (1/47/PS No.28)<br>- Titikan cetha: lan, amrih |
| | | 26. Cara-Pembandingan-Gunggung | Titikan cetha | **Kanthi** maca karyaku, dakajap bangsaku ora tumindak **kaya** sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka **lan banjur** nibakake laknat.(1/107/PS No.30)<br>- Titikan cetha: kanthi, kaya, lan banjur |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 27. Wekdal-Pradondi-Pembandingan | Titikan cetha | Alus lan lumer swarane bocah iku **nalika** nyebut asmane ibune, **nanging** keprungu ing kupingku **kaya** bledheg mangsa kasanga. (1/163/PS No.33)<br>- Titikan cetha: nalika, nanging, kaya |
| | | 28. Tujuan-Sebab-Runtut | Titikan cetha | "…Susahe ora duwe wektu **kanggo** nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang, **awit** seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris, **terus** ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku…" (1/171/PS No.33)<br>- Titikan cetha: kanggo, awit, terus |
| | | 29. Pembandingan-Pradondi-Pembandingan | Titikan cetha | Aku njegreg **kaya** reca watu, **nanging** jantungku kroncalan **kaya** arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra. (1/180/PS No.33)<br>- Titikan cetha: kaya, nanging |
| | | 30. Isi-Gunggung-Tujuan | Titikan sinamun Titikan cetha | Aku pengin banget ngerti, cewek endi sing ditresnani Dhimas **lan** bakal direngkuh **kanggo** nggenteni sisihane. (1/227/PS No.35)<br>- Titikan cetha: lan, kanggo |
| | | 31. Isi-Tujuan-Gunggung | Titikan sinamun Titikan cetha | "…Aku lila Dhik, sliramu bakal dadi sisihane priya liya, **sauger** tresnaku saiki iki bisa kok tampa, tinandur jero ing telenging atimu" (1/239/PS No. 36)<br>- Titikan cetha: sauger |
| | | 32. Wekdal-Runtut-Sebab | Titikan cetha Titikan sinamun | Aku gragaban kaget **nalika** lawang kamarku nyuwara **banjur** menga, sajak dibukak saka njaba. (1/267/PS No.37)<br>- Titikan cetha : nalika, banjur |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 33. Runtut-Runtut-Cara | Titikan sinamun Titikan cetha | Anggone lungguh saya wani mepet, tangane dianggo nggegem tanganku, digeret menyang pangkone **sinambi** crita werna-werna. (1/268/PS No.37)<br>- Titikan cetha: sinambi |
| | | 34. Sebab-Gunggung-Sebab | Titikan cetha Tititkan sinamun | Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih **jalaran** dikabarake ing internet lan televise, ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate **marga** saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise. (1/285/PS No.38)<br>- Titikan cetha: jalaran, marga |
| | | 35. Isi-Pradondi-Wekdal | Titikan sinamun Titikan cetha | Ora ngerti **kepriye** carane ngedum dhuwit saka donator dhemo, kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther **sawise** dadi pengurus dhemo buruh. (1/288/PS No.38)<br>- Titikan cetha: kepriye, sawise |
| | | 36. Wekdal-Gunggung-Nglangkungaken | Titikan cetha Tititkan sinamun | Mbokmenawa Yanti eling **nalika** lara lapa biyen, **lan banjur** menehi pagaweyan marang dheweke, sukur-sukur pagaweyan kang murwat. (1/294/PS No.38)<br>- Titikan cetha: nalika, lan banjur |
| | | 37. Akibat-Isi-Pamilih | Titikan sinamun Titikan cetha | Aku ngrumangsani mung jejer supir, pekewuh **yen** njejeri **utawa** nglancangi Tante Rosa. (1/304/PS No.39)<br>- Titikan cetha: yen, utawa |
| | | 38. Akibat-Gunggung-Pembandingan | Titikan cetha | Saking asih lan tresnane **nganti** mati wae dikubur **lan** kuburane dirumat **kaya** makame manungsa. (1/311/PS No.39)<br>- Titikan cetha: nganti, lan, kaya |

**Tabel 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 39. Sarat-Runtut-Tujuan-Isi | Titikan cetha Tititkan sinamun | **Yen** ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku, kuburen ing ngarep omahmu, minangka pratandha **yen** Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu. (1/178/PS No.33)<br>- Titikan cetha: yen |
| | | 40. Wekdal-Gunggung-Runtut-Pembandingan | Titikan cetha Tititkan sinamun | **Angger** nyandhak Gra-Grik si tukang kendhang, bokonge negol ngiwa, megol nengen, **terus** mripate mlerak-mlerok **kaya** Shakila bintang film India.(1/192/PS No.34)<br>- Titikan cetha: angger, terus, kaya |
| | | 41. Runtut-Gunggung-Tujuan-Isi | Titikan sinamun Titikan cetha | Dak sempal salah siji pange, dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, dak tandur ing ngarep omahku, dadiya tandha **yen** atiku tau kagiwang karo prawan Sine. (1/181/PS No.33)<br>- Titikan cetha : yen |
| | | 42. Wekdal-Gunggung-Tujuan-Pamilih | Titikan cetha | Kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh, **nalika** people power saka jinis kang durung dimangerteni **lan** durung mesthi benere mau dianggo pawadan **kanggo** mbenerake **utawa** ngluputake saweneh perkara ing negara iki. (1/291/PS No.38)<br>- Titikan cetha: nalika, lan, kanggo, utawa |
| | | 43. Wekdal-Gunggung-Sebab-Gunggung | Titikan cetha | Dadi kabeh ora aneh maneh **nalika** ana kawicaksanan kang angel dimangerteni **lan** dipesthekake, **jalaran** pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni **lan** dipesthekake. (1/292/PS No. 38)<br>- Titikan cetha: nalika, lan, jalaran |

**Katrangan:**

Katrangan data: (1/179/PS No.33)

1 : nomer tabel lampiran

179 : nomer urut data wonten ing lampiran

PS No.33 : kalawarti Panjebar Semangat wedalan nomer 33

Adhedhasar asiling panaliten saking tabel ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat gadhah tigang jinising ukara camboran. Jinising ukara camboran, inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun, sarta ukara camboran campuran.

Jinis-jinis ukara camboran, gadhah 74 variasi jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinising ukara camboran sajajar gadhah 5 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, inggih menika runtut, nglangkungaken, gunggung, pradondi, sarta kombinasi. Dene jinising ukara camboran sungsun gadhah 26 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, inggih menika akibat, cara, isi, upama, tetandhingan, pembandingan, kajaba, kosok wangsul, sebab, sarat, tujuan, wekdal, cara-kosok wangsul, kosok wangsul-kajaba, sebab-kajaba, cara-akibat, wekdal-cara, cara-cara, wekdal-tujuan, tujuan-kajaba, sarat-sebab, wekdal-wekdal, kosok wangsul-tujuan, wekdal-kosok wangsul, sarat-sebab, sarta sebab-sebab-akibat.

Ukara camboran campuran gadhah 43 jinis gegayutan teges. Jinis gegayutan teges kasebat, inggih menika isi-pamilih, sebab-pradondi, gunggung-

sebab, tujuan-gunggung, gunggung-kosok wangsul, runtut-akibat, sebab-gunggung, pradondi-pembandingan, pradondi-tujuan, gunggung-tujuan, pangajap-gunggung, akibat-runtut, wekdal-runtut, isi-pradondi, pradondi-wekdal, tetandhingan-pradondi, pradondi-sebab, kosok wangsul-pradondi, isi-gunggung, wekdal-gunggung, sarta runtut-tujuan.

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges langkung saking kalih, inggih menika isi-pamilih-runtut, pradondi-pradondi-cara, isi-wekdal-pradondi, gunggung-tujuan-gunggung, cara-pembandingan-gunggung, wekdal-pradondi-pembandingan, tujuan-sebab-runtut, pembandingan-pradondi-pembandingan, isi-gunggung-tujuan, isi-tujuan-gunggung, wekdal-runtut-sebab, runtut-runtut-cara, sebab-gunggung-sebab, isi-pradondi-wekdal, wekdal-gunggung-nglangkungaken, akibat-isi-pamilih, akibat-gunggung-pembandingan, sarat-gunggung-tujuan-isi, runtut-gunggung-tujuan-isi, wekdal-gunggung-runtut-pembandingan, wekdal-gunggung-tujuan-pamilih, sarta wekdal-gunggung-sebab-gunggung.

Asiling panaliten manggihaken titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha menika, katitik saking panganggenipun tembung panggandheng antawisipun klausa-klausa, saengga teges ukara camboran ugi dipunmangertosi saking tembung panggandheng ingkang dipunginakaken. Titikan gegayutan teges sanesipun, arupi titikan sinamun ingkang dipunmangertosi saking tembung panggandheng dipunsingidaken wonten ing satunggaling klausa. Klausa-klausa kasebat namung dipunjejer ngginakaken tandha koma utawi laguning

pocapan, tanpa ngginakaken tembung panggandheng. Awit saking menika, teges ukara camboran ingkang gadhah titikan sinamun, dipunmangertosi saking teges klausa-klausa.

Ukara camboran ingkang gadhah kalih klausa, titikan gegayutan teges kasebat namung satunggal, inggih menika titikan cetha kemawon utawi titikan sinamun kemawon. Dene ukara camboran ingkang gadhah klausa langkung saking kalih, saged gadhah kalih titikan gegayutan teges, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Ananging, saged ugi ukara camboran ingkang gadhah klausa langkung saking kalih, namung gadhah satunggal titikan gegayutan teges, inggih menika titikan cetha utawi titikan sinamun.

## B. Pirembagan

Data wonten ing tabel asiling panaliten, arupi jinising ukara camboran, jinising gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun, sarta titikan gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat taun 2012. Data ingkang dipunserat wonten ing tabel asiling panaliten kasebat, salajengipun dipunrembag kanthi wiyar miturut gegaran teori, ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

### 1. Ukara Camboran Sajajar

Panaliten ngengingi ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September taun 2012, manggihaken data jinis ukara camboran sajajar. Jinis ukara camboran sajajar kasebat, gadhah 5 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kanthi

titikan gegayutan teges ingkang maneka warna. Pirembagan asiling panaliten ngengingi bab ukara camboran sajajar kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. Ukara Camboran Sajajar ingkang Gadhah Gegayutan Teges Runtut**

Ukara camboran sajajar saking asiling panaliten, gadhah gegayutan teges arupi jinis gegayutan teges runtut. Gegayutan teges runtut menika, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Jinis gegayutan teges runtut wetah kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan gegayutan teges runtut, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges runtut wetah kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges runtut wetah, kanthi titikan gegayutan teges, arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(1) Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa **banjur** nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake. (1/61/PS No.29)

Data (1) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat, kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa** saha klausa kaping kalih **nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nututi** saha **nyetitekake**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken,

amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **Prapto karo Suheri**.

Ukara camboran (1) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (1) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(1a) Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa.
(1b) (Prapto karo Suheri) nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake.

Ukara camboran (1) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (1) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(1c) ***Banjur** nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake, Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa.

Ukara camboran sajajar (1) menika, gadhah gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa**.

Tembung panggandheng koordinatif **banjur**, dados titikan gegayutan teges runtut wetah kasebat.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sajajar (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake**.

**2) Gegayutan teges runtut wetah kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges runtut wetah, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(2) Bejo menyat ngener jendhela, nyawang menjaba. (1/120/PS No.31)

Data (2) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Bejo menyat ngener jendhela** saha klausa kaping kalih **nyawang menjaba**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **menyat** saha **nyawang**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **Bejo**.

Ukara camboran (2) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados

ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (2) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(2a) Bejo menyat ngener jendhela.
(2b) (Bejo) nyawang menjaba.

Ukara camboran sajajar (2) ing nginggil, gadhah gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **nyawang menjaba**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking klausa sepisanan **Bejo menyat ngener jendhela**. Gegayutan teges runtut wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sajajar (2) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih **Ø nyawang menjaba**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **tumuli**, **nuli**, **terus**, **langsung**, **banjur**. Ukara camboran sajajar (2), bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(2c) Bejo menyat ngener jendhela { **banjur** / **tumuli** / **nuli** / **terus** / **langsung** } nyawang menjaba.

Ukara camboran (2c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken

tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (2c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(2d) * { **Banjur** / **Tumuli** / **Nuli** / **Terus** / **Langsung** } nyawang menjaba, Bejo menyat ngener jendhela.

**b. Ukara Camboran Sajajar ingkang Gadhah Gegayutan Teges Nglangkungaken**

Ukara camboran sajajar saking asiling panaliten, gadhah jinis gegayutan teges arupi jinis gegayutan teges nglangkungaken. Gegayutan teges nglangkungaken ingkang dipunpanggihaken, inggih menika gegayutan teges nglangkungaken wetah. Gegayutan teges nglangkungaken kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan bab kasebat, dipunandharaken ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges nglangkungaken wetah kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges nglangkungaken wetah, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(3) Guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu **malah** ana sing ngguyune diempet barang. (1/14/PS No.27)

Data (3) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu** saha klausa kaping kalih **ana sing ngguyune diempet barang**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mesem ngguyu** saha **diempet**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **guru-guru sakecamatan Karanganyar**.

Ukara camboran (3) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (3) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(3a) Guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu.
(3b) (Guru-guru sakecamatan Karanganyar) ana sing ngguyune diempet barang.

Ukara camboran (3) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (3) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(3c) ***Malah** ana sing ngguyune diempet barang, guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu.

Ukara camboran sajajar (3) ing nginggil, gadhah gegayutan teges nglangkungaken wetah. Gegayutan teges nglangkungaken wetah, kadadosan amargi klausa kaping kalih **ana sing ngguyune diempet barang**, minangka tumindak ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan **guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu**. Tembung panggandheng koordinatif **malah**, dados titikan gegayutan teges nglangkungaken wetah kasebat.

Gegayutan teges nglangkungaken wetah wonten ing ukara camboran sajajar (3) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **malah**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **ana sing ngguyune diempet barang**.

**2) Gegayutan teges nglangkungaken wetah kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges nglangkungaken wetah. Titikan gegayutan teges nglangkungaken wetah menika, wonten ingkang arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(4) Lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas, wis ora jejeg maneh! (1/18/PS No.27)

Data (4) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas**

saha klausa kaping kalih **wis ora jejeg maneh!**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **sendhen** saha **wis ora jejeg maneh**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **lungguhe**.

Ukara camboran (4) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (4) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(4a) Lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas.
(4b) (Lungguhe) wis ora jejeg maneh!

Ukara camboran sajajar (4) ing nginggil, gadhah gegayutan teges nglangkungaken wetah. Gegayutan teges nglangkungaken wetah menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **wis ora jejeg maneh!**, minangka tumindak ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa kaping kalih **lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas**. Gegayutan teges nglangkungaken wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges nglangkungaken wetah kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **wis ora jejeg maneh!**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken

tembung panggandheng koordinatif **tur**, **tur maneh**, **malah**, **apamaneh**. Ukara camboran sajajar (4), bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(4c) Lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas, { **tur** / **tur maneh** / **malah** / **apamaneh** } wis ora jejeg maneh!

Ukara camboran (4c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (4c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(4d) * { **Tur** / **Tur maneh** / **Malah** / **Apamaneh** } wis ora jejeg maneh, lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas.

**c. Ukara Camboran Sajajar ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung**

Ukara camboran sajajar saking asiling panaliten, gadhah tigang jinis gegayutan teges gunggung, inggih menika gunggung wetah, gunggung-runtut, sarta gunggung-pungkasan. Jinis gegayutan teges gunggung menika, gadhah titikan gegayutan teges, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Data

asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan gegayutan teges gunggung, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) **Gegayutan teges gunggung wetah kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges gunggung wetah. Titikan gegayutan teges gunggung wetah menika, wonten ingkang arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(5) Aku minggir **lan** ngendhegake pit motor. (1/146/PS No.33)

Data (5) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **aku minggir** saha klausa kaping kalih **ngendhegake pit motor**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **minggir** saha **ngendhegake**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **aku**.

Ukara camboran (5) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (5) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(5a) Aku minggir.
(5b) (Aku) ngendhegake pit motor.

Ukara camboran (5) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken

tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (5) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(5c) ***Lan** ngendhegake pit motor, aku minggir.

Ukara camboran sajajar (5) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi klausa sepisanan **aku minggir**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa kaping kalih **ngendhegake pit motor**. Awit saking menika, klausa kaping kalih **ngendhegake pit motor** minangka informasi tambahan kangge klausa sepisanan **aku minggir**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung wetah kasebat.

Gegayutan teges gunggung wetah wonten ing ukara camboran sajajar (5) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **ngedhegake pit motor**.

**2) Gegayutan teges gunggung wetah kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges gunggung wetah, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(6) Tangan kiwa malangkerik, sing tengen tuding-tuding tanpa subasita. (1/38/PS No.28)

Data (6) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **tangan kiwa malangkerik** saha klausa kaping kalih **sing tengen tuding-tuding tanpa subasita**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **malangkerik** saha **tuding-tuding**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **tangan**.

Ukara camboran (6) kalebet jinis ukara camboran sajajar, saged dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (6) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(6a) Tangan kiwa malangkerik.
(6b) (Tangan) sing tengen tuding-tuding tanpa subasita.

Ukara camboran sajajar (6) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah menika, kadadosan amargi klausa sepisanan **tangan kiwa malangkerik**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa kaping kalih **sing tengen tuding-tuding tanpa subasita**. Awit saking menika, klausa kaping kalih **sing tengen tuding-tuding tanpa subasita**, dados informasi tambahan kangge klausa sepisanan **tangan kiwa malangkerik**. Gegayutan teges gunggung wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges gunggung wetah wonten ing ukara camboran sajajar (6) ing inggil, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **sing tengen tuding-tuding tanpa subasita**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga**, **dene**, **apadene**. Ukara camboran sajajar (6) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(6c) Tangan kiwa malangkerik { **lan** / **sarta** / **uga** / **dene** / **apadene** } sing tengen tuding-tuding tanpa subasita.

Ukara camboran (6c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, ugi saged dipunbuktekakaken bilih klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif gadhah urutan tetep. Bab menika ndadosaken klausa-klausa kasebat boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih dipunpindhah papanipun, ukara camboran (6c) boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(6d) * { **Lan** / **Sarta** / **Uga** / **Dene** / **Apadene** } sing tengen tuding-tuding tanpa subasita, tangan kiwa malangkerik.

### 3) Gegayutan teges gunggung-runtut kanthi titikan cetha

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges gunggung-runtut, kanthi wujud titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(7) Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor **lan banjur** mlebu tanpa mengo maneh. (1/295/PS No.38)

Data (7) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor** saha klausa kaping kalih **mlebu tanpa mengo maneh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **meruhi** saha **mlebu**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi lesan wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **Yanti**.

Ukara camboran (7) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (7) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(7a) Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor.
(7b) (Yanti) mlebu tanpa mengo maneh.

Ukara camboran (7) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika

dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (7) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(7c) ***Lan banjur** mlebu tanpa mengo maneh, Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor.

Ukara camboran sajajar (7) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung-runtut. Gegayutan teges gunggung-runtut kasebat, kadadosan amargi klausa kaping kalih **mlebu tanpa mengo maneh**, dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa sepisanan **Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor** ingkang kadadosan kanthi runtut. Teges runtut saking gegayutan teges gunggung-runtut menika, katitik saking perangan **mlebu** ingkang ngisi wasesa klausa kaping kalih, ingkang dados urutan saking perangan **mudhun** wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut kasebat.

Gegayutan teges gunggung-runtut wonten ing ukara camboran sajajar (7) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **mlebu tanpa mengo maneh**.

**4) Gegayutan teges gunggung-runtut kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges gunggung-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(8) Aku tangi rada abot, kemul daklempit. (1/131/PS.No.32)

Data (8) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **aku tangi rada abot** saha klausa kaping kalih **kemul daklempit**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tangi** saha **daklempit**. Klausa kaping kalih jejeripun arupi perangan **aku**, wasesanipun arupi tembung tanggap. Awit saking menika, perangan **aku** wonten ing klausa kaping kalih **kemul daklempit** dados **dak**.

Ukara camboran (8) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (8) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(8a) Aku tangi rada abot.
(8b) Kemul daklempit.

Ukara camboran sajajar (8) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung-runtut. Gegayutan teges gunggung-runtut, kadadosan amargi klausa kaping kalih **kemul daklempit**, dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa sepisanan **aku tangi rada abot** ingkang kadadosan kanthi runtut. Teges runtut saking gegayutan teges gunggung-runtut menika, katitik saking klausa kaping kalih **kemul daklempit**, ingkang dados urutan saking perangan **tangi rada abot** wonten ing klausa sepisanan. Gegayutan teges gunggung-runtut menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges gunggung-runtut wonten ing ukara camboran (8) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **kemul daklempit**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan terus**, **lan banjur**, **lan sabanjure**, **lan sateruse**. Ukara camboran sajajar (8) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(8c) Aku tangi rada abot { **lan terus** / **lan banjur** / **lan sabanjure** / **lan sateruse** } kemul daklempit.

Ukara camboran (8c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (8c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(8d) * { **Lan terus** / **Lan banjur** / **Lan sabanjure** / **Lan sateruse** } kemul daklempit, aku tangi rada abot.

**5) Gegayutan teges gunggung-pungkasan kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges gunggung-pungkasan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(9) Waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane, dleweran ing pipine sing wis rada kisut. (1/188/PS No.33)

Data (9) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane** saha klausa kaping kalih **dleweran ing pipine sing wis rada kisut**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **wiwit mbrebel** saha **dleweran**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **waspane**.

Ukara camboran (9) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (9) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(9a) Waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane.
(9b) (Waspane) dleweran ing pipine sing wis rada kisut.

Ukara camboran sajajar (9) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung-pungkasan. Gegayutan teges gunggung-pungkasan menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **dleweran ing pipine sing wis rada kisut**, ngandharaken gunggungipun saha pungkasanipun tumindak wonten ing klausa sepisanan **waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane**. Wasesa **dleweran** wonten ing klausa kaping kalih, nedahaken pungkasaning tumindak ingkang dipunwiwiti saking wasesa **wiwit mbrebel** wonten ing klausa sepisanan.

Gegayutan teges gunggung-pungkasan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges gunggung-pungkasan wonten ing ukara camboran (9) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **dleweran ing pipine sing wis rada kisut**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakakaken tembung panggandheng koordinatif **lan wusanane**, **lan akire**, **lan tundhone**. Ukara camboran sajajar (9) wonten ing nginggil, bilih ngginakakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(9c) Waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane { **lan wusanane** / **lan akire** / **lan tundhone** }
dleweran ing pipine sing wis rada kisut.

Ukara camboran (9c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekakaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (9c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(9d) * { **Lan wusanane** / **Lan akire** / **Lan tundhone** } dleweran ing pipine sing wis rada kisut,
waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane.

### d. Ukara Camboran Sajajar ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pradondi

Ukara camboran sajajar saking asiling panaliten, gadhah gegayutan teges jinis gegayutan teges pradondi. Gegayutan teges pradondi wonten gangsal jinis gegayutan teges, inggih menika pradondi-implikatif, pradondi-kirang, pradondi-nglangkungaken, pradondi-gunggungan, sarta pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### 1) Gegayutan teges pradondi-implikatif kanthi titikan cetha

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges pradondi-implikatif, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(10) "…Wis ping pitu kepethuk **ning** durung nate tetepungan…" (1/219/PS No.35)

Data (10) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **wis ping pitu kepethuk** saha klausa kaping kalih **durung nate tetepungan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **wis ping pitu kepethuk** saha **durung nate tetepungan**. Jejer wonten ing ukara camboran sajajar kasebat dipunsingidaken, amargi ukara camboran sajajar (10) arupi pawicantenan.

Ukara camboran (10) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak

dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (10) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(10a) Wis ping pitu kepethuk.
(10b) Durung nate tetepungan.

Ukara camboran (10) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (10) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(10c) ***Ning** durung nate tetepungan, wis ping pitu kepethuk.

Ukara camboran sajajar (10) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-implikatif. Gegayutan teges pradondi-implikatif menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **durung nate tetepungan**, minangka pradondi-implikatif saking tumindak onten ing klausa sepisanan **wis ping pitu kepethuk**. Limrahipun **wis ping pitu kepethuk** gadhah implikasi sampun sami tepang, nyatanipun dereng sami tepang. Tembung panggandheng koordinatif **ning**, dados titikan gegayutan teges pradondi-implikatif kasebat.

Gegayutan teges pradondi-implikatif wonten ing ukara camboran sajajar (10) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng

koordinatif **ning**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **durung nate tetepungan**.

**2) Gegayutan teges pradondi-kirang kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges pradondi-kirang, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(11) Ing relief pungkasan digambarake bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" **mung** kari wong atusan. (1/94/PS No.30)

Data (11) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ing relief pungkasan digambarake bangsa "sing ora perlu disebut jenenge"** saha klausa kaping kalih **kari wong atusan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **digambarake** saha **kari wong atusan**. Perangan ingkang jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi perangan lesan wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **bangsa "sing ora perlu disebut jenenge"**.

Ukara camboran (11) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (11) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(11a) Ing relief pungkasan digambarake bangsa "sing ora perlu disebut jenenge".
(11b) (Bangsa "sing ora perlu disebut jenenge") kari wong atusan.

Ukara camboran (11) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (11) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(11c) ***Mung** kari wong atusan, ing relief pungkasan digambarake bangsa “sing ora perlu disebut jenenge”.

Ukara camboran sajajar (11) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-kirang. Gegayutan teges pradondi-kirang, kadadosan amargi klausa kaping kalih **kari wong atusan**, ngandharaken tumindak ingkang kirang saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa kaping kalih **ing relief pungkasan digambarake bangsa “sing ora perlu disebut jenenge”**.

Teges kirang saking gegayutan teges pradondi kasebat, katitik saking klausa kaping kalih **kari wong atusan**, ingkang nedahaken kirangipun gunggungan saking tembung **bangsa** wonten ing klausa sepisanan. Limrahipun, sawijining bangsa cacahipun warga ewunan utawi yutanan tiyang, nanging wonten ing klausa kaping kalih dipunandharaken bilih cacahipun kantun tiyang atusan kemawon. Tembung panggandheng koordinatif **mung**, dados titikan gegayutan teges pradondi-kirang kasebat.

Gegayutan teges pradondi-kirang wonten ing ukara camboran sajajar (11) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif

**mung**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **kari atusan wong**.

**3) Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(12) Senadyan bathine mung limangaatus repis **nanging** lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah. (1/139/PS No.32)

Data (12) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **bathine mung limangatus repis** saha klausa kaping kalih **lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mung limangatus repis** saha **ngentheng-enthengi**. Tembung panggandheng **senadyan**, minangka tembung panggandheng antawis ukara saderengipun kaliyan ukara camboran sajajar menika. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **bathine**.

Ukara camboran (12) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (12) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(12a) Bathine mung limangaatus repis.
(12b) (Bathine) lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah.

Ukara camboran (12) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (12) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(12c) ***Nanging** lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah, bathine mung limangatus repis.

Ukara camboran sajajar (12) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-nglangkungakeh. Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, kadadosan amargi klausa kaping kalih **lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah**, ngandharaken pradondi ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak wonten ing klausa sepisanan **bathine mung limangatus repis**. Konsepipun, **limangatus repis** wonten ing klausa sepisanan gadhah teges ‘kirang’, dene **bisa ngentheng-enthengi kebutuhan** wonten ing klausa kaping kalih, gadhah teges ‘langkung’. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken wonten ing ukara camboran sajajar (12) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha gegayutan teges pradondi-nglangkungaken menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat

wonten sangajengipun klausa kaping kalih **lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah**.

**4) Gegayutan teges pradondi-gunggungan kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges pradondi-gunggungan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(13) "…Ora trima mung nyedhot getih, **nanging uga** nyedhot lenga barang…" (1/79/PS No.29)

Data (13) ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ora trima mung nyedhot getih** saha klausa kaping kalih **nyedhot lenga barang**. Klausa-klausa kasebat kalenggahanipun dados perangan ingkang ngisi wasesa. Klausa-klausa menika, jejeripun dipunsingidaken, amargi perangan ingkang ngisi jejer sami kaliyan konstituen ingkang ngisi jejer wonten ing ukara saderengipun, inggih menika **lintah**.

Ukara camboran (13) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (13) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(13a) Ora trima mung nyedhot getih.
(13b) Nyedhot lenga barang.

Ukara camboran (13) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (13) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(13c) ***Nanging uga** nyedhot lenga barang, ora trima mung nyedhot getih.

Ukara camboran sajajar (13) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-gunggungan. Gegayutan teges pradondi-gunggungan, kadadosan amargi klausa kaping kalih **nyedhot lenga barang**, ngandharaken pradondi menapa dene gunggungipun saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **ora trima mung nyedhot getih**. Teges gunggungan saking gegayutan teges pradondi-gunggungan kasebat, katitik bilih wonten gunggungan ingkang dipuntedahaken wonten ing klausa kaping kalih **nyedhot lenga barang**, ingkang dipuncethakaken kanthi tembung **barang**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging uga**, dados titikan gegayutan teges pradondi-gunggungan kasebat.

Gegayutan teges pradondi-gunggungan wonten ing ukara camboran sajajar (13) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging uga**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **nyedhot lenga barang**.

**5) Gegayutan teges pradondi-gunggungan kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar kanthi gegayutan teges pradondi-gunggungan, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(14) “Lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut, saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah…” (1/78/PS No.29)

Data (14) ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut** saha klausa kaping kalih **saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika tembung **uripe**.

Ukara camboran (14) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (14) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(14a) Lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut.
(14b) Saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah.

Ukara camboran sajajar (14) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-gunggungan. Gegayutan teges pradondi-gunggungan menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah**, dados kahanan ingkang nedahaken minangka pradondi-gunggungan saking klausa sepisanan **lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut**. Teges gunggungan saking gegayutan teges pradondi kasebat, katitik saking tembung **ora mung** wonten ing klausa sepisanan, ingkang nedahaken wontenipun

gunggungan ing klausa kaping kalih. Gegayutan teges pradondi-gunggungan, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges pradondi-gunggungan kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging**, **ning**, **nanging uga**. Ukara camboran sajajar (14) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(14c) "Lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut,

{ **nanging** / **ning** / **nanging uga** } saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah."

Ukara camboran (14c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (14c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(15d) *" { **Nanging** / **Ning** / **Nanging uga** } saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah, lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut…"

**6) Gegayutan teges pradondi-pambeda kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges pradondi-pambeda. Titikan gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat, arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(15) Rumah sakite wis rampung dibangun, **nanging** durung diresmekake. (1/55/PS No.29)

Data (15) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **rumah sakite wis rampung dibangun** saha klausa kaping kalih **durung diresmekake**. Klausa-klausa katitik saking wasesanipun, inggih menika **wis rampung dibangun** saha **durung diresmekake**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **rumah sakite**.

Ukara camboran (15) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (15) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(15a) Rumah sakite wis rampung dibangun.
(15b) (Rumah sakite) durung diresmekake.

Ukara camboran (15) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekakaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa

ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (15) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(15c) ***Nanging** durung diresmekake, rumah sakite wis rampung dibangun.

Ukara camboran sajajar (15) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda, kadadosan amargi klausa kaping kalih **durung diresmekake**, ngandharaken tumindak ingkang beda saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **rumah sakite wis rampung dibangun**. Teges pambeda saking gegayutan teges pradondi kasebat, katitik saking wasesa **durung diresmekake** wonten ing klausa kaping kalih, minangka pambeda saking wasesa **wis rampung dibangun** wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi-pambeda menika.

Gegayutan teges pradondi-pambeda wonten ing ukara camboran sajajar (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking pananggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **durung diresmekake**.

**7) Gegayutan teges pradondi-pambeda kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges pradondi-pambeda. Titikan gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat, arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(16) Sedhan werna perak iku liwat regol, kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh. (1/298/PS No. 38)

Data (16) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **sedhan werna perak iku liwat regol** saha klausa kaping kalih **kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **liwat** saha **wis ora bisa meruhi**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **sedhan werna perak iku**.

Ukara camboran (16) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (16) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(16a) Sedhan werna perak iku liwat regol.
(16b) (Sedhan werna perak iku) kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh.

Ukara camboran sajajar (16) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh**, ngandharaken tumindak ingkang beda saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **sedhan werna perak iku liwat regol**. Teges pambeda saking gegayutan teges pradondi kasebat, katitik

saking wasesa **wis ora bisa meruhi kedadeyan** wonten ing klausa kaping kalih, minangka pambeda saking wasesa **liwat regol** wonten ing klausa sepisanan. Gegayutan teges pradondi-pambeda, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat, gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging**, **ning**. Ukara camboran sajajar (16) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(16c) Sedhan werna perak iku liwat regol { **nanging** / **ning** } kang ana njerone njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh.

Ukara camboran (16c) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekakaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (16c) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(16d) * { **Nanging** / **Ning** } kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh, sedhan werna perak iku liwat regol.

### e. Ukara Camboran Sajajar ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kombinasi

Ukara camboran sajajar saking asiling panaliten, gadhah sekawan jinis gegayutan teges kombinasi, inggih menika runtut + nglangkungaken, gunggung + pradondi, pradondi + gunggung, sarta pamilih + nglangkungaken. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

#### 1) Gegayutan teges runtut + nglangkungaken kanthi titikan sinamun

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges kombinasi runtut + nglangkungaken. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(17) Apamaneh bareng ibune dikatut-katutke, diuring-uring dening bapake, ditembungi kasar. (1/36/PS No.28)

Data (17) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **ibune dikatut-katutke**, klausa kaping kalih **diuring-uring dening bapake**, sarta klausa kaping tiga **ditembungi kasar**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **dikatut-katutke**, **diuring-uring**, saha **ditembungi**. Tembung panggandheng **apamaneh bareng**, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara camboran sajajar menika kaliyan ukara saderengipun. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih saha klausa kaping tiga dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **ibune**.

Ukara camboran (17) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekakaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (17) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(17a) Ibune dikatut-katutke.
(17b) (Ibune) diuring-uring dening bapake.
(17c) (Ibune) ditembungi kasar.

Ukara camboran sajajar (17) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kombinasi runtut + nglangkungakaken. Gegayutan teges runtut wonten ing ukara camboran menika, kalebet gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut kasebat, kadadosan amargi klausa kaping kalih **diuring-uring dening bapake** saha klausa kaping tiga **ditembungi kasar**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking klausa sepisanan **ibune dikatut-katutke**. Gegayutan teges runtut menika, katitik saking wasesa **diuring-uring** saha **ditembungi**, minangka tumindak ingkang dados urutan saking tumindak wasesa **dikatut-katutke** wonten ing klausa sepisanan.

Gegayutan teges nglangkungakaken wonten ing ukara camboran menika, kalebet gegayutan teges nglangkungakaken wetah. Gegayutan teges nglangkungakaken kasebat, kadadosan amargi klausa kaping tiga **ditembungi kasar**, minangka tumindak ingkang sipatipun nglangkungakaken tumindak wonten ing klausa kaping kalih **diuring-uring dening bapake**. Teges nglangkungakaken, katitik saking tumindak klausa **ditembungi kasar**, dados tumindak ingkang sipatipun nglangkungakaken saking wasesa **diuring-uring** wonten ing klausa kaping kalih.

Gegayutan teges runtut + nglangkungaken kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **diuring-uring dening bapake** saha klausa kaping tiga Ø **ditembungi kasar**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur**, **tumuli**, **nuli**, **terus**, **langsung** sarta **malah**, **tur**, **tur maneh**, **apamaneh** ingkang dados titikan gegayutan teges runtut + nglangkungaken. Ukara camboran sajajar (17) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(17d) Ibune dikatut-katutke { **banjur** / **tumuli** / **nuli** / **terus** / **langsung** } diuring-uring dening bapake { **malah** / **tur** / **tur maneh** / **apamaneh** } ditembungi kasar.

Ukara camboran (17d) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (17d) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(18e) * { **Banjur** / **Tumuli** / **Nuli** / **Terus** / **Langsung** } diuring-uring dening bapake, ibune dikatut-

katutke, { **malah** / **tur** / **tur maneh** / **apamaneh** } ditembungi kasar.

(18f) *(**Apamaneh**) ditembungi kasar, Ibune dikatut-katutke (**banjur**) diuring-uring dening bapake

**2) Gegayutan teges gunggung + pradondi kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sajajar gadhah gegayutan teges kombinasi gunggung + pradondi. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(18) Biyasane Gilang tansah kurmat, basane alus nganggo krama inggil, dadakan sajak nantang perkara. (1/39/PS No.28)

Data (18) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **biyasane Gilang tansah kurmat**, klausa kaping kalih **basane alus nganggo krama inggil**, sarta klausa kaping tiga **dadakan sajak nantang perkara**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tansah kurmat**, **nganggo**, sarta **nantang perkara**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih saha klausa kaping tiga dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **Gilang**.

Ukara camboran (18) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (18) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(18a) Biyasane Gilang tansah kurmat.
(18b) (Gilang) basane alus nganggo krama inggil.
(18c) (Gilang) dadakan sajak nantang perkara.

Ukara camboran sajajar (18) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kombinasi gunggung + pradondi. Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran menika, kalebet gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **basane alus nganggo krama inggil**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa sepisanan **biyasane Gilang tansah kurmat**.

Gegayutan teges pradondi wonten ing ukara camboran kasebat, inggih menika gegayutan teges pradondi-kirang. Gegayutan teges pradondi menika, kadadosan amargi klausa kaping tiga **dadakan sajak nantang perkara**, ngandharaken teges ingkang kirang saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan **biyasane Gilang tansah kurmat** saha klausa kaping kalih **basane alus nganggo krama inggil**. Teges kirang saking gegayutan teges pradondi kasebat, katitik saking wasesa **nantang perkara** wonten ing klausa kaping tiga ingkang dados kirang saking wasesa **tansah kurmat** wonten ing klausa sepisanan saha wasesa **basane alus** wonten ing klausa kaping kalih.

Gegayutan teges gunggung + pradondi kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking

tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **basane alus nganggo krama inggil** saha klausa kaping tiga Ø **dadakan sajak nantang perkara**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **uga**, **sarta**, saha **nanging**, **mung**, **ewosemono**, **dene**, ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung + pradondi. Ukara camboran sajajar (18) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(18d) Biyasane Gilang tansah kurmat { **lan** / **sarta** / **uga** } basane alus nganggo krama inggil, { **nanging** / **mung** / **ewosemono** / **dene** } dadakan sajak nantang perkara.

Ukara camboran (18d) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (18d) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(18e) * { **Lan** / **Sarta** / **Uga** } basane alus nganggo krama inggil, biyasane Gilang tansah kurmat, { **nanging** / **mung** / **ewosemono** / **dene** } dadakan sajak nantang perkara.

(18f) *(**Ewosemono**) dadakan sajak nantang perkara, biyasane Gilang tansah kurmat, (**sarta**) basane alus nganggo krama inggil.

**3) Gegayutan teges pamilih + nglangkungaken + pradondi kanthi titikan sinamun saha titikan cetha**

Ukara camboran sajajar gadhah jinis gegayutan teges kombinasi pamilih + nglangkungaken + pradondi. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(19) Apa Ary iki ayu, setengah ayu, **malah** gak ayu babar pisan, aku durung isa mbiji. (1/189/PS No.34)

Data (19) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking sekawan klausa, inggih menika klausa sepisanan **apa Ary iki ayu**, klausa kaping kalih **setengah ayu**, klausa kaping tiga **gak ayu babar pisan** sarta klausa kaping sekawan **aku durung isa mbiji**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ayu**, **setengah ayu**, **gak ayu babar pisan**, saha frasa **durung isa mbiji**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih saha klausa kaping tiga dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa sepisanan, inggih menika **Ary**.

Ukara camboran (19) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (19) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(19a) Apa Ary iki ayu.
(19b) (Ary) setengah ayu.
(19c) (Ary) gak ayu babar pisan.
(19d) Aku durung isa mbiji.

Ukara camboran sajajar (19) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kombinasi pamilih + nglangkungaken + pradondi. Gegayutan teges pamilih wonten ing ukara camboran menika, kalebet jinis gegayutan teges pamilih wetah. Gegayutan teges pamilih wetah kasebat, kadadosan amargi klausa kaping kalih **setengah ayu** ngandharaken satunggaling pamilih saking pamilih sanes ingkang dipunandharaken wonten ing klausa sepisanan **apa Ary iki ayu**. Teges pamilih wetah wonten ing ukara camboran sajajar menika, bab ingkang dados pamilih antawisipun wasesa **ayu** wonten ing klausa sepisanan kaliyan wasesa **setengah ayu** wonten ing klausa kaping kalih. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken.

Gegayutan teges nglangkungaken wonten ukara camboran kasebat, kalebet jinis gegayutan teges nglangkungaken wetah. Gegayutan teges nglangkungaken wetah menika, kadadosan amargi klausa kaping tiga **gak ayu** minangka tumindak ingkang sipatipun nglangkungaken tumindak wonten ing klausa sepisanan **apa Ary iki ayu** saha klausa kaping kalih **setengah ayu**. Tembung panggandheng koordinatif **malah**, dados titikan gegayutan teges nglangkungaken wetah kasebat.

Gegayutan teges pradondi wonten ukara camboran kasebat, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **aku durung isa mbiji** ngandharaken tumindak ingkang beda saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **apa Ary iki ayu**, klausa kaping kalih **setengah ayu**, sarta klausa kaping tiga **gak ayu**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat dipunsingidaken.

Gegayutan teges pamilih + nglangkungaken + pradondi kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **malah**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping tiga **gak ayu babar pisan**.

Titikan sinamun gegayutan teges nglangkungaken + pradondi, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa kaping kalih Ø **setengah ayu** saha klausa kaping sekawan Ø **aku durung isa mbiji**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **utawa**, **apa**, saha **nanging**, **ning**. Ukara camboran sajajar (19) ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(19e) Apa Ary iki ayu, { **utawa** / **apa** } setengah ayu, **malah** gak ayu babar pisan, { **nanging** / **ning** } aku durung isa mbiji.

Ukara camboran (19e) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (19e) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(19f) *{ **Utawa** / **Apa** } setengah ayu, apa Ary iki ayu, **malah** gak ayu babar pisan, { **nanging** / **ning** } aku durung isa mbiji.

(19g) *__Malah__ gak ayu babar pisan, apa Ary iki ayu, (**utawa**) setengah ayu, (**nanging**) aku durung isa mbiji.

(19h) *(**Nanging**) aku durung isa mbiji, apa Ary iki ayu, (**utawa**) setengah ayu, **malah** gak ayu babar pisan.

**4) Gegayutan teges pradondi + gunggung kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sajajar kanthi gegayutan teges kombinasi pradondi + gunggung, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(20) Sejatine pabrik lagi bukak jam wolu, **nanging** esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik **lan banjur** arep bebarengan nekani dhemo buruh. (1/282/PS No.38)

Data (20) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sajajar. Ukara camboran sajajar kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **sejatine pabrik lagi bukak jam wolu**, klausa kaping kalih **esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik**, sarta klausa kaping tiga **arep bebarengan nekani dhemo buruh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lagi bukak**, **pancen wis padha kangsenan teka** sarta **arep bebarengan nekani**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping tiga dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa kaping kalih, inggih menika **esuk iku**.

Ukara camboran (20) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang saged madeg piyambak dados ukara lamba. Ukara lamba saking ukara camboran sajajar (20) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(20a) Sejatine pabrik lagi bukak jam wolu.
(20b) Esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik.
(20c) (Esuk iku) arep bebarengan nekani dhemo buruh.

Ukara camboran (20) kalebet jinis ukara camboran sajajar, dipunbuktekaken saking klausa-klausa ingkang dipungandheng ngginakaken tembung panggandheng koordinatif, gadhah urutan tetep. Bab menika dipunbuktekaken saking papanipun klausa-klausa kasebat. Bilih papanipun klausa ingkang dipunwiwiti tembung panggandheng koordinatif dipunpindhah, ukara camboran (20) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(20d) ***Lan banjur** arep bebarengan nekani dhemo buruh, sejatine pabrik lagi bukak jam wolu, **nanging** esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik.
(20e) ***Nanging** esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik, sejatine pabrik lagi bukak jam wolu **lan banjur** arep bebarengan nekani dhemo buruh.

Ukara camboran sajajar (21) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi + gunggung. Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik** saha klausa kaping tiga **arep bebarengan nekani dhemo buruh**, dados

tumindak ingkang beda saking tumindak wonten ing klausa sepisanan **sejatine pabrik lagi bukak jam wolu**.

Gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat, katitik saking wasesa **teka luwih gasik** wonten ing klausa kaping kalih saha wasesa **nekani dhemo buruh** wonten ing klausa kaping tiga, ingkang dados pambeda kaliyan wasesa **lagi bukak jam wolu** wonten ing klausa sepisanan. Tembung panggandheng koordinatif **nanging** menika, dados titikan gegayutan teges pradondi-pambeda kasebat.

Gegayutan teges gunggung wonten ing gegayutan teges pradondi + gunggung menika, kalebet gegayutan teges gunggung-runtut. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa kaping tiga **arep bebarengan nekani dhemo buruh**, dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa kaping kalih **esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik** ingkang kadadosan kanthi runtut. Teges runtut saking gegayutan teges gunggung-runtut menika, katitik saking perangan **nekani dhemo buruh**, ingkang dados urutan saking perangan **teka luwih gasik**. Tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut kasebat.

Gegayutan teges pradondi + gunggung kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping kalih **esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik**; saha panganggenipun tembung panggandheng

koordinatif **lan banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa kaping tiga **arep bebarengan nekani dhemo buruh**.

## 2. Ukara Camboran Sungsun

Panaliten ngengingi ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September taun 2012, manggihaken data jinis ukara camboran sungsun ingkang gadhah 26 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ingkang cacahipun 12 jinis, kadadosan saking kalih klausa. Gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun ingkang cacahipun 14 jinis, kadadosan langkung saking kalih klausa. Pirembagan asiling panaliten bab ukara camboran sungsun kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

### a. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Akibat

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges akibat. Titikan gegayutan teges kasebat, arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan gegayutan teges akibat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### 1) Gegayutan teges akibat kanthi titikan cetha

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(1) Anggone nyambut gawe tliti banget, **mula** akeh pelanggan sing marem marang garapane. (1/135/PS No.32)

Data (1) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **anggone nyambut gawe tliti banget** saha klausa subordinatif **mula akeh pelanggan sing marem marang garapane**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nyambut gawe** saha **marem**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (1) kasebat, boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (1) dados boten gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(1a) ***Mula** akeh pelanggan sing marem marang garapane, anggone nyambut gawe tliti banget.

Ukara camboran sungsun (1) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges akibat. Gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa subordinatif **mula akeh pelanggan sing marem marang garapane**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **anggone nyambut gawe tliti banget**. Tembung panggandheng subordinatif **mula**, dados titikan gegayutan teges akibat kasebat.

Gegayutan teges akibat wonten ing ukara camboran sungsun (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika,

dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **mula**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **mula akeh pelanggan sing marem marang garapane**.

**2) Gegayutan teges akibat kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(2) Pak Brojo ngono lanang kemangi, ora bisa tumindak apa-apa.(1/269/PS No.37)

Data (2) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Pak Brojo ngono lanang kemangi** saha klausa kaping kalih **ora bisa tumindak apa-apa**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lanang kemangi** saha **ora bisa tumindak**. Klausa kaping kalih minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (2) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges akibat. Gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa pendukung **ora bisa tumindak apa-apa**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **Pak Brojo ngono lanang kemangi**. Gegayutan teges akibat kasebat, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer

Gegayutan teges akibat kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa pendukung Ø **ora bisa tumindak apa-apa**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **akibate**, **mula**, **saengga**, **nganti**. Ukara camboran sungsun (2), ngginakaken tembung panggandheng kados ing ngandhap menika.

(2a) Pak Brojo ngono lanang kemangi { **akibate** / **mula** / **saengga** / **nganti** } ora bisa tumindak apa-apa.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (2a) kasebat, boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (2a) dados boten gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(2b) * { **akibate** / **mula** / **saengga** / **nganti** } ora bisa tumindak apa-apa, Pak Brojo ngono lanang kemangi.

**b. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Cara**

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges cara. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan gegayutan teges cara, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges cara kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges cara. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(3) Wratsongko lagi nandha tangani berkas-berkas **karo** plintiran nahan wetenge sing kemrucuk. (1/117/PS No.31)

Data (3) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Wratsongko lagi nandha tangani berkas-berkas** saha klausa subordinatif **karo plintiran nahan wetenge sing kemrucuk**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lagi nandha tangani** saha **plintiran**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (3) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (3) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(3a) **Karo** plintiran nahan wetenge sing kemrucuk, Wratsongko lagi nandha tangani berkas-berkas.

Ukara camboran sungsun (3) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara. Gegayutan teges cara, kadadosan amargi klausa subordinatif **karo plintiran**

**nahan wetenge sing kemrucuk**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Wratsongko lagi nandha tangani berkas-berkas**. Wasesa **plintiran** wonten ing klausa pendukung, dados cara saking wasesa **lagi nandha tangani** wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng subordinatif **karo** kasebat, dados titikan gegayutan teges cara.

Gegayutan teges cara wonten ing ukara camboran sungsun (3) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **karo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **karo plintiran nahan wetenge sing kemrucuk**.

**2) Gegayutan teges cara kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges cara. Titikan gegayutan teges kasebat, wonten ingkang arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(4) Bu Ary ngadeg ngarep blabag, ngawasi kanca sakelas. (1/194/PS No.34)

Data (4) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat, kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **Bu Ary ngadeg ngarep blabag** saha klausa kaping kalih **ngawasi kanca sakelas**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ngadeg** saha **ngawasi**. Klausa kaping kalih minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa

sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (4) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara. Gegayutan teges cara, kadadosan amargi klausa pendukung **ngawasi kanca sekelas**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Bu Ary ngadeg ngarep blabag**. Wasesa **ngawasi** wonten ing klausa pendukung, ingkang dados cara saking wasesa **ngadeg** wonten ing klausa utama. Gegayutan teges cara kasebat, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges cara wonten ing ukara camboran sungsun (4) kasebat, gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa pendukung Ø **ngawasi kanca sakelas**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi**, **sinambi**, **karo**, **kambi**, **kanthi**. Ukara camboran sungsun (4) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(4a) Bu Ary ngadeg ngarep blabag { **sambi** / **sinambi** / **kambi** / **karo** / **kanthi** } ngawasi kanca sakelas.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (4a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif

dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (4a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(4b) { **sambi** / **sinambi** / **kambi** / **karo** / **kanthi** } ngawasi kanca sakelas, Bu Ary ngadeg ngarep blabag.

**c. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges isi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(5) Ing kene uga dicritakake **menawa** bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur. (1/91/PS No.30)

Data (5) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ing kene uga dicritakake** saha klausa subordinatif **menawa bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **dicritakake** saha **digambarake**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (5) kasebat, boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif

dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (5) dados boten gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(5a) ***Menawa** bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur, ing kene uga dicritakake.

Ukara camboran sungsun (5) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges isi. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **menawa bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur**, ngandharaken isi saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **ing kene uga dicritakake**. Klausa subordinatif **menawa bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur**, ngandharaken isi saking wasesa **dicritakake** wonten ing klausa utama, ingkang tegesipun dereng cetha. Tembung panggandheng subordinatif **menawa**, dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

Gegayutan teges isi wonten ing ukara camboran sungsun (5), gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan cetha. Titikan cetha, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **menawa**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **menawa bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur**.

### d. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Upama

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges upama, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(6) **Upama** iku wektu bengi lan ing papan sepi, mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih. (1/236/PS No.36)

Data (6) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa subordinatif **upama iku wektu bengi lan ing papan sepi** saha klausa sepisanan **mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **bakal dakusapi**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (6) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (6) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(6a) Mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih **upama** iku wektu bengi lan ing papan sepi.

Ukara camboran sungsun (6) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges upama. Gegayutan teges upama, kadadosan amargi klausa subordinatif **upama iku wektu bengi lan ing papan sepi**, ngandharaken tumindak ingkang kadadosanipun minangka wujud upama saking klausa utama **mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih**. Wasesa **bakal dakusapi** wonten ing klausa utama, saged katindakaken bilih kahananipun kados

andharan wonten ing klausa subordinatif **upama iku wektu bengi lan ing papan sepi**. Tembung panggandheng subordinatif **upama**, dados titikan gegayutan teges upama kasebat.

Gegayutan teges upama wonten ing ukara camboran sungsun (6) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **upama**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **upama iku wektu bengi lan ing papan sepi**.

**e. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tetandhingan**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tetandhingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges tetandhingan kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tetandhingan. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(7) "…Wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya menyang aku **tinimbang** menyang wong anyar kaya panjenengan." (1/272/PS No.37)

Data (7) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya**

**menyang aku** saha klausa subordinatif **tinimbang menyang wong anyar kaya panjenengan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **percaya**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (7) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (7) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(7a) "...**Tinimbang** menyang wong anyar kaya panjenengan, wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya menyang aku."

Ukara camboran sungsun (7) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tetandhingan Gegayutan teges tetandhingan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **tinimbang menyang wong anyar kaya panjenengan**, ngandharaken tumindak ingkang dados tetandhingan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya menyang aku**. Bab ingkang dados tetandhingan wonten ing gegayutan teges kasebat, inggih menika kapitadosan tiyang-tiyang wonten ing masarakat, tumrap perangan ingkang ngisi lesan wonten ing saben klausa, inggih menika perangan aku saha perangan panjenengan. Tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**, dados titikan gegayutan teges tetandhingan kasebat.

Gegayutan teges tetandhingan wonten ing ukara camboran sungsun (7) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **tinimbang menyang wong anyar kaya panjenengan**.

2) **Gegayutan teges tetandhingan kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tetandhingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(8) Rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat, isih kalah angel anggonku nglalekake Wati. (1/253/PS No.36)

Data (8) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat** saha klausa kaping kalih **isih kalah angel anggonku nglalekake Wati**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **njumbuhake** saha **nglalekake**. Klausa sepisanan minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa sepisanan minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (8) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tetandhingan Gegayutan teges tetandhingan kasebat, kadadosan amargi klausa

pendukung **rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat**, dados tumindak ingkang ngandharaken tetandhingan kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **isih kalah angel anggonku nglalekake Wati**. Bab ingkang dados tetandhingan wonten ing gegayutan teges tetandhingan kasebat, inggih menika kahanan angel antawisipun **nglalekake Wati** wonten ing klausa utama, ingkang kahananipun langkung angel saking **njumbuhake adat pakulinane masarakat** wonten ing klausa pendukung. Gegayutan teges kasebat, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges tetandhingan wonten ing ukara camboran sungsun (8) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa pendukung Ø **rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **katimbang**, **tinimbang**. Ukara camboran sungsun (8) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(8a) { **Katimbang** / **Tinimbang** } rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat, isih kalah angel anggonku nglalekake Wati.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (8a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif

dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (8a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(8b) Isih kalah angel anggonku nglalekake Wati (**katimbang**) rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat.

**f. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pembandingan**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges pembandingan. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(9) Aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal **kaya** jaran giras. (1/324/PS No.39)

Data (9) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa **aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal** saha klausa subordinatif **kaya jaran giras**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mung njenger weruh** saha **giras**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Pramila, klausa sepisanan minangka klausa utama, klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (9) kasebat, boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (9) dados boten gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(9a) ***Kaya** jaran giras, aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal.

Ukara camboran sungsun (9) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pembandingan. Gegayutan teges pembandingan, kadadosan amargi klausa subordinatif **kaya jaran giras**, nedahaken wontenipun bab ingkang sami utawi memper kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal**. Bab ingkang memper, inggih menika polahipun **jaran giras** wonten ing klausa subordinatif, ingkang sami utawi memper kaliyan polahipun **Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal** wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan.

Gegayutan teges pembandingan wonten ing ukara camboran sungsun (9) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kaya jaran giras**.

### g. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kajaba

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges kajaba. Titikan gegayutan teges kajaba kasebat arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(10) **Kajaba** dhalang dheweke uga baut nyungging wayang. (1/63/PS No.29)

Data (10) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika

klausa subordinatif **kajaba dhalang** saha klausa kaping kalih **dheweke uga baut nyungging wayang**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **dhalang** saha **nyungging**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (10) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (10) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(10a) Dheweke uga baut nyungging wayang **kajaba** dhalang.

Ukara camboran sungsun (10) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kajaba. Gegayutan teges kajaba kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **kajaba dhalang**, dados tumindak minangka kajaba tumrap tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama dheweke **uga baut nyungging wayang**. Tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, dados titikan gegayutan teges kajaba kasebat.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sungsun (10) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kajaba dhalang**.

**h. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kosok wangsul**

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges kosok wangsul. Titikan gegayutan teges, wonten ingkang arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges Kosok wangsul kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(11) Dheweke ora suwala **najan** ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane. (1/310/PS No.39)

Data (11) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **dheweke ora suwala** saha klausa subordinatif **najan ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora suwala** saha **ora ana owah-owahan apa-apa**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Pramila, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (11) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (11) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(11a) **Najan** ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane, dheweke ora suwala.

Ukara camboran sungsun (11) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kosok wangsul. Gegayutan teges kosok wangsul, kadadosan amargi klausa subordinatif **najan ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane**, ngandharaken tumindak ingkang dados kosok wangsul saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **dheweke ora suwala**. Wasesa **ora suwala** wonten ing klausa utama kaliyan wasesa **ora ana owah-owahan apa-apa** wonten ing klausa subordinatif, dados bab ingkang berlawanan. Tembung panggandheng subordinatif **najan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul kasebat.

Gegayutan teges kosok wangsul wonten ing ukara camboran sungsun (11) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **najan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa subordinatif **najan ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane**.

**2) Gegayutan teges kosok wangsul kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun kanthi jinis gegayutan teges kosok wangsul, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(12) Tanpa takon-takon, aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari. (1/183/PS No.33)

Data (12) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat, kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **tanpa takon-takon** saha klausa kaping kalih **aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tanpa takon-takon** saha **wis tekan**. Klausa sepisanan minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa pendukung, dene klausa kaping kalih minangka klausa utama.

Ukara camboran sungsun (12) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kosok wangsul. Gegayutan teges kosok wangsul kasebat, kadadosan amargi klausa pendukung **tanpa takon-takon**, ngandharaken tumindak ingkang dados kosok wangsul saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari**. Bab menika amargi, klausa pendukung **tanpa takon-takon** minangka kosok wangsul saking wasesa **wis tekan ngarep omah** wonten ing klausa utama. Gegayutan teges kasebat, dipunmangertosi saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges kosok wangsul wonten ing ukara camboran sungsun (12) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa pendukung Ø **tanpa takon-takon**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sanadyanta**, **senajan**, **najan**,

**nadyan**, **sanadyan**, **sanajan**, **senadyanta**, **najanta**. Ukara camboran sungsun (12) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(12a) {
**Sanadyanta**
**Senajan**
**Najan**
**Nadyan**
**Sanadyan**
**Sanajan**
**Senadyanta**
**Najanta**
} tanpa takon-takon, aku wis tekan ngarep omah

sing biyen dipondhoki Murni Lestari.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (12a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (12a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(12b) Aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari

{
**Sanadyanta**
**Senajan**
**Najan**
**Nadyan**
**Sanadyan**
**Sanajan**
**Senadyanta**
**Najanta**
} tanpa takon-takon.

**i. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sebab. Titikan gegayutan teges kasebat, wonten ingkang arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data panaliten ingkang wonten gegayutanipun kaliyan gegayutan teges sebab, kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

**1) Gegayutan teges sebab kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(13) Ora sethithik pabrik ambruk **jalaran** diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan. (1/284/PS No.38)

Data (13) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ora sethithik pabrik ambruk** saha klausa subordinatif **jalaran diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora sethithik** saha **diwartakake**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (13) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (13) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(13a) **Jalaran** diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan, ora sethithik pabrik ambruk.

Ukara camboran sungsun (13) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sebab. Gegayutan teges sebab kasebat, kadadosan amargi klausa

subordinatif **jalaran diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan**, ngandharaken sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **ora sethithik pabrik ambruk**. Tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, dados titikan gegayutan teges sebab kasebat.

Gegayutan teges sebab wonten ing ukara camboran sungsun (13) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **jalaran diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan**.

**2) Gegayutan teges sebab kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(14) Aku meneng, bingung arep matur apa maneh. (1/214/PS No.39)

Data (14) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **aku meneng** saha klausa kaping kalih **bingung arep matur apa maneh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **meneng** saha **arep matur**. Klausa kaping kalih minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (14) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sebab. Gegayutan teges sebab kasebat, kadadosan amargi klausa kaping kalih **bingung arep matur apa maneh**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **aku meneng**. Gegayutan teges sebab menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges sebab wonten ing ukara camboran sungsun (14) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **bingung arep matur apa maneh**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **merga**, **gara-gara**, **mergane**, **rehne**, **soale**, **sebab**. Ukara camboran sungsun (14) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(14a) Aku meneng { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **gara-gara** / **mergane** / **rehne** / **soale** / **sebab** } bingung arep matur apa maneh.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (14a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (14a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(14b) { **Jalaran** / **Amarga** / **Merga** / **Gara-gara** / **Mergane** / **Rehne** / **Soale** / **sebab** } bingung arep matur apa maneh, aku meneng.

**j. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sarat**

Ukara camboran sungsun kanthi jinis gegayutan teges sarat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(15) "…Bakal dak wenehi sembulih sing murwat, **waton** gelem nuruti kabeh kekarepanku…" (1/271/PS No.37)

Data (15) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **bakal dak wenehi sembulih sing murwat** saha klausa subordinatif **waton gelem nuruti kabeh kekarepanku**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **bakal dak wenehi** saha **gelem nuruti**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Pramila, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (15) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (15) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(15a) "…**Waton** gelem nuruti kabeh kekarepanku, bakal dak wenehi sembulih sing murwat…"

Ukara camboran sungsun (15) ing nginggil, gadhah gegayutan teges sarat. Gegayutan teges sarat, kadadosan amargi klausa subordinatif **waton gelem nuruti kabeh kekarepanku**, kedah dipuntindakaken minangka sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **bakal dak wenehi sembulih sing murwat**. Gegayutan teges sarat, katitik saking wasesa **gelem nuruti** wonten ing klausa subordinatif, minangka sarat saking wasesa **bakal dak wenehi** wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng subordinatif **waton**, dados titikan gegayutan teges sarat kasebat.

Gegayutan teges sarat wonten ing ukara camboran sungsun (15) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **waton**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **waton gelem nuruti kabeh kekarepanku**.

### k. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tujuan

Ukara camboran sungsun gadhah gegayutan teges tujuan. Titikan gegayutan teges kasebat, arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### 1) Gegayutan teges tujuan kanthi titikan cetha

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tujuan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(16) Aku uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah **kareben** dadi kacabenggala kanggo bangsaku. (1/106/PS No.30)

Data (16) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat, kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **aku uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah** saha klausa subordinatif **kareben dadi kacabenggala kanggo bangsaku**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **bakal nulis** saha **dadi kacabenggala**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (16) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (16) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(16a) **Kareben** dadi kacabenggala kanggo bangsaku, aku uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah.

Ukara camboran sungsun (16) wonten ng nginggil, gadhah gegayutan teges tujuan. Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **kareben dadi kacabenggala kanggo bangsaku**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama aku **uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah**. Wasesa **dadi kacabenggala** wonten ing klausa subordinatif, dados tujuan saking wasesa **bakal nulis** wonten

ing klausa utama. Tembung panggandheng subordinatif **kareben**, dados titikan gegayutan teges tujuan kasebat.

Gegayutan teges tujuan wonten ing ukara camboran sungsun (16) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kareben**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kareben dadi kacabenggala kanggo bangsaku**.

2) **Gegayutan teges tujuan kanthi titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tujuan. Titikan gegayutan teges kasebat arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(17) Ngiringi lumakune wengi, warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur. (1/81/PS No.29)

Data (17) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ngiringi lumakune wengi** saha klausa kaping kalih **warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ngiringi** saha **nindakake ayahan nyuwarakake**. Klausa sepisanan minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Pramila, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa sepisanan minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (17) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tujuan ingkang kadadosan amargi klausa pendukung **ngiringi lumakune wengi**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur**. Klausa pendukung **nggiringi lumakune wengi**, dados tujuan saking **nyuwarake gendhing-gendhing** wonten ing klausa utama. Gegayutan teges tujuan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges tujuan wonten ing ukara camboran sungsun (17) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **ngiringi lumakune wengi**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. Ukara camboran sungsun (17) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(17a) (**Kanggo**) ngiringi lumakune wengi, warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (17a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (17a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(17b) Warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur (**kanggo**) ngiringi lumakune wengi.

## l. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal, ingkang kaperang dados gadhah gangsal jinis gegayutan teges, inggih menika gegayutan wekdal wiwitan, gegayutan wekdal runtutan, gegayutan wekdal sesarengan, gegayutan wekdal wates pungkasan, sarta gegayutan wekdal salajengipun. Jinis gegayutan teges wekdal kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data ingkang gegayutan kaliyan bab menika, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

### 1) Gegayutan teges wekdal wiwitan kanthi titikan cetha

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal wiwitan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(18) "...Tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku **wiwit** aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen.." (1/237/PS No.36)

Data (18) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku** saha klausa subordinatif **wiwit aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tansah**

**daksimpen** saha **ketemu**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (18) kasebat, boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (18) dados boten gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(18a) *"...**Wiwit** aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen, tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku.."

Ukara camboran sungsun (18) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal wiwitan. Gegayutan wekdal wiwitan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **wiwit aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen**, dados wekdal sepisanan kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku**. Tembung panggandheng subordinatif **wiwit**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges wekdal wiwitan wonten ing ukara camboran sungsun (18) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **wiwit**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **wiwit aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen**.

### 2) Gegayutan teges wekdal runtutan kanthi titikan cetha

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal runtutan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(19) **Bareng** takblakani, dheweke ngajak nginep ing omahe. (1/84/PS No.30)

Data (19) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa subordinatif **bareng takblakani** saha klausa kaping kalih **dheweke ngajak nginep ing omahe**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **takblakani** saha **ngajak nginep**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (19) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (19) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(19a) Dheweke ngajak nginep ing omahe **bareng** takblakani.

Ukara camboran sungsun (19) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal runtutan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **bareng takblakani**, ngandharaken tumindak ingkang

kadadosan saderengipun kalampahan tumindak wonten ing klausa utama **dheweke ngajak nginep ing ngomahe**. Awit saking menika, wasesa **ngajak nginep** wonten ing klausa utama, minangka urutan saking wasesa **takblakani** wonten ing klausa subordinatif. Tembung panggandheng subordinatif **bareng**, dados titikan gegayutan teges wekdal kasebat.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sungsun (19) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **bareng**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **bareng takblakani**.

**3) Gegayutan teges wekdal runtutan kanthi wujud titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal runtutan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(20) Krungu kandhane Prapto, Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan. (1/67/PS No.29)

Data (20) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **krungu kandhane Prapto** saha klausa kaping kalih **Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **krungu** saha **mung manthuk-manthuk**. Klausa sepisanan minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa

kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa sepisanan minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (20) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal runtutan, kadadosan amargi klausa pendukung **krungu kandhane Prapto**, ngandharaken tumindak ingkang kadadosan saderengipun kalampahan tumindak wonten ing klausa utama **Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan**. Awit saking menika, klausa utama kadadosan sasampunipun tumindak wonten ing klausa subordinatif. Wasesa **manthuk-manthuk** wonten ing klausa utama, minangka urutan saking wasesa **krungu** wonten ing klausa subordinatif. Gegayutan teges wekdal runtutan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges wekdal runtutan wonten ing ukara camboran sungsun (20) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **krungu kandhane Prapto**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bakda**, **bubar**, **lebar**, **sabubare**, **sawise**. Ukara camboran sungsun (20) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(20a) { **Bakda** / **Bubar** / **Lebar** / **Sabubare** / **Sawise** } krungu kandhane Prapto, Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (20a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (20a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(20b) Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan,

{ **bakda** / **bubar** / **lebar** / **sabubare** / **sawise** } krungu kandhane Prapto.

**4) Gegayutan teges wekdal sesarengan kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal sesarengan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(21) **Saben** didu kasti mongsuh sekolahan liya, Ary mesthi dadi bintange. (1/191/PS No.34)

Data (21) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa subordinatif **saben didu kasti mongsuh sekolahan liya** saha klausa kaping kalih **Ary mesthi dadi bintange**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **didu** saha **mesthi dadi bintange**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (21) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (21) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(21a) Ary mesthi dadi bintange **saben** didu kasti mongsuh sekolahan liya.

Ukara camboran sungsun (21) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **saben didu kasti mongsuh sekolahan liya**, ngandharaken kadadosanipun tumindak sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama Ary **mesthi dadi bintange**. Gegayutan teges wekdal sesarengan menika, katitik saking wasesa **didu kasti** ingkang kadadosanipun sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **Ary mesthi dadi bintange**. Tembung panggandheng subordinatif **saben**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges wekdal sesarengan wonten ing ukara camboran sungsun (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **saben**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **saben didu kasti mongsuh sekolahan liya**.

5) **Gegayutan teges wekdal sesarengan kanthi wujud titikan sinamun**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal sesarengan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(22) Ngepasi aku ana mburine, pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah. (1/141/PS No.32)

Data (22) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa sepisanan **ngepasi aku ana mburine** saha klausa kaping kalih **pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ngepasi** saha **diundang**. Klausa sepisanan minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa sepisanan minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (22) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat, kadadosan amargi klausa pendukung **ngepasi aku ana mburine**, ngandharaken tumindak ingkang kadadosanipun sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah**. Gegayutan teges wekdal sesarengan, katitik saking klausa pendukung **ngepasi aku ana mburine** ingkang kadadosanipun sesarengan kaliyan tumindak wasesa **diundang tanggane** wonten ing klausa utama. Gegayutan teges wekdal sesarengan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges wekdal sesarengan wonten ing ukara camboran sungsun (22) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **ngepasi aku ana**

**mburine**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika**, **rikala**, **dhek**, **wektu**. Ukara camboran sungsun (22) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(22a) { **Nalika** / **Rikala** / **Dhek** / **Wektu** } ngepasi aku ana mburine, pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (22a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (22a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(22b) Pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah (**dhek**) ngepasi aku ana mburine.

**6) Gegayutan teges wekdal wates pungkasan kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal wates pungkasan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(23) **Nganti** wong edan kuwi kauntal ramene dalan, Wratsongko isih nganyer neng kono. (1/130/PS No.31)

Data (23) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika

klausa subordinatif **nganti wong edan kuwi kauntal ramene dalan** saha klausa kaping kalih **Wratsongko isih nganyer neng kono**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **kauntal** saha **isih nganyer**. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (23) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (23) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(23a) Wratsongko isih nganyer neng kono **nganti** wong edan kuwi kauntal ramene dalan.

Ukara camboran sungsun (23) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal wates pungkasan. Gegayutan teges wekdal wates pungkasan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **nganti wong edan kuwi kauntal ramene dalan**, dados tumindak ingkang ngandharaken wekdal wates pungkasan kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Wratsongko isih nganyer neng kono**. Tembung panggandheng subordinatif **nganti**, dados titikan gegayutan teges wekdal wates pungkasan kasebat.

Gegayutan teges wekdal wates pungkasan wonten ing ukara camboran sungsun (23) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng

subordinatif **nganti**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **nganti wong edan kuwi kauntal ramene dalan**.

7) **Gegayutan teges wekdal salajengipun kanthi titikan cetha**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal salajengipun, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(24) Mula **sadurunge** diresmekake, pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar. (1/56/PS No.29)

Data (24) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking kalih klausa, inggih menika klausa subordinatif **sadurunge diresmekake** saha klausa kaping kalih **pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **diresmekake** saha **wis padha diboyong**. Tembung panggandheng **mula** wonten ing sangajengipun ukara camboran sungsun menika, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran sungsun kasebat. Klausa subordinatif minangka informasi sekunder, amargi dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (1) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif

dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (1) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(24a) Pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar **sadurunge** diresmekake.

Ukara camboran sungsun (24) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal salajengipun. Gegayutan teges wekdal salajengipun kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **sadurunge diresmekake**, ngandharaken bilih tumindak ingkang kadadosan wonten ing klausa subordinatif kadadosan sasampunipun nindakaken tumindak wonten ing klausa utama **pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar**. Tembung panggandheng subordinatif **sadurunge**, dados titikan gegayutan teges wekdal salajengipun kasebat.

Gegayutan teges wekdal salajengipun wonten ing ukara camboran sungsun (24) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sadurunge**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **sadurunge diresmekake**.

### m. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Cara-Kosok wangsul

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges cara-kosok wangsul, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(25) Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli **kanthi** nyebut jenenge **sanajan** kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau. (1/4/PS No.27)

Data (25) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli**; klausa subordinatif 1 **kanthi nyebut jenenge**; sarta klausa subordinatif 2 **sanajan kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mangsuli**, **nyebut**, sarta **kalah banter**. Klausa-klausa subordinatif kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa-klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa-klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (25) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa-klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (25) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(25a) **Kanthi** nyebut jenenge, Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli **sanajan** kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau.
(25b) **Sanajan** kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau, Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli **kanthi** nyebut jenenge.

Ukara camboran sungsun (25) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara-kosok wangsul. Gegayutan teges cara kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kanthi nyebut jenenge**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Pak Kasiyan**

**dhewe iya mangsuli**. Tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, dados titikan gegayutan teges cara kasebat.

Dene gegayutan teges kosok wangsul kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **sanajan kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau**, minangka tumindak ingkang berlawanan kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli**. Bab ingkang dados kosok wangsul wonten ing gegayutan teges kasebat, antawisipun wasesa **mangsuli** wonten ing klausa utama kaliyan wasesa **kalah banter** wonten ing klausa subordinatif 2. Tembung panggandheng subordinatif **sanajan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul kasebat.

Gegayutan teges cara-kosok wangsul wonten ing ukara camboran sungsun (25) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kanthi nyebut jenenge**; saha tembung panggandheng subordinatif **sanajan**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **sanajan kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau**.

### n. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kosok wangsul-Kajaba

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul-kajaba, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(26) **Sanajan** akeh-akeh sing diomongake, anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape, **kajaba** mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi. (1/12/PS No.27)

Data (26) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif 1 **sanajan akeh-akeh sing diomongake**; klausa kaping kalih **anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape**; sarta klausa subordinatif 2 **kajaba mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **akeh-akeh**, **ora pati nggape**, sarta **mung nyawang**. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif 2 wonten ing ukara camboran sungsun (26) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (26) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(26a) **Kajaba** mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi, anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape **sanajan** akeh-akeh sing diomongake.

Ukara camboran sungsun (26) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul-kajaba. Gegayutan teges kosok wangsul, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **sanajan akeh-akeh sing diomongake**, minangka tumindak ingkang berlawanan kaliyan tumindak ingkang

dipunandharaken wonten ing klausa utama **anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape**. Tembung panggandheng subordinatif **sanajan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul kasebat.

Dene gegayutan teges kajaba, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kajaba mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi**, dados tumindak minangka kajaba tumrap tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape**. Tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges kosok wangsul-kajaba wonten ing ukara camboran sungsun (26) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sanajan**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **sanajan akeh-akeh sing diomongake**; saha tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kajaba mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi**.

**o. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab-Kajaba**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sebab-kajaba, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(27) Suket godhong wae wis ora bisa obah, mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok **kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah. (1/20/PS No.27)

Data (27) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **suket godhong wae wis ora bisa obah**; klausa kaping kalih **mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok**; sarta klausa subordinatif **kajaba kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **wis ora bisa obah**, **bakal ora ana wangsulan** sarta **tansaya ora krasan nyandhang**. Klausa kaping kalih saha klausa subordinatif kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih saha klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun kasebat, minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (27) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sebab-kajaba. Gegayutan teges sebab kasebat, kadadosan amargi klausa kaping kalih **mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **suket godhong wae wis ora bisa obah**. Gegayutan teges sebab, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer, amargi tembung panggandheng subordinatif dipunsingidaken.

Gegayutan teges kajaba kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **kajaba kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah**, dados kahanan minangka kajaba tumrap tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **suket godhong wae wis ora**

**bisa obah**. Tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, dados titikan gegayutan teges kajaba kasebat.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sungsun (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges sebab menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **amarga**, **merga**, **gara-gara**, **mergane**, **rehne**, **soale**, **sebab**. Ukara camboran sungsun (27) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(27a) Suket godhong wae wis ora bisa obah { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **gara-gara** / **mergane** / **rehne** / **soale** / **sebab** } mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok **kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka sirah sekolah.

Gegayutan teges kajaba wonten ing ukara camboran sungsun (27) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kajaba**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kajaba kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah**.

Papanipun klausa-klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (27a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa-klausa subordinatif dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (27a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(27b) { **Jalaran** / **Amarga** / **Merga** / **Gara-gara** / **Mergane** / **Rehne** / **Soale** / **Sebab** } mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok, suket godhong wae wis ora bisa obah **kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka sirah sekolah.

(27c) **Kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka sirah sekolah, suket godhong wae wis ora bisa obah (**mergane**) mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok.

**p. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Cara-Akibat**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges cara-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(28) Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb **karo** ngrasakne larane tempilingane bapake, wis ora ngrewes ibune. (1/42/PS No.28)

Data (28) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika

klausa sepisanan **Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb**, klausa subordinatif **karo ngrasakne larane tempilingane bapake**, sarta klausa kaping tiga **wis ora ngrewes ibune**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ungkeb-ungkeb**, **ngrasakne** saha **wis ora ngrewes**. Klausa subordinatif saha klausa kaping tiga kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif saha klausa kaping tiga minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (28) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara-akibat. Gegayutan teges cara, kadadosan amargi klausa subordinatif **karo ngrasakne larane tempilingane bapake**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb**. Tembung panggandheng **karo**, dados titikan gegayutan teges cara kasebat. Dene gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa pendukung **wis ora ngrewes ibune**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb**. Gegayutan teges akibat menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges cara-akibat kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges cara kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **karo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **karo ngrasakne larane tempilingane bapake**.

Titikan sinamun gegayutan teges akibat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **wis ora ngrewes ibune**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula**, **akibate**, **nganti**, **saengga**. Ukara camboran sungsun (28) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(28a) Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb **karo** ngrasakne larane tempilingane bapake { **mula** / **akibate** / **nganti** / **saengga** } wis ora ngrewes ibune.

Papanipun klausa subordinatif 1wonten ing ukara camboran sungsun (28a) kasebat saged dipunpindhah, dene klausa subordinatif 2 boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif 1 dipunpindhah, ukara camboran sungsun (28a) taksih gramatikal. Ananging bilih klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran sungsun (28a) dados boten gramatikal, kados ing ngandhap menika.

(28b) **Karo** ngrasakne larane tempilingane bapake, Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb { **mula** / **akibate** / **nganti** / **saengga** } wis ora ngrewes ibune.

(28c) * { **Mula** / **Akibate** / **Nganti** / **Saengga** } wis ora ngrewes ibune, Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb **karo** ngrasakne larane tempilingane bapake.

### q. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Cara

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal-cara, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(29) **Saben** Gilang metu saka kamar, ibune terus nyedhak **karo** ngarih-arih. (1/44/PS No.28)

Data (29) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif 1 **saben Gilang metu saka kamar**, klausa utama **ibune terus nyedhak**, sarta klausa subordinatif 2 **karo ngarih-arih**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **metu**, **terus nyedhak**, sarta **ngarih-arih**. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 wonten ing ukara camboran sungsun (29) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (29) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(29a) **Karo** ngarih-arih, ibune terus nyedhak **saben** Gilang metu saka kamar.

Ukara camboran sungsun (29) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal-cara. Gegayutan teges wekdal menika, kalebet gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **saben Gilang metu saka kamar**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **ibune terus nyedhak**. Tembung panggandheng subordinatif **saben**, dados titikan gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat. Dene gegayutan teges cara, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **karo ngarih-arih**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **ibune terus nyedhak**. Tembung panggandheng subordinatif **karo**, dados titikan gegayutan teges cara.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sungsun (29) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **saben**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **saben Gilang metu saka kamar**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **karo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **karo ngarih-arih**.

### r. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Cara-Cara

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges cara-cara. Titikan gegayutan teges cara-cara kasebat, arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(30) Mbah Jan lungguh sendhen pager, ngematake gendhing Uler Kambang **karo** liyer-liyer. (1/77/PS No.29)

Data (30) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **Mbah Jan lungguh sendhen pager**; klausa kaping kalih **ngematake gendhing Uler Kambang**; sarta klausa subordinatif **karo liyer-liyer**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lungguh sendhen**, **ngematake**, sarta **liyer-liyer**. Klausa kaping kalih saha klausa subordinatif kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa kaping kalih saha klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (30) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges cara-cara. Gegayutan teges cara 1, kadadosan amargi klausa pendukung **ngematake gendhing Uler Kambang**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Mbah Jan lungguh sendhen pager**. Gegayutan teges cara 1 menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer. Dene gegayutan teges kecaraaan 2, kadadosan amargi klausa subordinatif **karo liyer-liyer**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **Mbah Jan lungguh sendhen pager**. Tembung panggandheng subordinatif **karo**, dados titikan gegayutan teges cara 2.

Gegayutan teges cara-cara wonten ing ukara camboran sungsun (30) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges cara 1, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa

pendukung Ø **ngematake gendhing Uler Kambang**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi**, **sinambi**, **kambi**, **karo**, **kanthi**. Ukara camboran sungsun (30) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(30a) Mbah Jan lungguh sendhen pager { **sambi** / **sinambi** / **kambi** / **karo** / **kanthi** } ngematake gendhing Uler Kambang **karo** liyer-liyer.

Gegayutan teges cara 2 wonten ing ukara camboran sungsun (30) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **karo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **karo liyer-liyer**.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (30a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (30a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(30b) { **Sambi** / **Sinambi** / **Kambi** / **Karo** / **Kanthi** } ngematake gendhing Uler Kambang, Mbah Jan lungguh sendhen pager **karo** liyer-liyer.

(30c) **Karo** liyer-liyer, Mbah Jan lungguh sendhen pager, (**sambi**) ngematake gendhing Uler Kambang.

### s. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Tujuan

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal-tujuan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(31) Rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul, aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah **supaya** nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah. (1/88/PS No.30)

Data (31) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul**; klausa kaping kalih **aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah**; sarta klausa subordinatif **supaya nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nganakake**, **terus ngumpulake**, sarta **nyusun**. Klausa sepisanan saha klausa subordinatif kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama,klausa sepisanan saha klausa subordinatif minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (31) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal-tujuan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal runtutan, kadadosan amargi klausa pendukung **rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul**, ngandharaken tumindak wonten ing klausa pendukung ingkang kadadosan

saderengipun kalampahan tumindak wonten ing klausa utama **aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah**. Gegayutan teges wekdal runtutan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges tujuan wonten ing ukara camboran sungsun menika, kadadosan amargi klausa subordinatif **supaya nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah**. Tembung panggandheng subordinatif **supaya**, dados titikan gegayutan teges tujuan kasebat.

Gegayutan teges wekdal runtutan wonten ing ukara camboran sungsun (31) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun. Titikan gegayutan teges wekdal runtutan arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung **Ø rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bakda**, **bubar**, **lebar**, **sabubare**, **sawise**. Ukara camboran sungsun (31) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(31a) { **Bakda** / **Bubar** / **Lebar** / **Sabubare** / **Sawise** } rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul, aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah **supaya** nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah.

Gegayutan teges tujuan wonten ing ukara camboran sungsun (31) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **supaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **supaya nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah**.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (31a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (31a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(31b) **Supaya** nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah, aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah,
{ **Bakda** / **Bubar** / **Lebar** / **Sabubare** / **Sawise** } rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul.

**t. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tujuan-Kajaba**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges tujuan-kajaba, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(32) Tan ana dalan liya **kanggo** nyingkirake pikir sing reged **kejaba** urip tanpa sirah. (1/97/PS No.30)

Data (32) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **tan ana dalan liya**; klausa subordinatif 1 **kanggo nyingkirake pikir sing reged**; sarta klausa subordinatif 2 **kejaba urip tanpa sirah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tan ana dalan liya**, **nyingkirake**, sarta **urip**. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (32) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (32) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(32a) **Kanggo** nyingkirake pikir sing reged, tan ana dalan liya **kejaba** urip tanpa sirah.
(32b) **Kejaba** urip tanpa sirah, tan ana dalan liya **kanggo** nyingkirake pikir sing reged.

Ukara camboran sungsun (32) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges tujuan-kajaba. Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kanggo nyingkirake pikir sing reged**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **tan ana dalan liya**. Tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, dados titikan gegayutan teges tujuan kasebat. Dene gegayutan teges kajaba, kadadosan amargi klausa

subordinatif 2 **kejaba urip tanpa sirah**, dados tumindak minangka kajaba tumrap tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **tan ana dalan liya**. Tembung panggandheng subordinatif **kejaba**, dados titikan gegayutan teges kajaba kasebat.

Gegayutan teges tujuan-kajaba wonten ing ukara camboran sungsun (32) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kanggo nyingkirake pikir sing reged**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kejaba**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kejaba urip tanpa sirah**.

### u. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sarat-Sebab

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sarat-sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(33) Mula **yen** kabener ora ana gaweyan, ing jam-jam kasebut Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane, ngampet perihing wetenge. (1/116/PS No.31)

Data (33) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif **yen kabener ora ana gaweyan**; klausa kaping kalih **ing jam-jam kasebut Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane**; sarta klausa kaping

tiga **ngampet perihing wetenge**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora ana gaweyan**, **ajeg mengkureb**, sarta **ngampet**. Tembung panggandheng **mula**, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran sungsun kasebat. Klausa subordinatif saha klausa kaping tiga, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa kaping kalih. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, klausa subordinatif saha klausa kaping tiga minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (33) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sarat-sebab. Gegayutan teges sarat, kadadosan amargi klausa subordinatif **yen kabener ora ana gaweyan**, dados tumindak ingkang kedah dipuntindakaken minangka sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **ing jam-jam kasebat Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges sarat. Dene gegayutan teges sebab, kadadosan amargi klausa pendukung **ngampet perihing wetenge**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **ing jam-jam kasebat Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane**. Gegayutan teges sebab menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges sarat-sebab kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges sarat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat ing klausa subordinatif **yen kabener ora ana gaweyan**. Dene titikan sinamun gegayutan teges sebab, dipunmangertosi saking tembung

panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa pendukung Ø **ngampet perihing wetenge**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **amarga**, **merga**, **gara-gara**, **mergane**, **rehne**, **soale**, **sebab**. Ukara camboran sungsun (33) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(33a) Mula **yen** kabener ora ana gaweyan, ing jam-jam kasebat Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane, { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **gara-gara** / **mergane** / **rehne** / **soale** / **sebab** } ngampet perihing wetenge.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (33a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (33a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(33b) { **Jalaran** / **Amarga** / **Merga** / **Gara-gara** / **Mergane** / **Rehne** / **Soale** / **Sebab** } ngampet perihing wetenge, ing jam-jam kasebat Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane **yen** kabener ora ana gaweyan.

**v. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Wekdal**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal-wekdal, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(34) Mbarengi aku lungguh, ana arek wedok mlebu, **sawise** nothog lawang. (1/202/PS No.34)

Data (34) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa **mbarengi aku lungguh**, klausa utama **ana arek wedok mlebu**, sarta klausa subordinatif **sawise nothog lawang**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lungguh**, **mlebu**, sarta **nothog**. Klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa sepisanan saha klausa kaping tiga minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (34) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal-wekdal. Gegayutan teges wekdal 1 menika, kalebet gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat, kadadosan amargi klausa pendukung **mbarengi aku lungguh**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **ana arek wedok mlebu**. Gegayutan teges wekdal 1 menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Dene gegayutan teges wekdal 2 menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal runtutan kasebat, kadadosan amargi

klausa subordinatif **sawise nothog lawang**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **ana arek wedok mlebu**. Tembung panggandheng subordinatif **sawise**, dados titikan gegayutan teges wekdal 2.

Gegayutan teges wekdal-wekdal wonten ing ukara camboran sungsun (34) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges wekdal 1 menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **mbarengi aku lungguh**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika**, **rikala**, **dhek**, **wektu**, ingkang dados titikan gegayutan teges wekdal sesarengan. Ukara camboran sungsun (34) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(34a) { **Nalika** / **Rikala** / **Dhek** / **Wektu** } mbarengi aku lungguh, ana arek wedok mlebu, **sawise** nothog lawang.

Gegayutan teges wekdal 2 wonten ing ukara camboran sungsun (34) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sawise**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **sawise nothog lawang**.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (34a) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan

klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (34a) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(34b) **Sawise** nothog lawang, ana arek wedok mlebu, mbarengi aku lungguh. { **Nalika** / **Rikala** / **Dhek** / **Wektu** }

**w. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kosok wangsul-Tujuan**

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul-tujuan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(35) **Senajan** mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku, tetela ora ndadekake cilike atiku **kanggo** lelabuh tumrap ibu pertiwi. (1/251/PS No.36)

Data (35) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif 1 **senajan mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku**; klausa kaping kalih **tetela ora ndadekake cilike atiku**; sarta klausa subordinatif 2 **kanggo lelabuh tumrap ibu pertiwi**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mung dadi guru**, **ora ndadekake**, sarta **lelabuh**. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa kaping kalih minangka klausa utama, dene klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (35) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (35) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(35a) **Kanggo** lelabuh tumrap ibu pertiwi, tetela ora ndadekake cilike atiku **senajan** mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku.

Ukara camboran sungsun (35) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kosok wangsul-tujuan. Gegayutan teges kosok wangsul kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **senajan mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku**, ngandharaken bab ingkang berlawanan kaliyan klausa utama **tetela ora ndadekake cilike atiku**. Tembung panggandheng subordinatif **senajan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul kasebat. Dene gegayutan teges tujuan, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kanggo lelabuh tumrap ibu pertiwi**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **tetela ora ndadekake cilike atiku**. Tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

Gegayutan teges kosok wangsul-tujuan wonten ing ukara camboran sungsun (35) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **senajan**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **senajan mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, ingkang

dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kanggo lelabuh tumrap ibu pertiwi**.

### x. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sarat-Akibat

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sarat-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data saking asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(36) Nanging aku rumangsa kabotan **yen** kudu mbacutake sandiwara iki, **mula** kudu enggal dak pungkasi. (1/256/PS No.37)

Data (36) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **aku rumangsa kabotan**; klausa subordinatif 1 **yen kudu mbacutake sandiwara iki**; sarta klausa subordinatif 2 **mula kudu enggal dak pungkasi**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **rumangsa kabotan**, **kudu mbacutake**, sarta **dak pungkasi**. Tembung panggandheng **nanging**, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran sungsun menika. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif wonten ing ukara camboran sungsun (36) kasebat, klausa subordinatif 1 saged dipunpindhah papanipun, dene klausa

subordinatif 2 boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif 1 dipunpindhah, ukara camboran sungsun (36) taksih gramatikal. Dene klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran sungsun (36) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(36a) **Yen** kudu mbacutake sandiwara iki, aku rumangsa kabotan **mula** kudu enggal dak pungkasi.
(36b) ***Mula** kudu enggal dak pungkasi, aku rumangsa kabotan **yen** kudu mbacutake sandiwara iki.

Ukara camboran sungsun (36) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sarat-akibat. Gegayutan teges sarat menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **yen kudu mbacutake sandiwara iki**, dados sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama **aku rumangsa kabotan**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges sarat kasebat. Dene gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **mula kudu enggal dak pungkasi**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **aku rumangsa kabotan**. Tembung panggandheng subordinatif **mula**, dados titikan gegayutan teges akibat.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran sungsun (36) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **yen kudu mbacutake sandiwara iki**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **mula**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **mula kudu enggal dak pungkasi**.

### y. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Kosok wangsul

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges wekdal-kosok wangsul, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(37) Bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget **saben** dak wenehi jajan, **senajan** dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan. (1/259/PS No.37)

Data (37) wonten ing nginggil, kalebet jinising ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kadadosan saking tigang klausa, inggih menika klausa sepisanan **bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget**; klausa subordinatif 1 **saben dak wenehi jajan**; sarta klausa subordinatif 2 **senajan dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **katon seneng banget**, **dak wenehi**, sarta **wis dimanja**. Klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 kasebat, dados katrangan saking informasi utama wonten ing klausa sepisanan. Awit saking menika, klausa sepisanan minangka klausa utama, dene klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 minangka klausa pendukung.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2, wonten ing ukara camboran sungsun (37) kasebat, saged dipunpindhah papanipun. Sanajan klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (37) taksih gramatikal. Ukara camboran sungsun kasebat, kados ing ngandhap menika.

(37a) **Saben** dak wenehi jajan, bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget **senajan** dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan.

(37b) **Senajan** dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan, bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget **saben** dak wenehi jajan.

Ukara camboran sungsun (37) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges wekdal-kosok wangsul. Gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **saben dak wenehi jajan**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget**. Tembung panggandheng subordinatif **saben**, dados titikan gegayutan teges wekdal sesarengan kasebat.

Dene gegayutan teges kosok wangsul, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **senajan dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan**, minangka tumindak ingkang dados kosok wangsul kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget**. Tembung panggandheng subordinatif **senajan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul menika.

Gegayutan teges wekdal-kosok wangsul wonten ing ukara camboran sungsun (37) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **saben**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **saben dak wenehi jajan**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif

**senajan**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **senajan dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan**.

### z. Ukara Camboran Sungsun ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab-Sebab-Akibat

Ukara camboran sungsun gadhah jinis gegayutan teges sebab-sebab-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(38) Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane **dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, langsung bae Gilang metu saka kamare. (1/37/PS No.28)

Data (38) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran sungsun. Ukara camboran sungsun kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa **Gilang ora narimakake**, klausa subordinatif 1 **merga ora bisa nahan pangrasane**, klausa subordinatif 2 **dene ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake**, sarta klausa **langsung bae Gilang metu saka kamare**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora bisa nahan**, **digawe**, sarta **metu**. Klausa sepisanan minangka klausa utama, wondene klausa subordinatif 1, klausa subordinatif 2 saha klausa kaping tiga minangka klausa pendukung.

Ukara camboran sungsun (38) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges sebab-sebab-akibat. Gegayutan teges sebab 1 menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **merga ora bisa nahan pangrasane**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten

ing klausa utama **Gilang ora narimakake**. Tembung panggandheng subordinatif **merga**, dados titikan gegayutan teges sebab 1 kasebat.

Gegayutan teges sebab 2 kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **dene ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **Gilang ora narimakake**. Tembung panggandheng subordinatif **sawise**, dados titikan gegayutan teges sebab 2. Dene gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa pendukung **langsung bae Gilang metu saka kamare**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **Gilang ora narimakake**. Gegayutan teges akibat menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges sebab-sebab-akibat kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan gegayutan teges sebab 1 saha gegayutan teges sebab 2 kasebat, inggih menika titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **merga**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **merga ora bisa nahan pangrasane**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **dene**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **dene ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake**.

Dene titikan sinamun gegayutan teges akibat menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pendukung Ø **langsung bae Gilang metu saka kamare**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken

tembung panggandheng subordinatif **mula**, **akibate**, **nganti**, **saengga**. Ukara camboran sungsun (38) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(38a) Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane **dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, { **mula** / **akibate** / **nganti** / **saengga** } langsung bae Gilang metu saka kamare.

Papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 wonten ing ukara camboran sungsun (38a), saged dipunpindhah papanipun, dene klausa subordinatif 3 boten saged dipunpindhah papanipun. Bilih klausa subordinatif 1, klausa subordinatif 2 sarta klausa subordinatif 3 dipunpindhah papanipun, ukara camboran sungsun (34a) kasebat kados ing ngandhap menika.

(38b) **Merga** ora bisa nahan pangrasane, Gilang ora narimakake **dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, (**mula**) langsung bae Gilang metu saka kamare.

(38c) **Dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane (**mula**) langsung bae Gilang metu saka kamare.

(38d)* { **Mula** / **Akibate** / **Nganti** / **Saengga** } langsung bae Gilang metu saka kamare, Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane **dene** ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake.

### 3. Ukara Camboran Campuran

Panaliten ukara camboran wonten ing rubrik cerkak kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September taun 2012, manggihaken data jinis ukara

camboran campuran. Jinis ukara camboran campuran, gadhah 43 jinis gegayutan teges, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Pirembagan bab kasebat, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

**a. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Pamilih**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-pamilih, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(1) Yagene Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane, ora ana siji-sijia sing pesen **utawa** niyat tuku komputer. (1/2/PS No.27)

Data (1) wonten ing nginggil, kalebet wonten ing jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane**; klausa utama 2 **ora ana siji-sijia sing pesen**; sarta klausa utama 3 **niyat tuku komputer**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **cacah 36**, **ora ana siji-sijia**, sarta **niyat tuku**. Tembung panggandheng **yagene** wonten ing sangajengipun ukara menika, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran campuran menika. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges isi-pamilih wonten ing ukara camboran campuran (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan isi, dipunmangertosi saking tembung panggandheng

subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa utama 2 Ø **ora ana siji-sijia sing pesen**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **geneya**. Ukara camboran campuran (1) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(1a) Yagene Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane, (**geneya**) ora ana siji-sijia sing pesen **utawa** niyat tuku komputer.

Ukara camboran campuran (1) wonten ing nginggil, nedahaken titikan kados wonten ing ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **utawa**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **ora ana siji-sijia sing pesen** kaliyan klausa utama 3 **niyat tuku komputer**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **ora ana siji-sijia sing pesen utawa niyat tuku komputer**.

Tembung panggandheng subordinatif **geneya** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane** kaliyan gabungan klausa **ora ana siji-sijia sing pesen utawa niyat tuku komputer**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (1a) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(1b) Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane.
(1c) Ora ana siji-sijia sing pesen utawa niyat tuku komputer.

Ukara camboran (1) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-pamilih. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa **ora ana**

**siji-sijia sing pesen utawa niyat tuku komputer**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane**.

Dene gegayutan teges pamilih kasebat, kalebet jinis gegayutan teges pamilih wetah. Gegayutan teges pamilih wetah menika, kadadosan amargi klausa kaping kalih **ora ana siji-sijia sing pesen** kaliyan klausa kaping tiga **niyat tuku komputer** ngandharaken pamilih antawisipun kalih kemungkinan ingkang saged dipunpilih. Tembung panggandheng koordinatif **utawa**, dados titikan gegayutan teges pamilih.

Gegayutan teges isi-pamilih wonten ing ukara camboran campuran (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamiun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges isi menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun gabungan klausa **ora ana siji-sijia sing pesen utawa niyat tuku komputer**. Dene titikan cetha gegayutan teges pamilih, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **utawa**, ingkang dipunserat wonten ing antawisipun klausa utama 2 **ora ana siji-sijia sing pesen** kaliyan klausa utama 3 **niyat tuku komputer**.

**b. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab-Pradondi**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges sebab-pradondi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(2) Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng **awit** kepengin enggal weruh wujude komputer, durung bisa. (1/15/PS No.27)

Data (2) wonten ing nginggil, kalebet wonten ing jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng**; klausa subordinatif **awit kepengin enggal weruh wujude computer**; sarta klausa utama 2 **durung bisa**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **akeh sing gembreneng**, **kepengin enggal weruh** sarta **durung bisa**. Ukara camboran campuran wonten ing nginggil menika, kasusun saking campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges pradondi kasebat, tembung panggandheng koordinatif dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **durung bisa**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging**, **ning**. Ukara camboran campuran (2) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(2a) Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng **awit** kepengin enggal weruh wujude komputer, (**nanging**) durung bisa.

Ukara camboran campuran menika, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi ukara camboran campuran kasebat nedahaken titikan kados wonten ing ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, **ning** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabung klausa **kepengin enggal weruh wujude komputer** kaliyan

klausa utama 2 **durung bisa**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **kepengin enggal weruh wujude komputer nanging durung bisa**.

Tembung panggandheng subordinatif **awit**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng** kaliyan gabungan klausa **kepengin enggal weruh wujude komputer nanging durung bisa**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (2a) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(2b) Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng.
(2c) Kepengin enggal weruh wujude komputer nanging durung bisa.

Ukara camboran campuran menika gadhah gegayutan teges sebab-pradondi. Gegayutan teges sebab kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa **kepengin enggal weruh wujude komputer nanging durung bisa**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng**. Tembung panggandheng subordinatif **awit**, dados titikan gegayutan teges sebab kasebat.

Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda, kadadosan amargi klausa utama 2 **durung bisa**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing klausa **kepengin enggal weruh wujude komputer**.

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges sebab kasebat dipunsingidaken.

Gegayutan teges sebab-pradondi wonten ing ukara camboran campuran (2) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges sebab menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **awit**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **awit kepengin enggal weruh wujude komputer**. Dene titikan sinamun gegayutan teges pradondi kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **durung bisa**.

### c. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung-Sebab

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges gunggung-sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(3) Njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak **lan** kena dioprasekake, wong mbayare dhek anu kae jreng! (1/17/PS No.27)

Data (3) wonten ing nginggil, kalebet wonten ing jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak**, klausa utama 2 **kena dioprasekake**, sarta klausa **wong mbayare dhek anu kae jreng!**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **enggal**

**dibukak**, **kena dioprasekakake**, sarta **wong mbayare**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges sebab kasebat, tembung panggadheng subordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **wong mbayare dhek anu kae jreng!** bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **amarga**, **merga**, **mergane**, **soale**. Ukara camboran campuran (3) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(3a) Njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak **lan** kena dioprasekakake, { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **mergane** / **soale** } wong mbayare dhek anu kae jreng!

Ukara camboran campuran menika, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi ukara camboran campuran kasebat nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak** kaliyan klausa utama 2 **kena dioprasekakake**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak lan kena dioprasekakake**.

Tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **amarga**, **merga**, **mergane**, **soale** ingkang dipunsingidaken menika, gadhah fungsi kangge nggabung

gabungan klausa **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak lan kena dioprasekake** kaliyan klausa **wong mbayare dhek anu kae jreng!**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (3a) ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sajajar saha klausa subordinatif kados ing ngandhap menika.

(3b) Njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak **lan** kena dioprasekake

(3c) { **Jalaran** / **Amarga** / **Merga** / **Mergane** / **Soale** } wong mbayare dhek anu kae jreng!

Ukara camboran campuran (3) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges gunggung-sebab. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **kena dioprasekake**, minangka informasi babagan tumindak utawi tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa utama 1 **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung wetah.

Dene gegayutan teges sebab, kadadosan amargi klausa **wong mbayare dhek anu kae jreng**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa **njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak lan kena dioprasekake**. Gegayutan teges sebab menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges runtut wetah wonten ing ukara camboran campuran (3), gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan

cetha gegayutan teges gunggung, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **kena dioprasekake**. Titikan sinamun gegayutan teges sebab, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif dipunsingidaken wonten ing klausa **wong mbayare dhek anu kae jreng**.

### d. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tujuan-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges tujuan-gunggung, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, kados wonten ing ngandhap menika.

(4) Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan **supaya** Gilang bisa nunggak semi jabatane **lan** marisi apa kang dadi pegaweyane. (1/28/PS No.28)

Data (4) wonten ing nginggi, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan**, klausa subordinatif **supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**, sarta klausa utama 2 **marisi apa kang dadi pegaweyane**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nduweni kekarepan**, **bisa nunggak semi**, sarta **marisi**. Perangan ingkang ngisi jejer klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan klausa subordinatif, inggih menika **Gilang**.

Tembung panggandheng subordinatif **supaya** gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **bapake kang mantan pejabat penting ing**

**Pemda mau nduweni kekarepan** kaliyan klausa **Gilang bisa nunggak semi jabatane**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**.

Dene tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane** kaliyan klausa utama 2 **marisi apa kang dadi pegaweyane**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (4) ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba kados ing ngandhap menika.

(4a) Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane.
(4b) (Gilang) marisi apa kang dadi pegaweyane.

Klausa subordinatif **supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan**, sanes perangan saking klausa utama 2 **(Gilang) marisi apa kang dadi pegaweyane**. Awit saking menika, bilih klausa subordinatif dipunpindhah, ukaranipun dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(4c) *Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan **lan** marisi apa kang dadi pegaweyane **supaya** Gilang bisa nunggak semi jabatane.

Ukara camboran campuran menika gadhah jinis gegayutan teges tujuan-gunggung. Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif

**supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan**. Tembung panggandheng subordinatif **supaya**, dados titikan gegayutan teges tujuan.

Dene gegayutan teges gunggung menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **marisi apa kang dadi pegaweyane**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing gabungan klausa **bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan kasebat.

Gegayutan teges tujuan-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (4) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **supaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **supaya Gilang bisa nunggak semi jabatane**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **marisi apa kang dadi pegaweyane**.

**e. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung-Kosok wangsul**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges gunggung-kosok wangsul, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(5) Gilang bakal nyambut gawe sing apik, tansah mbudidaya gawe senenge liyan, **arepa** nyambut gawe mau ana swasta. (1/30/PS No. 28)

Data (5) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama **Gilang bakal nyambut gawe sing apik**, klausa **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**, sarta klausa subordinatif **arepa nyambut gawe mau ana swasta**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **bakal nyambut gawe**, **tansah mbudidaya**, sarta **nyambut gawe**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges gunggung kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa Ø **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga**, ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung kasebat. Ukara camboran campuran (5) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(5a) Gilang bakal nyambut gawe sing apik { **lan** / **sarta** / **uga** } tansah mbudidaya gawe senenge liyan, **arepa** nyambut gawe mau ana swasta.

Ukara camboran campuran (5a) wonten ing nginggil, nedahaken titikan kados titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung

panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga**, ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama **Gilang bakal nyambut gawe sing apik** kaliyan klausa **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **Gilang bakal nyambut gawe sing apik (lan/sarta/uga) tansah mbudidaya gawe senenge liyan**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **arepa**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **Gilang bakal nyambut gawe sing apik (lan/sarta/uga) tansah mbudidaya gawe senenge liyan** kaliyan klausa **nyambut gawe mau ana swasta**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (5a) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sajajar saha klausa subordinatif kados ing ngandhap menika.

(5b) Gilang bakal nyambut gawe sing apik (lan/sarta/uga) tansah mbudidaya gawe senenge liyan.
(5c) Arepa nyambut gawe mau ana swasta.

Ukara camboran campuran (5) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges gunggung-kosok wangsul. Gegayutan teges gunggung menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa utama **Gilang bakal nyambut gawe sing apik**. Gegayutan teges gunggungan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Dene gegayutan teges kosok wangsul, kadadosan amargi klausa subordinatif **arepa nyambut gawe mau ana swasta**, minangka tumindak ingkang

dados kosok wangsul kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa **Gilang bakal nyambut gawe sing apik (lan/sarta/uga) tansah mbudidaya gawe senenge liyan**. Tembung panggandheng subordinatif **arepa**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul menika.

Gegayutan teges gunggung-kosok wangsul kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges gunggung kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**. Dene titikan cetha gegayutan teges kosok wangsul menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **arepa**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **arepa nyambut gawe mau ana swasta**.

### f. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung-Akibat

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges gunggung-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, kados ing ngandhap menika.

(6) Rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara, **langsung** tanpa taha-taha Gilang ditempiling **nganti** tiba glangsaran. (1/40/PS No.28)

Data (6) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi**

**underane perkara**, klausa utama 2 **tanpa taha-taha Gilang ditempiling**, sarta klausa subordinatif **nganti tiba glangsaran**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **rumangsa dikilani**, **ditempiling**, sarta **tiba**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan kados ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **nganti**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **tanpa taha-taha Gilang ditempiling** kaliyan klausa **tiba glangsaran**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **tanpa taha-taha Gilang ditempiling nganti tiba glangsaran**. Dene tembung panggandheng koordinatif **langsung**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara** kaliyan gabungan klausa **tanpa taha-taha Gilang ditempiling nganti tiba glangsaran**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (6) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(6a) Rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara.
(6b) Tanpa taha-taha Gilang ditempiling nganti tiba glangsaran.

Klausa subordinatif **nganti tiba glangsaran**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **tanpa taha-taha Gilang ditempiling**, sanes perangan saking klausa utama 1 **rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara**. Awit saking menika, bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan saking klausa utama 1, ukara camboran campuran (6) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(6c) *Rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara **nganti** tiba glangsaran**, langsung** tanpa taha-taha Gilang ditempiling.

Ukara camboran campuran (6) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges runtut-akibat. Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut menika, kadadosan amargi gabungan klausa **tanpa taha-taha Gilang ditempiling nganti tiba glangsaran**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara**. Tembung panggandheng koordinatif **langsung**, dados titikan gegayutan teges runtut kasebat.

Dene gegayutan teges akibat kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **nganti tiba glangsaran**, dados akibat saking tumindak ingkang dipuntindakaken wonten ing klausa utama 2 **tanpa taha-taha Gilang ditempiling**. Tembung panggandheng subordinatif **nganti**, dados titikan gegayutan teges akibat kasebat.

Gegayutan teges runtut-akibat wonten ing ukara camboran campuran (1) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha gegayutan teges runtut-akibat menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **langsung**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa **tanpa taha-taha Gilang ditempiling nganti tiba glangsaran**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nganti**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **nganti tiba glangsaran**.

### g. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges gunggung-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, kados ing ngandhap menika.

(7) **Merga** ora dibukakake lawang nganti suwe, **uga** wis rumangsa kesel gero-gero, ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise. (1/43/PS No.28)

Data (7) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif **merga ora dibukakake lawang nganti suwe**, klausa utama 2 **wis rumangsa kesel gero-gero**, sarta klausa utama 1 **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora dibukakake**, **wis rumangsa kesel**, sarta **terus lunga mlebu**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan klausa utama 1, inggih menika ibune. Klausa utama 1 wonten ing ukara camboran campuran kasebat, saged dipunpindhah wonten sangajengipun ukara kados ing ngandhap menika.

(7a) Ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise **merga** ora dibukakake lawang nganti suwe, **uga** wis rumangsa kesel gero-gero.

Ukara camboran campuran (7a) wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **merga**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **ora dibukakake**

**lawang nganti suwe** kaliyan klausa utama 1 **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise merga ora dibukakake lawang nganti suwe**.

Dene tembung panggandheng koordinatif **uga**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise merga ora dibukakake lawang nganti suwe** kaliyan klausa utama 2 **wis rumangsa kesel gero-gero**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (7a) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba kados ing ngandhap menika.

(7b) Ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise merga ora dibukakake lawang nganti suwe.
(7c) (Ibune) wis rumangsa kesel gero-gero.

Klausa subordinatif **merga ora dibukakake lawang nganti suwe**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise**, sanes perangan saking klausa utama 2 **wis rumangsa kesel gero-gero**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan saking klausa utama 2, ukaranipun dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(7d) *Ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise **uga** wis rumangsa kesel gero-gero, **merga** ora dibukakake lawang nganti suwe.

Ukara camboran campuran (7a) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges sebab-gunggung. Gegayutan teges sebab kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **merga ora dibukakake lawang nganti suwe**,

minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise**. Tembung panggandheng subordinatif **merga** kasebat, dados titikan gegayutan teges sebab.

Dene gegayutan teges gunggung kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung menika, kadadosan amargi klausa utama 2 **wis rumangsa kesel gero-gero**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing gabungan klausa **ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise merga ora dibukakake lawang nganti suwe**. Tembung panggandheng koordinatif **uga**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges sebab-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (7) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **merga**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **merga ora dibukakake lawang nganti suwe**. Dene titikan cetha gegayutan teges gunggung menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **uga**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **wis rumangsa kesel gero-gero**.

### h. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pradondi-Pembandingan

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges pradondi-pembandingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(8) Awake mung gulu mangisor, mlaku ujlung-ujlung **kaya** salumrahe wong sing duwe sirah. (1/83/PS No.30)

Data (8) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **awake mung gulu mangisor**, klausa utama 2 **mlaku ujlung-ujlung**, sarta klausa subordinatif **kaya salumrahe wong sing duwe sirah**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mung gulu mangisor**, **mlaku**, sarta **sing duwe**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges pradondi kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **mlaku ujlung-ujlung**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi. Ukara camboran campuran (8) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(8a) Awake mung gulu mangisor, (**nanging**) mlaku ujlung-ujlung **kaya** salumrahe wong sing duwe sirah.

Ukara camboran campuran (8a) wonten ing nginggil, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **mlaku ujlung-ujlung**

kaliyan klausa **salumrahe wong sing duwe sirah**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **mlaku ujlung-ujlung kaya salumrahe wong sing duwe sirah**.

Tembung panggandheng koordinatif **nanging** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **awake mung gulu mangisor** kaliyan gabungan klausa **mlaku ujlung-ujlung kaya salumrahe wong sing duwe sirah**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (8) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(8b) Awake mung gulu mangisor.
(8c) Mlaku ujlung-ujlung kaya salumrahe wong sing duwe sirah.

Klausa subordinatif **kaya salumrahe wong sing duwe sirah**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **mlaku ujlung-ujlung**, sanes perangan saking klausa utama 1 **awake mung gulu mangisor**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan saking klausa utama 1, ukara camboran campuran (8) dados boten gramatikal, kados ing ngandhap menika.

(8d) *Awake mung gulu mangisor **kaya** salumrahe wong sing duwe sirah, (**nanging**) mlaku ujlung-ujlung.

Ukara camboran campuran (8) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges pradondi-pembandingan. Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet gegayutan teges pradondi-nglangkungaken. Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, kadadosan amargi gabungan klausa **mlaku ujlung-ujlung kaya**

**salumrahe wong sing duwe sirah**, minangka pradondi-nglangkungaken saking klausa utama 1 **awake mung gulu mangisor**. Konsepipun, klausa utama 1 **awake mung gulu mangisor** gadhah teges '**kurang**', dene gabungan klausa **mlaku ujlung-ujlung kaya salumrahe wong sing duwe sirah** gadhah teges '**lebih**'. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi menika dipunsingidaken.

Dene gegayutan teges pembandingan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **kaya salumrahe wong sing duwe sirah**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **mlaku ujlung-ujlung**. Tembung panggandheng subordinatif **kaya** kasebat, dados titikan gegayutan teges pembandingan menika.

Gegayutan teges pradondi-pembandingan, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges pradondi menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **mlaku ujlung-ujlung**. Dene titikan cetha gegayutan teges pembandingan, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kaya salumrahe wong sing duwe sirah**.

### i. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pradondi-Tujuan

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges pradondi-tujuan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, kados ing ngandhap menika.

(9) Aku ora bablas mulih **nanging** bali menyang Watu Kelir maneh, **perlune** bakal golek kaca helm. (1/151/PS No.32)

Data (9) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **aku ora bablas mulih**, klausa utama 2 **bali menyang Watu Kelir maneh**, sarta klausa subordinatif **perlune bakal golek kaca helm**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan klausa utama 1, inggih menika **aku**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora bablas mulih**, **bali**, sarta **bakal golek**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan kados wonten ing ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **perlune** gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 2 **bali menyang Watu Kelir maneh** kaliyan klausa **bakal golek kaca helm**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **bali menyang Watu Kelir maneh perlune bakal golek kaca helm**. Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **aku ora bablas mulih** kaliyan gabungan klausa **bali menyang Watu Kelir maneh perlune bakal golek kaca helm**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (9) kasebat, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(9a) Aku ora bablas mulih.
(9b) (Aku) bali menyang Watu Kelir maneh perlune bakal golek kaca helm.

Klausa subordinatif **perlune bakal golek kaca helm**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **bali menyang Watu Kelir maneh**, sanes perangan saking klausa utama 1 **aku ora bablas mulih**. Awit saking menika, bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 1, ukara camboran campuran (9) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(9c) *Aku ora bablas mulih **perlune** bakal golek kaca helm**, nanging** bali menyang Watu Kelir maneh.

Ukara camboran campuran (9) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges pradondi-tujuan. Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi menika, kadadosan amargi gabungan klausa **bali menyang Watu Kelir maneh perlune bakal golek kaca helm**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **aku ora bablas mulih**. Tembung panggandhen koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi kasebat. Dene gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **perlune bakal golek kaca helm**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **bali menyang Watu Kelir maneh**. Tembung panggandheng subordinatif **perlune** kasebat, dados titikan gegayutan teges tujuan.

Gegayutan teges pradondi-tujuan wonten ing ukara camboran campuran (9) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa

**bali menyang Watu Kelir maneh perlune bakal golek kaca helm**. Dene Titikan cetha gegayutan teges tujuan kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **perlune**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **perlune bakal golek kaca helm**.

### j. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung-Tujuan

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges gunggung-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(10) Mula enggal dak peper atiku, dak penet rasaku **amrih** ora gawe ribed atine. (1/166/PS No.32)

Data (10) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **enggal dak peper atiku**, klausa utama 2 **dak penet rasaku**, sarta klausa subordinatif **amrih ora gawe ribed atine**. Tembung panggandheng **mula** wonten ing sangajengipun ukara camboran campuran kasebat, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran campuran menika. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges gunggung kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **dak penet**

**rasaku**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga**, ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung. Ukara camboran campuran (10) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(10a) Mula enggal dak peper atiku { **lan** / **sarta** / **uga** } dak penet rasaku **amrih** ora gawe ribed atine.

Ukara camboran campuran (10a) wonten ing nginggil, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **enggal dak peper atiku** kaliyan klausa utama 2 **dak penet rasaku**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **enggal dak peper atiku (lan/sarta/uga) dak penet rasaku**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **amrih**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **enggal dak peper atiku (lan/sarta/uga) dak penet rasaku** kaliyan klausa **ora gawe ribed atine**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (10a), kadadosan saking ukara camboran sajajar saha klausa subordinatif kados ing ngandhap menika.

(10b) Enggal dak peper atiku (lan/sarta/uga) dak penet rasaku.
(10c) Amrih ora gawe ribed atine.

Ukara camboran campuran (10) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges gunggung-tujuan. Gegayutan teges gunggung menika, kalebet

jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **dak penet rasaku**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 1 **enggal dak peper atiku**. Gegayutan teges gunggung wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Dene gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **amrih ora gawe ribed atine**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa **enggal dak peper atiku (uga) dak penet rasaku**. Tembung panggandheng subordinatif **amrih** kasebat, dados titikan gegayutan teges tujuan.

Gegayutan teges gunggung-tujuan wonten ing ukara camboran campuran (10) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges gunggung, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **dak penet rasaku**. Dene titikan cetha gegayutan teges tujuan kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **amrih**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **amrih ora gawe ribed atine**.

### k. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pangajap-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges pangajap-gunggung, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(11) Dak pepuji **mugi** Mas ketemu jodho kang luwih ayu **lan** luwih mampu gawe mulyaning uripmu. (1/179/PS No.33)

Data (11) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **dak pepuji**, klausa subordinatif **mugi mas ketemu jodho kang luwih ayu**, sarta klausa utama 2 **luwih mampu gawe mulyaning uripmu**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **dak pepuji**, **ketemu**, sarta **luwih mampu gawe**. Ukara camboran campuran kasebat, nedahaken titikan kados ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **Mas ketemu jodho kang luwih ayu** kaliyan klausa utama 2 **luwih mampu gawe mulyaning uripmu**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **Mas ketemu jodho kang luwih ayu lan luwih mampu gawe mulyaning uripmu**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **mugi** gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **dak pepuji** kaliyan gabungan klausa **Mas ketemu jodho kang luwih ayu lan luwih mampu gawe mulyaning uripmu**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (11) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(11a) Dak pepuji.
(11b) Mas ketemu jodho kang luwih ayu luwih mampu gawe mulyaning uripmu.

Ukara camboran campuran (11) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges pangajap-gunggung. Gegayutan teges pangajap kasebat,

kadadosan amargi gabungan klausa **Mas ketemu jodho kang luwih ayu luwih mampu gawe mulyaning uripmu**, ngandharaken teges pangajap ngengingi tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **dak pepuji**. Tembung panggandheng subordinatif **mugi**, dados titikan gegayutan tegesnipun.

Dene gegayutan teges gunggung, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi klausa utama 2 **luwih mampu gawe mulyaning uripmu**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa Mas ketemu jodho kang luwih ayu. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung kasebat.

Gegayutan teges pangajap-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (11) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **mugi**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa **mugi Mas ketemu jodho kang luwih ayu luwih mampu gawe mulyaning uripmu**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **luwih mampu gawe mulyaning uripmu**.

**l. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Akibat-Runtut**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges akibat-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(12) Kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe, petis gak isa copot, **terus** nemplek. (1/198/PS No.34)

Data (12) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe**, klausa **petis gak isa copot**, sarta klausa utama 2 **nemplek**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges akibat kasebat, tembung panggadheng subordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **petis gak isa copot**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula**, **akibate**, **nganti**, **saengga**. Ukara camboran campuran (12) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(12a) Kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe, { **mula** / **akibate** / **nganti** / **saengga** } petis gak isa copot, **terus** nemplek.

Ukara camboran campuran (12a) wonten ing nginggil, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi ukara camboran campuran kasebat nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **petis gak isa copot** kaliyan klausa utama 2 **nemplek**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **petis gak isa copot terus**

**nemplek**. Dene tembung panggandheng subordinatif **nganti** ingkang dipunsingidaken kasebat, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe** kaliyan gabungan klausa **petis gak isa copot terus nemplek**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (12a) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(12b) Kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe.
(12c) Petis gak isa copot, terus nemplek.

Ukara camboran campuran (12) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges akibat-runtut. Gegayutan teges akibat kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa **petis gak isa copot terus nemplek**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe**. Gegayutan teges akibat menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Dene gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinising gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah, kadadosan amargi klausa **nemplek** minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa **petis gak isa copot**. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, dados titikan gegayutan runtut wetah kasebat

Gegayutan teges akibat-runtut wonten ing ukara camboran campuran (12) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges akibat kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **petis gak**

**isa copot**. Dene titikan cetha gegayutan teges runtut menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **terus**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **nemplek**.

### m. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Runtut

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(13) **Sakmarine** maca, Pak Marto nyawang arek wedok, **terus** manggut-manggut.(1/203/PS/No.34)

Data (13) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa **sakmarine maca**, klausa utama 1 **Pak Marto nyawang arek wedok**, sarta klausa utama 2 **manggut-manggut**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **maca**, **nyawang**, sarta **manggut-manggut**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 1, inggih menika **Pak Marto**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Ukara camboran campuran (13) wonten ing nginggil, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi ukara camboran campuran kasebat nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **terus**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **Pak Marto nyawang arek wedok** kaliyan klausa utama 2 **manggut-manggut**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **Pak Marto nyawang arek wedok terus manggut-manggut**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **sakmarine**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **maca** kaliyan gabungan klausa **Pak Marto nyawang arek wedok terus manggut-manggut**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (13) kadadosan saking klausa subordinatif saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(13a) Sakmarine maca.
(13b) Pak Marto nyawang arek wedok terus manggut-manggut.

Ukara camboran campuran (13) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-runtut. Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet jinis gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kadadosan amargi klausa **sakmarine maca**, ngandharaken tumindak wonten ing klausa subordinatif ingkang kadadosan saderengipun kalampahan tumindak wonten ing gabungan klausa **Pak Marto nyawang arek wedok terus manggut-manggut**. Tembung panggandheng subordinatif **sakmarine**, dados titikan gegayutan runtut wetah kasebat.

Dene gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinising gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah, kadadosan amargi klausa utama 2 **manggut-manggut** minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **Pak**

**Marto nyawang arek wedok**. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, dados titikan gegayutan runtut wetah kasebat.

Gegayutan teges wekdal-runtut wonten ing ukara camboran campuran (13) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunserat wonten ing klausa **sakmarine maca**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **terus**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **manggut-manggut**.

### n. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Pradondi

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-pradondi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(14) Dhimas durung ngerti **yen** daktresnani, **nanging** atiku wis cuklek dhisik. (1/225/PS No.35)

Data (14) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **Dhimas durung ngerti**, klausa subordinatif **yen daktresnani**, sarta klausa utama 2 **atiku wis cuklek dhisik**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **durung ngerti**, **daktresnani**, sarta **wis cuklek**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan kados wonten ing ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **yen** gadhah fungsi kangge nggabung klausa **daktresnani** kaliyan klausa utama 1 **Dhimas durung ngerti**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **Dhimas durung ngerti yen daktresnani**. Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **atiku wis cuklek dhisik** kaliyan **Dhimas durung ngerti yen daktresnani**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (14) ing nginggil kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(14a) Dhimas durung ngerti yen daktresnani.
(14b) Atiku wis cuklek dhisik.

Klausa subordinatif **yen daktresnani**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **Dhimas durung ngerti**, sanes perangan saking klausa utama 2 **atiku wis cuklek dhisik**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan saking klausa utama 2, ukara camboran campuran (14) kasebat boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(14a) *Dhimas durung ngerti, **nanging** atiku wis cuklek dhisik **yen** daktresnani.

Ukara camboran campuran (14) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-pradondi. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **yen daktresnani**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **Dhimas durung ngerti**. Klausa subordinatif **yen daktresnani**, ngandharaken isi saking teges wasesa **durung**

**ngerti** wonten ing klausa utama 1, ingkang dereng cetha tegesnipun. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi.

Gegayutan teges pradondi wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi klausa utama 2 **atiku wis cuklek dhisik**, dados tumindak ingkang pambeda saking tumindak wonten ing gabungan klausa **Dhimas durung ngerti yen daktresnani**. Tembung panggadheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges isi-pradondi wonten ing ukara camboran campuran (15) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **yen daktresnani**. Dene titikan cetha gegayutan teges pradondi, dipunmangertosii saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **atiku wis cuklek dhisik**.

### o. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan teges Pradondi-Wekdal

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges pradondi-wekdal, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(15) Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati, dheweke wis dhisiki ngomong **nalikane** aku mampir kos-kosane. (1/232/PS No.36)

Data (15) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati**, klausa utama 2 **dheweke wis dhisiki ngomong**, sarta klausa subordinatif **nalikane aku mampir kos-kosane**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **durung nganti dakblakakake**, **wis dhisiki ngomong**, sarta **mampir**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges pradondi kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **dheweke wis dhisiki ngomong**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **jebul**, **nanging**, ingkang dados titikan gegayutan teges pradondi. Ukara camboran campuran (15) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(15a) Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati, { **jebul** / **nanging** } dheweke wis dhisiki ngomong **nalikane** aku mampir kos-kosane.

Ukara camboran campuran (15a) menika, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi ukara camboran campuran kasebat nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **nalikane**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **dheweke wis dhisiki ngomong** kaliyan klausa **aku mampir kos-kosane**, kanthi

cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **dheweke wis dhisiki ngomong nalikane aku mampir kos-kosane**.

Tembung panggandheng koordinatif **jebul**, **nanging** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati** kaliyan gabungan klausa **dheweke wis dhisiki ngomong nalikane aku mampir kos-kosane**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (15a) kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(15b) Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati.
(15c) Dheweke wis dhisiki ngomong nalikane aku mampir kos-kosane

Klausa subordinatif **nalikane aku mampir kos-kosane**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **dheweke wis dhisiki ngomong**, sanes perangan saking klausa utama 1 **durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati**. Awit saking menika, bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 1, ukara camboran campuran (15a) dados boten gramatikal. Ukara camboran campuran (15a), kados ing ngandhap menika.

(15d) *Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati **nalikane** aku mampir kos-kosane, (**jebul/nanging**) dheweke wis dhisiki ngomong.

Ukara camboran campuran (15) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges pradondi-wekdal. Gegayutan teges kasebat, kalebet jinis gegayutan teges pradondi wetah. Gegayutan teges pradondi wetah menika, kadadosan amargi gabungan klausa **dheweke wis dhisiki ngomong nalikane**

**aku mampir kos-kosane**, arupi alternatif satunggalipun saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati**. Gegayutan teges pradondi menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Dene gegayutan teges wekdal wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal kasebat, saged kadadosan amargi tumindak wonten ing klausa subordinatif **nalikane aku mampir kos-kosane**, kadadosanipun sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 2 **dheweke wis dhisiki ngomong**. Tembung panggandheng subordinatif **nalikane**, dados titikan gegayutan teges menika.

Gegayutan teges pertentangan-wekdal wonten ing ukara camboran campuran (15) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges pradondi, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **dheweke wis dhisiki ngomong**. Dene titikan cetha gegayutan teges wekdal, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalikane**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **aku mampir kos-kosane**.

**p. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tetandhingan-Pradondi**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges tetandhingan-pradondi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(16) "…**Tinimbang** aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu **nanging** ora bisa tumanduk, luwih becik dak punggel tekan semene wae…" (1/234/PS No.36)

Data (16) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa subordinatif **tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**, klausa utama 1 **ora bisa tumanduk**, sarta klausa utama 2 **luwih becik dak punggel tekan semene wae**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **kedawa-dawa nandur**, **ora bisa tumanduk**, sarta **dak punggel**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 1 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa subordinatif, inggih menika **aku**.

Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa **aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu** kaliyan klausa utama 2 **luwih becik dak punggel tekan semene wae**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **luwih becik dak punggel tekan semene wae tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**.

Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **luwih becik dak punggel tekan semene wae tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu** kaliyan klausa utama 1 **ora bisa tumanduk**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran

campuran (16) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba kados ing ngandhap menika.

(16a) Luwih becik dak punggel tekan semene wae tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu.
(16b) (Aku) ora bisa tumanduk.

Klausa subordinatif **tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **luwih becik dak punggel tekan semene wae**, sanes perangan saking klausa utama 1 **ora bisa tumanduk**. Awit saking menika, bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan saking klausa utama 1, ukara camboran campuran (16) dados boten gramatikal. Ukara camboran campuran (16) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(16c) *"...**Nanging** ora bisa tumanduk **tinimbang** aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu, luwih becik dak punggel tekan semene wae..."

Ukara camboran campuran (16) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges tetandhingan-pradondi. Gegayutan teges tetandhingan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**, dados tumindak ingkang ngandharaken bandingan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **luwih becik dak punggel tekan semene wae**. Tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**, dados titikan gegayutan teges tetandhingan menika.

Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi klausa

utama 2 **ora bisa tumanduk**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing gabungan klausa **luwih becik dak punggel tekan semene wae tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**. Tembung panggandheng subordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi menika.

Gegayutan teges tetandhingan-pradondi wonten ing ukara camboran campuran (16) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha gegayutan teges tetandhingan, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **tinimbang aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu**. Dene titikan cetha gegayutan teges pradondi menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **ora bisa tumanduk**.

### q. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pradondi-Sebab

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges pradondi-sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(17) "…Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh, **nanging** aku ora wani suwala, bektiku marang wong tuwa luwih abot…" (1/255/PS No.36)

Data (17) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika

klausa utama 1 **aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh**, klausa utama 2 **aku ora wani suwala**, sarta klausa **bektiku marang wong tuwa luwih abot**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **kumudu mlayu nggoleki**, **ora wani suwala**, sarta **luwih abot**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges sebab dipunsingidaken. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **bektiku marang wong tuwa luwih abot**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amarga**. Ukara camboran campuran (17) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(17a) "…Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh, **nanging** aku ora wani suwala { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **mergane** / **sebab** / **soale** } bektiku marang wong tuwa luwih abot."

Ukara camboran campuran (17) wonten ing nginggil, kadadosan kanthi cara sajajar saha cara sungsun, amargi nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **amarga** ingkang dipunsingidaken menika, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **bektiku marang wong tuwa luwih abot** kaliyan klausa utama 2 **aku ora wani**

**suwala**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **aku ora wani suwala (amarga) bektiku marang wong tuwa luwih abot**.

Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **aku ora wani suwala (amarga) bektiku marang wong tuwa luwih abot** kaliyan klausa utama 1 **aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (17) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(17b) Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh.
(17c) Aku ora wani suwala (amarga) bektiku marang wong tuwa luwih abot.

Klausa subordinatif **(amarga) bektiku marang wong tuwa luwih abot**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **aku ora wani suwala**, sanes perangan saking klausa utama 1 **aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 1, ukara camboran campuran (17a) boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(17d) *"…Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh, (**amarga**) bektiku marang wong tuwa luwih abot **nanging** aku ora wani suwala…"

Ukara camboran campuran (17) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges pradondi-sebab. Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda menika, kadadosan amargi gabungan klausa **aku ora wani suwala (amarga) bektiku marang wong**

**tuwa luwih abot**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi menika. Dene gegayutan teges sebab, kadadosan amargi klausa **bektiku marang wong tuwa luwih abot**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **aku ora wani suwala**.

Gegayutan teges pradondi-sebab wonten ing ukara camboran campuran (17), gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges pradondi, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **aku ora wani suwala**. Dene titikan sinamun gegayutan teges sebab, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **bektiku marang wong tuwa luwih abot**.

**r. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kosok wangsul-Pradondi**

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges kosok wangsul-pradondi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, kados ing ngandhap menika.

(18) Aku yakin, **senajan** tata lair iklas, **nanging** batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya. (1/280/PS No.37)

Data (18) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **aku yakin**, klausa subordinatif **senajan tata lair iklas**, sarta klausa utama 2 **batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **yakin**, **iklas**, sarta **mesthi remuk weruh**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **senajan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **tata lair iklas** kaliyan klausa utama 1 **aku yakin**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **tata lair iklas nanging batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**. Dene tembung panggandheng subordinatif **senajan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **tata lair iklas nanging batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya** kaliyan klausa utama 1 **aku yakin**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (18) kasebat kadadosan saking ukara lamba saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(18a) Aku yakin.
(18b) Tata lair iklas nanging batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya.

Ukara camboran campuran (18) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul-pradondi. Gegayutan teges kosok wangsul kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa **tata lair iklas nanging batine Pak**

**Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**, minangka tumindak ingkang berlawanan kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **aku yakin**. Tembung panggandheng subordinatif **senajan**, dados titikan gegayutan teges kosok wangsul menika.

Dene gegayutan teges pradondi menika, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing klausa **tata lair iklas**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi.

Gegayutan teges kosok wangsul-pradondi wonten ing ukara camboran campuran (18) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **senajan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa **senajan tata lair iklas nanging batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa koordinatif **batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya**.

### s. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(19) Krepo isih kelingan **nalika** dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik **lan banjur** mligi ngurusi dhemo. (1/287/PS No.38)

Data (19) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **Krepo isih kelingan**, klausa subordinatif **nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**, sarta klausa utama 2 **mligi ngurusi dhemo**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **isih kelingan**, **metu**, sarta **ngurusi**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 1, inggih menika **Krepo**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **nalika** gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **Krepo isih kelingan** kaliyan klausa **dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, gabungan klausa **Krepo isih kelingan nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**. Dene tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **Krepo isih kelingan nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik** kaliyan klausa utama 2 **mligi ngurusi dhemo**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (19) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(19a) Krepo isih kelingan nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik.
(19b) (Krepo) mligi ngurusi dhemo.

Klausa subordinatif **nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **Krepo isih kelingan**, sanes perangan saking klausa utama 2 **mligi ngurusi dhemo**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 2, ukara camboran campuran (19) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(19c) *Krepo isih kelingan **lan banjur** mligi ngurusi dhemo **nalika** dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik.

Ukara camboran campuran (19) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung. Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan, kadadosan amargi klausa subordinatif **nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 1 **Krepo isih kelingan**. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, dados titikan gegayutan teges wekdal menika.

Dene gegayutan teges gunggung kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung-runtut. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **mligi ngurusi dhemo**, minangka informasi gunggungan utawi tambahan menapa dene runtut saking tumindak wonten ing gabungan klausa **Krepo isih kelingan nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**. Teges runtut saking gegayutan teges gunggung-runtut menika, katitik saking perangan **ngurusi dhemo** wonten ing klausa utama 2 ingkang dados urutan saking perangan **metu saka anggone dadi buruh pabrik** wonten ing gabungan klausa. Tembung

panggandheng koordinatif **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung menika.

Gegayutan teges wekdal-gunggung wonten ing ukara camboan campuran (19) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **nalika dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **mligi ngurusi dhemo**.

### t. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-gunggung, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(20) "…Dhemo lagi ora ana **menawa** buruh-buruh iku wis padha dadi bos, pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!" (1/289/PS No.38)

Data (20) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **dhemo lagi ora ana**, klausa subordinatif **menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**, sarta klausa utama 2 **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lagi ora ana**, **wis padha dadi bos**, sarta **wis padha dadi pejabat**. Ukara

camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung kasebat dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**, **uga**, **apadene**. Ukara camboran campuran kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(20a) "…Dhemo lagi ora ana **menawa** buruh-buruh iku wis padha dadi

bos { **lan** / **sarta** / **uga** / **apadene** } pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!"

Ukara camboran campuran (20) wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **menawa**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **dhemo lagi ora ana** kaliyan klausa **buruh-buruh iku wis padha dadi bos**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa **dhemo lagi ora ana menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**.

Dene tembung panggandheng koordinatif **apadene** ingkang dipunsingidaken kasebat, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **dhemo lagi ora ana menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos** kaliyan klausa utama 2 **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!**, kanthi cara

sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (20) kasebat kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(20a) Dhemo lagi ora ana menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos.
(20b) Pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!

Klausa subordinatif **menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **dhemo lagi ora ana**, sanes perangan saking klausa utama 2 **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 2, ukara camboran campuran (20) kasebat boten gramatikal, kados ing ngandhap menika.

(20c) *"…Dhemo lagi ora ana, pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat **menawa** buruh-buruh iku wis padha dadi bos."

Ukara camboran campuran (20) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-gunggung. Gegayutan teges isi menika, kadadosan amargi klausa subordinatif **menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **dhemo lagi ora ana**, ingkang dereng cetha tegesnipun. Tembung panggandheng subordinatif **menawa**, dados titikan gegayutan teges isi menika.

Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing gabungan klausa **dhemo lagi ora ana**

**menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**. Gegayutan teges gunggungan wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges isi-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (20) kasebat, arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges isi, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **menawa**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **menawa buruh-buruh iku wis padha dadi bos**. Dene titikan sinamun gegayutan teges gunggung, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa utama 2 **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat**.

### u. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Runtut-Tujuan

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges tujuan-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, wonten ing ngandhap menika.

(21) Tante Rosa mudhun **terus** tumuju resepsionis **saperlu** check in kamar. (1/320/PS No.39)

Data (21) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking tigang klausa, inggih menika klausa utama 1 **Tante Rosa mudhun**, klausa utama 2 **tumuju resepsionis**, sarta klausa subordinatif **saperlu check in kamar**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan klausa utama 1,

inggih menika **Tante Rosa**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **mudhun**, **tumuju**, sarta **check in**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **saperlu** gadhah fungsi kangge nggabung klausa **check in kamar** kaliyan klausa utama 1 **tumuju resepsionis** kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa **tumuju resepsionis saperlu check in kamar**. Dene tembung panggandheng koordinatif **terus**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **Tante Rosa mudhun** kaliyan gabungan klausa **tumuju resepsionis saperlu check in kamar**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (21) kadadosan saking ukara tunggal saha ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(21a) Tante Rosa mudhun.
(21b) (Tante Rosa) tumuju resepsionis saperlu check in kamar.

Klausa subordinatif **saperlu check in kamar**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **tumuju resepsionis**, sanes perangan saking klausa utama 1 **Tante Rosa mudhun**. Bilih klausa subordinatif dipunpindhah dados perangan klausa utama 1, ukara camboran campuran (21) wonten ing nginggil dados boten gramatikal. Ukara camboran campuran (21) kasebat, kados ing ngandhap menika.

(21c) *Tante Rosa mudhun **saperlu** check in kamar **terus** tumuju resepsionis.

Ukara camboran campuran (21) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges runtut-tujuan. Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis

gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut, kadadosan amargi gabungan klausa **tumuju resepsionis saperlu check in kamar**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **Tante Rosa mudhun**. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, dados titikan gegayutan teges runtut menika.

Dene gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **saperlu check in kamar**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **tumuju resepsionis**. Tembung panggandheng subordinatif **saperlu** kasebat, dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

Gegayutan teges runtut-tujuan wonten ing ukara camboran campuran (21) kasebat, gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **terus**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa **tumuju resepsionis**; saha dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **saperlu**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **saperlu check in kamar**.

**v. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sarat-Pamilih-Runtut**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges sarat-pamilih-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(22) Biyasa ta, rapat **yen** padha durung mudheng **utawa** sajak kurang sreg **banjur** umyeg karepe dhewe. (1/5/PS No.27)

Data (22) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **biyasa ta, rapat**, klausa **padha durung mudheng**, klausa **sajak kurang sreg**, sarta klausa **umyeg karepe dhewe**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **rapat**, **padha durung mudheng**, **sajak kurang sreg**, sarta **umyeg**. Ukara camboran campuran wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **utawa** gadhah fungsi kangge nggabung klausa **padha durung mudheng** kaliyan klausa **sajak kurang sreg**, kanthi cara sajajar. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg**. Dene tembung panggandheng koordinatif **banjur**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg** kaliyan klausa **umyeg karepe dhewe**, kanthi cara sajajar. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg banjur umyeg karepe dhewe**.

Dene tembung panggadheng subordinatif **yen**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama **biasa ta, rapat** kaliyan gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg banjur umyeg karepe dhewe**. Awit saking menika, ukara camboran campuran (22) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara camboran lamba saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(22a) Biasa ta, rapat.
(22b) Padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg banjur umyeg karepe dhewe.

Ukara camboran campuran (22) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-pamilih-runtut. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg banjur umyeg karepe dhewe**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **biasa ta, rapat**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi menika.

Gegayutan teges pamilih wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges pamilih wetah. Gegayutan teges pamilih, kadadosan amargi klausa **padha durung mudheng** kaliyan klausa **sajak kurang sreg**, ngandharaken pamilih antawisipun kalih kemungkinan ingkang saged dipunpilih. Tembung panggandheng koordinatif **utawa**, dados titikan gegayutan teges pamilih menika.

Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut, kadadosan amargi klausa **umyeg karepe dhewe**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg**. Tembung panggandheng koordinatif **banjur**, dados titikan gegayutan teges runtut menika.

Gegayutan teges isi-pamilih-runtut wonten ing ukara camboran campuran (22) kasebat, gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking pananggenipun tembung panggandheng

subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa **padha durung mudheng utawa sajak kurang sreg**; tembung panggandheng koordinatif **utawa**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa **sajak kurang sreg**; sarta tembung panggandheng koordinatif **banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa **umyeg karepe dhewe**.

**w. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Kosok wangsul-Pradondi-Cara**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges kosok wangsul-pradondi-cara, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(23) Swarane renyah, ora pati digape dening Gilang, **mung** dijawab **kanthi** anthukan tanpa greget. (1/21/PS No.28)

Data (23) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **swarane renyah**, klausa **ora pati digape dening Gilang**, klausa utama 2 **dijawab**, sarta klausa subordinatif **kanthi anthukan tanpa greget**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **renyah**, **ora pati digape**, **dijawab**, sarta **anthukan**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges kosok wangsul kasebat dipunsingidaken. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **ora pati digape**

**dening Gilang**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sanadyan**, **senajan**, **najan**, **nadyan**. Ukara camboran campuran (23) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(23a) Swarane renyah { **sanadyan** / **senajan** / **najan** / **nadyan** } ora pati digape dening Gilang, **mung** dijawab **kanthi** anthukan tanpa greget.

Ukara camboran campuran (23) wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **sanadyan**, **senajan**, **najan**, **nadyan** ingkang dipunsingidaken menika, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **swarane renyah** kaliyan klausa **ora pati digape dening Gilang**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ngasilaken gabungan klausa 1 **swarane renyah (sanadyan/senajan/najan/nadyan) ora pati digape dening Gilang**.

Tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **dijawab** kaliyan klausa **anthukan tanpa greget**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 2 **dijawab kanthi anthukan tanpa greget**. Dene tembung panggandheng koordinatif **mung**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa **swarane renyah (sanadyan/senajan/najan/nadyan) ora pati digape dening Gilang** kaliyan gabungan klausa **dijawab kanthi anthukan tanpa greget**. Awit saking menika, ukara camboran

campuran (23) ing nginggil kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(23a) Swarane renyah (sanadyan, senajan, najan, nadyan) ora pati digape dening Gilang.
(23b) Dijawab kanthi anthukan tanpa greget.

Klausa subordinatif **(sanadyan/senajan/najan/nadyan) ora pati digape dening Gilang** minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 swarane renyah, dene klausa subordinatif **kanthi anthukan tanpa greget** minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **dijawab**. Awit saking menika, bilih papanipun klausa subordinatif kasebat dipunpindhah, ukara camboran campuran (23) kasebat dados boten gramatikal. Ukara camboran campuran (23) wonten ing nginggil, kados ing ngandhap menika.

(23b) *Swarane renyah **kanthi** anthukan tanpa greget, **mung** dijawab (**sanadyan/senajan/najan/nadyan**) ora pati digape dening Gilang.

Ukara camboran campuran (23) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges kosok wangsul-pradondi-cara. Gegayutan teges kosok wangsul menika, kadadosan amargi klausa **ora pati digape dening Gilang**, minangka tumindak ingkang berlawanan kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **swarane renyah**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken.

Gegayutan teges pradondi kasebat, kalebet gegayutan teges pradondi-kirang. Gegayutan teges pradondi-kirang menika, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **dijawab kanthi anthukan tanpa greget**, ngandharaken bab ingkang

kirang saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 1 **swarane renyah (sanadyan/senajan /najan/nadyan) ora pati digape dening Gilang**. Tembung panggandheng koordinatif **mung**, dados titikan gegayutan teges pradondi-kirang kasebat. Dene gegayutan teges cara menika, kadadosan amargi klausa subordinatif **kanthi anthukan tanpa greget**, ngandharaken cara kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama 2 **dijawab**. Tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, dados titikan gegayutan teges cara kasebat.

Gegayutan teges kosok wangsul-pradondi-cara wonten ing ukara camboran campuran (23) kasebat, inggih menika titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges kosok wangsul menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipusinggitaken wonten ing klausa **ora pati digape dening Gilang**. Titikan cetha gegayutan teges pradondi saha gegayutan teges cara, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **mung**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2 **dijawab kanthi anthukan tanpa greget**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kanthi anthukan tanpa greget**.

**x. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Wekdal-Pradondi**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-wekdal-pradondi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(24) Senajan Gilang wis bola-bali matur bapake **yen** dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa **sawise** rampung kuliyah, **nanging** bapake tetep puguh karo prinsipe. (1/27/PS No.28)

Data (24) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake**, klausa subordinatif 1 **yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**, klausa subordinatif 2 **sawise rampung kuliyah**, sarta klausa utama 2 **bapake tetep puguh karo prinsipe**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **wis bola-bali matur**, **kepengin ambyur**, **rampung**, sarta **tetep puguh**. Tembung panggandheng **senajan**, minangka tembung panggandheng antawisipun ukara saderengipun kaliyan ukara camboran campuran kasebat.

Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **yen** gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake** kaliyan klausa **dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **sawise**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa** kaliyan klausa **rampung kuliyah**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa sawise rampung kuliyah**.

Tembung panggadheng koordinatif **nanging**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 2 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa sawise rampung kuliyah** kaliyan klausa utama 2 **bapake tetep puguh karo prinsipe**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (24) ing nginggil kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(24a) Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa sawise rampung kuliyah.
(24b) Bapake tetep puguh karo prinsipe.

Klausa subordinatif 1 **yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa** saha klausa subordinatif 2 **sawise rampung kuliyah**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2 **bapake tetep puguh karo prinsipe**. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (24) kasebat taksih gramatikal, ananging tegesnipun dados beda, kados ing ngandhap menika.

(24c) *Senajan Gilang wis bola-bali matur bapake **nanging** bapake tetep puguh karo prinsipe **yen** dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa **sawise** rampung kuliyah

Ukara camboran campuran (24) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-wekdal-pradondi. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**, ngandharaken isi saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing

klausa utama 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake**. Klausa subordinatif 1 **yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**, ngandharaken isi saking teges wasesa **wis bola-bali matur** wonten ing klausa utama 1, supados teges wasesa kasebat langkung cetha. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

Dene gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal runtutan, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **sawise rampung kuliyah**, minangka tumindak ingkang kadadosan saderengipun kalampahan tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**. Tembung panggandheng subordinatif **sawise** kasebat, dados titikanipun.

Gegayutan teges pradondi wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **bapake tetep puguh karo prinsipe**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing gabungan klausa 2 **Gilang wis bola-bali matur bapake yen dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa sawise rampung kuliyah**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi kasebat.

Gegayutan teges isi-wekdal-pradondi wonten ing ukara camboran campuran (24) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **yen**

**dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa**; panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sawise**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **sawise rampung kuliyah**; sarta panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **bapake tetep puguh karo prinsipe**.

### y. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Gunggung-Tujuan-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges sebab-pradondi-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(25) Akeh-akeh nggone nuturi **lan** ngarih-arih **amrih** Gilang enggal waluya jati, bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh. (1/47/PS No.28)

Data (25) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **akeh-akeh nggone nuturi**, klausa utama 2 **ngarih-arih**, klausa utama 3 **Gilang enggal waluya jati**, sarta klausa utama 4 **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nuturi**, **ngarih-arih**, **enggal waluya jati**, sarta **bisa enggal mulih**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa 4 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 3, inggih menika **Gilang**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung, dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 3 Ø **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken menika, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**, **sarta**. Ukara camboran campuran (26) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(26a) Akeh-akeh nggone nuturi **lan** ngarih-arih **amrih** Gilang enggal waluya jati (**lan/sarta**) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh.

Ukara camboran campuran (26) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **akeh-akeh nggone nuturi** kaliyan klausa utama 2 **ngarih-arih**, kanthi cara sajajar. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 1 **akeh-akeh nggone nuturi lan ngarih-arih**. Dene tembung panggandheng koordinatif **sarta** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 3 **Gilang enggal waluya jati** kaliyan klausa utama 4 **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**, kanthi cara sajajar. Proses penggabungan menika, ngasilaken gabungan klausa 2 **Gilang enggal waluya jati (sarta) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**.

Gabungan klausa 1 **akeh-akeh nggone nuturi lan ngarih-arih** kaliyan gabungan klausa 2 **Gilang enggal waluya jati (sarta) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**, dipungabung ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amrih**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran

campuran (26) kasebat kadadosan saking kalih ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(26b) Akeh-akeh nggone nuturi lan ngarih-arih.
(26c) Gilang enggal waluya jati (lan/sarta) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh.

Ukara camboran campuran (26) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges gunggung-tujuan-gunggung. Gegayutan teges gunggung 1 menika, kalebet wonten ing jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah kadadosan amargi, klausa utama 2 **ngarih-arih**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa utama 1 **akeh-akeh nggone nuturi**. Gegayutan teges gunggung-wetah menika, katitik saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif lan. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung menika.

Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **Gilang enggal waluya jati (lan/sarta) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 1 **akeh-akeh nggone nuturi lan ngarih-arih**. Tembung panggandheng subordinatif **amrih**, dados titikan gegayutan teges tujuan menika. Dene gegayutan teges gunggung 2, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah kadadosan amargi, klausa utama 4 **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 3 **Gilang enggal**

**waluya jati**. Gegayutan teges gunggung wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges gunggung-tujuan-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (26) kasebat, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **ngarih-arih**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **amrih**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2 **Gilang enggal waluya jati (lan/sarta) bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**. Dene titikan sinamun gegayutan teges gunggung 2 kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 4 **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**.

### z. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Cara-Pembandingan-Gunggung

Ukara camboran campuran kanthi jinis gegayutan teges cara-pembandingan-gunggung, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(26) **Kanthi** maca karyaku, dakajap bangsaku ora tumindak **kaya** sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka **lan banjur** nibakake laknat. (1/107/PS No.30)

Data (26) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa subordinatf 1 **kanthi maca karyaku**, klausa utama 1 **dakajap**

**bangsaku ora tumindak**, klausa subordinatif 2 **kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**, sarta klausa utama 2 **nibakake laknat**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **maca**, **dakajap**, **murka**, sarta **nibakake**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan kostituen **Gusti Allah**, wonten ing klausa subordinatif 2. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **maca karyaku** kaliyan klausa utama 1 **dakajap bangsaku ora tumindak**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **kanthi maca karyaku dakajap bangsaku ora tumindak**. Dene tembung panggandheng subordinatif **kaya**, gadhah fungsi kangge nggabung gabungan klausa 1 **kanthi maca karyaku dakajap bangsaku ora tumindak kaliyan klausa sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **kanthi maca karyaku dakajap bangsaku ora tumindak kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**.

Tembung panggadheng koordinatif **lan banjur**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 2 **kanthi maca karyaku dakajap bangsaku ora tumindak kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka** kaliyan klausa utama 2 **nibakake laknat**. Awit saking menika, ukara camboran campuran (26) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(26a) Kanthi maca karyaku, dakajap bangsaku ora tumindak kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka.
(26b) (Gusti Allah) nibakake laknat.

Ukara camboran campuran (26) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges cara-pembandingan-gunggung. Gegayutan teges cara kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kanthi maca karyaku**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama 1 **dakajap bangsaku ora tumindak**. Tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, dados titikan gegayutan teges cara menika.

Gegayutan teges pembandingan wonten ing ukara camboran campuran menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **dakajap bangsaku ora tumindak**. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan menika.

Gegayutan teges gunggung kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung-perturutna. Gegayutan teges gunggung-runtut kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **nibakake laknat**, minangka informasi gunggungan utawi tambahan menapa dene runtut saking tumindak wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**. Tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung menika.

Gegayutan teges cara-pembandingan-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (26) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kanthi maca karyaku**; panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka**; sarta panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **nibakake laknat**.

### aa. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Pradondi-Pembandingan

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-pradondi-pembandingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(27) Alus lan lumer swarane bocah iku **nalika** nyebut asmane ibune, **nanging** keprungu ing kupingku **kaya** bledheg mangsa kasanga. (1/163/PS No.33)

Data (27) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **alus lan lumer swarane bocah iku**, klausa subordinatif 1 **nalika nyebut asmane ibune**, klausa utama 2 **keprungu ing kupingku**, sarta klausa subordinatif 2 **kaya bledheg mangsa kasanga**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **alus lan lumer**, **nyebut**, **keprungu**.

Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **alus lan lumer swarane bocah iku** kaliyan klausa **nyebut asmane ibune**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **alus lan lumer swarane bocah iku nalika nyebut asmane ibune**. Dene tembung panggandheng subordinatif **kaya**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 2 **keprungu ing kupingku** kaliyan klausa **bledheg mangsa kasanga**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **keprungu ing kupingku kaya bledheg mangsa kasanga**.

Tembung panggadheng koordinatif nanging, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **alus lan lumer swarane bocah iku nalika nyebut asmane ibune** kaliyan gabungan klausa 2 **keprungu ing kupingku kaya bledheg mangsa kasanga**. Awit saking menika, ukara camboran campuran (27) ing nginggil kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(27a) Alus lan lumer swarane bocah iku nalika nyebut asmane ibune.
(27b) Keprungu ing kupingku kaya bledheg mangsa kasanga.

Klausa subordinatif 1 **nalika nyebut asmane ibune**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **alus lan lumer swarane bocah iku**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **kaya bledheg mangsa kasanga**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **keprungu ing kupingku**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih

papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah papanipun, ukara camboran campuran (27) wonten ing nginggil dados boten gramatikal, kados ing ngandhap menika.

(27c) *Alus lan lumer swarane bocah iku **kaya** bledheg mangsa kasanga, **nanging** keprungu ing kupingku **nalika** nyebut asmane ibune.

Ukara camboran campuran (27) ing nginggil menika, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-pradondi-pembandingan Gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **nalika nyebut asmane ibune**, ngandharaken bilih tumindak kasebat kadadosanipun sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 1 **alus lan lumer swarane bocah iku**. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, dados titikanipun.

Dene gegayutan teges pradondi menika, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi-pambeda, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **keprungu ing kupingku kaya bledheg mangsa kasanga**, dados tumindak ingkang nedahaken pradondi-pambeda saking tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **alus lan lumer swarane bocah iku nalika nyebut asmane ibune**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi menika.

Gegayutan teges pembandingan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kaya bledheg mangsa kasanga**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **keprungu ing kupingku**. Kahanan ingkang dados titikan

gegayutan teges pembandingan, inggih menika **mireng suwanten**, ingkang nedahaken kemiripan utawi sami kaliyan **suwanten bledheg**. Tembung panggandheng koordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan.

Gegayutan teges wekdal-pradondi-pembandingan wonten ing ukara camboran campuran (27) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **nalika nyebut asmane ibune**; panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2 **keprungu ing kupingku kaya bledheg mangsa kasanga**; sarta panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya bledheg mangsa kasanga**.

**bb. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Tujuan-Sebab-Runtut**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges tujuan-sebab-runtut, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(28) "…Susahe ora duwe wektu **kanggo** nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang, **awit** seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris, **terus** ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku…" (1/171/PS No.33)

Data (28) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih

menika klausa utama 1 **susahe ora duwe wektu**, klausa subordinatif 1 **kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**, klausa subordinatif 2 **awit seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris**, sarta klausa utama 2 **ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora duwe wektu**, **nglamar**, **melu kursus**, sarta **ngurusi**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **susahe ora duwe wektu** kaliyan klausa **nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 1 **susahe ora duwe wektu kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**. Dene tembung panggandheng koordinatif **terus**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa **seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris** kaliyan klausa utama 2 **ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**, kanthi cara sajajar. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 2 **seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris terus ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**.

Tembung panggadheng subordinatif **awit**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **susahe ora duwe wektu kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang** kaliyan gabungan klausa 2 **seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris terus ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**. Awit saking

menika, ukara camboran campuran (28) kasebat kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(28a) Susahe ora duwe wektu kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang.
(28b) Seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris terus ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku.

Klausa subordinatif **kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **susahe ora duwe wektu**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2 **ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**. Bilih papanipun klausa subordinatif dipunpindhah dados klausa pendukung saking klausa utama 2, ukara camboran campuran (28) kasebat dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(28c) *Susahe ora duwe wektu **awit** seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris, **terus** ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku **kanggo** nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang

Ukara camboran campuran (28) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges tujuan-sebab-runtut. Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **susahe ora duwe wektu**. Tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

Gegayutan teges sebab wonten ing ukara camboran campuran kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **seminggu maneh aku kudu wis ana**

**Jakarta melu kursus basa Inggris terus ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 1 **susahe ora duwe wektu kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**. Tembung panggandheng subordinatif **awit**, dados titikan gegayutan teges sebab menika.

Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa **seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris**. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, dados titikan gegayutan teges runtut menika.

Gegayutan teges tujuan-sebab-runtut wonten ing ukara camboran campuran (29) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kanggo nglamar sliramu marang wong tuwamu ing Malang**; panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **awit**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **awit seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus basa Inggris**; sarta panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **terus**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **ngurusi paspor lan liya-liyane kanggo persiapan budhalku**.

### cc. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Pembandingan-Pradondi-Pembandingan

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges pembandingan-pradondi-pembandingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(29) Aku njegreg **kaya** reca watu, **nanging** jantungku kroncalan **kaya** arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra. (1/180/PS No.33)

Data (29) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **aku njegreg**, klausa subordinatif 1 **kaya reca watu**, klausa utama 2 **jantungku kroncalan**, sarta klausa subordinatif 2 **kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **njegreg**, **reca**, **kroncalan**, sarta **arep mabur-mabura nututi**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **aku njegreg** kaliyan klausa **reca watu**, saha klausa utama 2 **jantungku kroncalan** kaliyan klausa **arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **aku njegreg kaya reca watu**, saha gabungan klausa 2 **jantungku kroncalan kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**. Dene tembung panggandheng koordinatif **nanging**, nggabungaken

gabungan klausa 1 **aku njegreg kaya reca watu**, kaliyan gabungan klausa 2 **jantungku kroncalan kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (29) wonten ing nginggil kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(29a) Aku njegreg kaya reca watu.
(29b) Jantungku kroncalan kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra.

Klausa subordinatif 1 **kaya reca watu**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **aku njegreg**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **jantungku kroncalan**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (29) wonten ing nginggil dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(29c) *Aku njegreg **kaya** arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra, **nanging** jantungku kroncalan **kaya** reca watu.

Ukara camboran campuran (29) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges pembandingan-pradondi-pembandingan. Gegayutan teges pembandingan 1 menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kaya reca watu**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **aku njegreg**.

Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan 1 kasebat.

Gegayutan teges pradondi wonten ing ukara camboran campuran kasebat, kalebet jinising gegayutan teges pradondi-nglangkungaken. Gegayutan teges pradondi-nglangkungaken, kadadosan amargi gabungan klausa 1 **jantungku kroncalan kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**, minangka pradondi-nglangkungaken saking gabungan klausa 2 **aku njegreg kaya reca watu**. Tembung panggandheng koordinatif **nanging**, dados titikan gegayutan teges pradondi kasebat.

Gegayutan teges pembandingan 2 menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **jantungku kroncalan**. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan 2 kasebat.

Gegayutan teges pembandingan-pradondi-pembandingan wonten ing ukara camboran campuran (29) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kaya reca watu**; tembung panggandheng koordinatif **nanging**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2; sarta tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra.**

### dd. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Gunggung-Tujuan

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges isi-gunggung-tujuan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(30) Aku pengin banget ngerti, cewek endi sing ditresnani Dhimas **lan** bakal direngkuh **kanggo** nggenteni sisihane. (1/227/PS No.35)

Data (30) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **aku pengin banget ngerti**, klausa **cewek endi sing ditresnani Dhimas**, klausa utama 2 **bakal direngkuh**, sarta klausa subordinatif **kanggo nggenteni sisihane**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **pengin banget ngerti**, **ditresnani**, **bakal direngkuh**, sarta **nggenteni**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges isi, dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **cewek endi sing ditresnani Dhimas**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken kasebat, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **menawa**. Ukara camboran campuran (30) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(30a) Aku pengin banget ngerti (**menawa**) cewek endi sing ditresnani Dhimas **lan** bakal direngkuh **kanggo** nggenteni sisihane.

Ukara camboran campuran (30) wonten ing nginggil, nedahaken titikan kados ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **menawa** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **aku pengin banget ngerti** kaliyan klausa **cewek endi sing ditresnani Dhimas**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 1 **aku pengin banget ngerti, (menawa) cewek endi sing ditresnani Dhimas**. Dene tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **bakal direngkuh** kaliyan klausa **nggenteni sisihane**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **bakal direngkuh kanggo nggenteni sisihane**.

Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **aku pengin banget ngerti (menawa) cewek endi sing ditresnani Dhimas** kaliyan gabungan klausa 2 **bakal direngkuh kanggo nggenteni sisihane**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (30) wonten ing nginggil, kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(30b) Aku pengin banget ngerti, (menawa) cewek endi sing ditresnani Dhimas.
(30c) Bakal direngkuh kanggo nggenteni sisihane.

Klausa subordinatif **(menawa) cewek endi sing ditresnani Dhimas**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **aku pengin banget ngerti**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif **kanggo nggenteni sisihane**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **bakal**

**direngkuh**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (30) dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(30d) *Aku pengin banget ngerti **kanggo** nggenteni sisihane **lan** bakal direngkuh (**menawa**) cewek endi sing ditresnani Dhimas.

Ukara camboran campuran (30) wonten ing nginggil, gadhah gegayutan teges isi-gunggung-tujuan. Gegayutan teges isi menika, kadadosan amargi klausa **cewek endi sing ditresnani Dhimas**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **aku pengin banget ngerti**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges isi kasebat dipunsingidaken.

Gegayutan teges gunggung menika, kalebet gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah menika, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **bakal direngkuh kanggo nggenteni sisihane**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing gabungan klausa 1 **aku pengin banget ngerti, (menawa) cewek endi sing ditresnani Dhimas**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges tujuan wonten ing ukara camboran campuran menika, kadadosan amargi klausa subordinatif **kanggo nggenteni sisihane**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **bakal direngkuh**. Tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, dados titikan gegayutan teges tujuan kasebat.

Gegayutan teges isi-gunggung-tujuan wonten ing ukara camboran campuran (30) kasebat, inggih menika titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges isi menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **cewek endi sing ditresnani Dhimas**. Dene titikan cetha gegayutan teges gunggung, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2 **bakal direngkuh kanggo nggenteni sisihane**. Titikan cetha gegayutan teges tujuan kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **kanggo nggenteni sisihane**.

### ee. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Tujuan-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-tujuan-gunggung, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(31) "…Aku lila Dhik, sliramu bakal dadi sisihane priya liya, **sauger** tresnaku saiki iki bisa kok tampa, tinandur jero ing telenging atimu." (1/239/PS No.36)

Data (31) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama **aku lila Dhik**, klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**, klausa subordinatif **sauger tresnaku saiki iki bisa kok tampa**, sarta klausa **tinandur jero ing telenging atimu**. Klausa-klausa kasebat katitik saking

wasesanipun, inggih menika **lila**, **bakal dadi sisihane**, **bisa kok tampa**, sarta **tinandur**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges isi menika, tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**. Dene tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung, dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa Ø **tinandur jero ing telenging atimu**. Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken menika, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **yen** saha tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga**. Ukara camboran campuran (31) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng kados ing ngandhap menika.

(31a) "…Aku lila Dhik (**yen**) sliramu bakal dadi sisihane priya liya, **sauger** tresnaku saiki iki bisa kok tampa (**lan/sarta/uga**) tinandur jero ing telenging atimu."

Ukara camboran campuran (31) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **yen** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama **aku lila Dhik** kaliyan klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **aku lila Dhik (yen) sliramu bakal dadi sisihane priya liya**. Dene tembung panggandheng koordinatif **lan** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **tresnaku saiki iki bisa kok tampa** kaliyan klausa

**tinandur jero ing telenging atimu**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **tresnaku saiki iki bisa kok tampa (lan) tinandur jero ing telenging atimu**.

Gabungan klausa 1 **aku lila Dhik (yen) sliramu bakal dadi sisihane priya liya dipungabung** kaliyan gabungan klausa 2 **tresnaku saiki iki bisa kok tampa (lan) tinandur jero ing telenging atimu**, ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sauger**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (31) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(31a) Aku lila Dhik (yen) sliramu bakal dadi sisihane priya liya.
(31b) Tresnaku saiki iki bisa kok tampa (lan) tinandur jero ing telenging atimu.

Ukara camboran campuran (31) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-tujuan-gunggung. Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama **aku lila Dhik**. Klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**, ngandharaken isi saking wasesa **lila** wonten ing klausa utama. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken.

Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **tresnaku saiki iki bisa kok tampa (lan) tinandur jero ing telenging atimu**, dados tujuan saking tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **aku lila Dhik (yen) sliramu bakal dadi sisihane priya liya**. Tembung panggandheng subordinatif **sauger**, dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung kasebat, kadadosan amargi klausa **tinandur jero ing telenging atimu**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa **tresnaku saiki iki bisa kok tampa**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung kasebat dipunsingidaken.

Gegayutan teges isi-tujuan-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (31) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges isi menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**. Dene titikan cetha gegayutan teges tujuan, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sauger**, ingkang dipunserat wonten ing antawisipun gabungan klausa 1 saha gabungan klausa 2. Titikan gegayutan teges gunggung kasebat arupi titikan sinamun. Titikan sinamun menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif, ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tinandur jero ing telenging atimu**.

### ff. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Runtut-Sebab

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-runtut-sebab, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(32) Aku gragaban kaget **nalika** lawang kamarku nyuwara **banjur** menga, sajak dibukak saka njaba. (1/267/PS No.37)

Data (32) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama **aku gragaban kaget**, klausa **lawang kamarku nyuwara**, klausa **menga**, sarta klausa **sajak dibukak saka njaba**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **gragaban kaget**, **nyuwara**, **menga**, sarta **dibukak**. Klausa **menga** kasebat, konstituen ingkang ngisi jejer dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa **lawang kamarku nyuwara**, inggih menika **lawang kamarku**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges sebab kasebat, dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **sajak dibukak saka njaba**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/merga/sebab/mergane/soale**, ingkang dados titikan gegayutan teges sebab. Ukara camboran campuran (32) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(32a) Aku gragaban kaget **nalika** lawang kamarku nyuwara **banjur**

menga, { **jalaran** / **amarga** / **merga** / **sebab** / **mergane** / **soale** } sajak dibukak saka njaba.

Ukara camboran campuran (32) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **banjur**, gadhah fungsi nggabungaken klausa **lawang kamarku nyuwara** kaliyan klausa **menga**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **lawang kamarku nyuwara banjur menga**. Dene tembung panggandheng subordinatif **nalika**, gadhah fungsi nggabungaken klausa utama **aku gragaban kaget** kaliyan gabungan klausa 1 **lawang kamarku nyuwara banjur menga**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 2 **aku gragaban kaget nalika lawang kamarku nyuwara banjur menga**.

Gabungan klausa 2 **aku gragaban kaget nalika lawang kamarku nyuwara banjur menga** dipungabung kaliyan klausa **sajak dibukak saka njaba**, ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/merga/ sebab/mergane/soale** ingkang dipunsingidaken, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (32) wonten ing nginggil, kadadosan saking kalih ukara lamba saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(32a) Aku gragaban kaget.
(32b) Lawang kamarku nyuwara banjur menga.
(32c) Sajak dibukak saka njaba.

Ukara camboran campuran (32) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-runtut-sebab. Gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan, kadadosan amargi gabungan klausa 1 **lawang kamarku nyuwara banjur menga**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan

tumindak wonten ing klausa utama **aku gragaban kaget**. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, dados titikan gegayutan teges wekdal menika.

Gegayutan teges runtut wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinising gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah, kadadosan amargi klausa **menga**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa **lawang kamarku nyuwara**. Gegayutan teges runtut wetah kasebat, ugi katitik saking tembung panggandheng koordinatif. Tembung panggandheng koordinatif **banjur**, dados titikan gegayutan teges runtut menika.

Gegayutan teges sebab menika, kadadosan amargi klausa **sajak dibukak saka njaba**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 2 **aku gragaban kaget nalika lawang kamarku nyuwara banjur menga**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken.

Gegayutan teges wekdal-runtut-sebab wonten ing ukara camboran campuran (32) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges wekdal saha gegayutan teges runtut, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika,** ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa 1 **lawang kamarku nyuwara banjur menga**; saha tembung panggandheng koordinatif **banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa **menga**. Dene titikan sinamun gegayutan teges sebab, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif dipunsingidaken wonten ing klausa **sajak dibukak saka njaba**.

### gg. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Runtut-Runtut-Cara

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges runtut-runtut-cara, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, kaandharaken ing ngandhap menika.

(33) Anggone lungguh saya wani mepet, tangane dianggo nggegem tanganku, digeret menyang pangkone **sinambi** crita werna-werna. (1/268/PS No.37)

Data (33) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama **anggone lungguh saya wani mepet**, klausa **tangane dianggo nggegem tanganku**, klausa **digeret menyang pangkone**, sarta klausa subordinatif **sinambi crita werna-werna**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **lungguh**, **dianggo nggegem**, **digeret**, sarta **crita**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges runtut 1 saha gegayutan teges runtut 2 tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikanipun, dipunsingidaken wonten ing sangajengipun klausa Ø **tangane dianggo nggegem tanganku** saha klausa Ø **digeret menyang pangkone**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken menika, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/tumuli/nuli** saha **terus malah/banjur malah**, ingkang dados titikan gegayutan teges runtut 1 saha gegayutan teges runtut 2. Ukara

camboran campuran (33) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(33a) Anggone lungguh saya wani mepet { **banjur** / **terus** / **tumuli** / **nuli** } tangane dianggo nggegem tanganku, { **terus malah** / **banjur malah** } digeret menyang pangkone **sinambi** crita werna-werna.

Ukara camboran campuran (33) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/tumuli/nuli** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama **anggone lungguh saya wani mepet** kaliyan klausa **tangane dianggo nggegem tanganku**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/ tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku**.

Tembung panggandheng koordinatif **terus malah/banjur malah** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku** kaliyan klausa **digeret menyang pangkone**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur) tangane dianggo nggegem tanganku (terus malah/ banjur malah) digeret menyang pangkone**.

Gabungan klausa 2 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/ tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku (terus malah/banjur malah)**

**digeret menyang pangkone dipungabung** kaliyan klausa **crita werna-werna**, ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sinambi**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (33) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sajajar saha klausa subordinatif, kados ing ngandhap menika.

(33b) Anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku (terus malah/ banjur malah) digeret menyang pangkone.
(33c) Sinambi crita werna-werna.

Ukara camboran campuran (33) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan runtut-runtut-cara. Gegayutan teges runtut 1, kalebet wonten ing jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah, kadadosan amargi klausa **tangane dianggo nggegem tanganku**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa utama **anggone lungguh saya wani mepet**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges runtut 1 menika dipunsingidaken.

Gegayutan teges runtut 2 menika, kalebet jinising gegayutan teges runtut-nglangkungaken. Gegayutan teges runtut-nglangkungaken, kadadosan amargi klausa **digeret menyang pangkone**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut saha sipatipun nglangkungaken tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku**. Gegayutan teges runtut-nglangkungaken menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges cara wonten ing gegayutan teges menika, kadadosan amargi klausa subordinatif **sinambi crita werna-werna**, minangka tumindak ingkang dados cara saking kadadosanipun tumindak wonten ing gabungan klausa 2 **anggone lungguh saya wani mepet (banjur/terus/tumuli/nuli) tangane dianggo nggegem tanganku (terus malah/banjur malah) digeret menyang pangkone**. Tembung panggandheng subordinatif **sinambi**, dados titikan gegayutan teges cara menika.

Gegayutan teges runtut-runtut-cara wonten ing ukara camboran campuran (34) kasebat, gadhah titikan gegayutan makna arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges runtut 1 saha gegayutan teges runtut 2 kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tangane dianggo nggegem tanganku**; saha tembung panggandheng koordinatif dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **digeret menyang pangkone**. Dene titikan cetha gegayutan teges cara, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sinambi**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **sinambi crita werna-werna**.

### hh. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sebab-Gunggung-Sebab

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges sebab-pradondi-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(34) Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih **jalaran** dikabarake ing internet lan televise, ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate **marga** saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise. (1/285/PS No.38)

Data (34) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih**, klausa subordinatif 1 **jalaran dikabarake ing internet lan televise**, klausa utama 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**, sarta klausa subordinatif 2 **marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora sethithik**, **dikabarake**, **ora sethithik**, sarta **ndobos**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran campuran kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga**. Ukara camboran campuran (34) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(34a) Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih **jalaran** dikabarake ing internet lan televise, { **lan** / **sarta** / **uga** } ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate **marga** saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise.

Ukara camboran campuran (34) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih** kaliyan klausa **dikabarake ing internet lan televise**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih jalaran dikabarake ing internet lan televise**.

Tembung panggandheng subordinatif **marga**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate** kaliyan klausa **saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise**, kanthi cara sungsun. Bab menika, ngasilaken gabungan klausa 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise**.

Gabungan klausa 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih jalaran dikabarake ing internet lan televise** dipungabung kaliyan gabungan klausa 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise**, ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (34) wonten ing nginggil, kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(34b) Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih jalaran dikabarake ing internet lan televisi.

(34c) Ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi.

Klausa subordinatif 1 **jalaran dikabarake ing internet lan televise**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (34) taksih gramatikal, ananging teges ukara camboran kasebat dados beda kados ing ngandhap menika.

(34d) *Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih **marga** saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi, ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate **jalaran** dikabarake ing internet lan televisi.

Ukara camboran campuran (34) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges sebab-gunggung-sebab. Gegayutan teges sebab 1, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **jalaran dikabarake ing internet lan televise**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih**. Tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, dados titikan gegayutan teges sebab 1 kasebat.

Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur**

**drajate marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi**, minangka tumindak ingkang dipungunggung kaliyan tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **ora sethithik pawongan kang dadakan sugih jalaran dikabarake ing internet lan televisi**. Gegayutan teges gunggung wetah kasebat katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges sebab 2 wonten ing ukara camboran campuran kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**. Tembung panggandheng subordinatif **marga**, dados titikan gegayutan teges sebab kasebat.

Gegayutan teges sebab-gunggung-sebab wonten ing ukara camboran campuran (34) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges sebab 1 saha gegayutan teges sebab 2 kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **jalaran dikabarake ing internet lan televisi**; saha panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **marga**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **marga saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televisi**. Dene titikan sinamun gegayutan teges gunggung kasebat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**.

### ii. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Isi-Pradondi-Wekdal

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges isi-pradondi-wekdal, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(35) Ora ngerti **kepriye** carane ngedum dhuwit saka donator dhemo, kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther **sawise** dadi pengurus dhemo buruh. (1/288/PS No.38)

Data (35) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **ora ngerti**, klausa subordinatif 1 **kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**, klausa utama 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**, sarta klausa subordinatif 2 **sawise dadi pengurus dhemo buruh**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora ngerti**, **ngedum**, **dadi luwih ngglenther**, sarta **dadi pengurus**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Gegayutan teges pradondi wonten ing ukara camboran campuran kasebat, tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikanipun dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 Ø **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif

**nanging/ning**. Ukara camboran campuran (35) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(35a) Ora ngerti **kepriye** carane ngedum dhuwit saka donator dhemo, (**nanging/ning**) kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther **sawise** dadi pengurus dhemo buruh.

Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **kepriye**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **ora ngerti** kaliyan klausa **carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **ora ngerti kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**. Dene tembung panggandheng subordinatif **sawise**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther** kaliyan klausa **dadi pengurus dhemo buruh**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther sawise dadi pengurus dhemo buruh**.

Gabungan klausa 1 **ora ngerti kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo** dipungabung kaliyan gabungan klausa 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther sawise dadi pengurus dhemo buruh**, ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (35) wonten ing nginggil, kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(35b) Ora ngerti kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo.
(35c) Kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther sawise dadi pengurus dhemo buruh.

Klausa subordinatif 1 **kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **ora ngerti**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **sawise dadi pengurus dhemo buruh**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (35) wonten ing nginggil dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(35d) *Ora ngerti **sawise** dadi pengurus dhemo buruh, kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther **kepriye** carane ngedum dhuwit saka donator dhemo.

Ukara camboran campuran (35) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges isi-pradondi-wekdal. Gegayutan teges isi menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**, ngandharaken isi saking klausa utama 1 **ora ngerti**. Tembung panggandheng subordinatif **kepriye**, dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

Gegayutan teges pradondi menika, kalebet jinis gegayutan teges pradondi-pambeda. Gegayutan teges pradondi kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther sawise dadi pengurus dhemo buruh**, ngandharaken bab berlainan kaliyan bab ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 1 **ora ngerti kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges kasebat dipunsingidaken.

Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet jinis gegayutan teges wekdal runtutan. Gegayutan teges wekdal menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **sawise dadi pengurus dhemo buruh**, kadadosanipun sasampunipun utawi minangka tumindak urutan saking klausa utama 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**. Tembung panggandheng subordinatif **sawise**, dados titikan gegayutan teges wekdal menika.

Gegayutan teges isi-pradondi-wekdal wonten ing ukara camboran campuran (35) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges isi menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kepriye**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **kepriye carane ngedum dhuwit saka donator dhemo**. Titikan sinamun gegayutan teges pradondi, dipunmangetos saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**. Dene titikan cetha gegayutan teges wekdal, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **sawise**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **sawise dadi pengurus dhemo buruh**.

### jj. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Gunggung-Nglangkungaken

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-runtut-nglangkungaken, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(36) Mbokmenawa Yanti eling **nalika** lara lapa biyen, **lan banjur** menehi pagaweyan marang dheweke, sukur-sukur pagaweyan kang murwat. (1/294/PS No.38)

Data (36) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **mbokmenawa Yanti eling**, klausa subordinatif **nalika lara lapa biyen**, klausa utama 2 **menehi pagaweyan marang dheweke**, sarta klausa **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **eling**, **lara lapa**, **menehi**, sarta **pawaweyan**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges nglangkungaken, dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa Ø **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken menika, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **apamaneh**. Ukara camboran campuran (36) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(36a) Mbokmenawa Yanti eling **nalika** lara lapa biyen, **lan banjur** menehi pagaweyan marang dheweke, (**apamaneh**) sukur-sukur pagaweyan kang murwat.

Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **mbokmenawa Yanti eling** kaliyan klausa **lara lapa biyen**, kanthi cara sungsun. Bab menika

ngasilaken gabungan klausa 1 **mbokmenawa Yanti eling nalika lara lapa biyen**. Dene tembung panggandheng koordinatif apamaneh, ingkang dipunsingidaken menika, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **menehi pagaweyan marang dheweke** kaliyan klausa utama 3 **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **menehi pagaweyan marang dheweke, (apamaneh) sukur-sukur pagaweyan kang murwat**.

Gabungan klausa 1 **mbokmenawa Yanti eling nalika lara lapa biyen** kaliyan gabungan klausa 2 **menehi pagaweyan marang dheweke, (apamaneh) sukur-sukur pagaweyan kang murwat**, ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, kanthi cara sajajar. Awit saking menika, ukara camboran campuran (36) wonten ing nginggil, kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara camboran sajajar kados ing ngandhap menika.

(36b) Mbokmenawa Yanti eling nalika lara lapa biyen.
(36c) Menehi pagaweyan marang dheweke, (apamaneh) sukur-sukur pagaweyan kang murwat.

Klausa subordinatif **nalika lara lapa biyen**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **mbokmenawa Yanti eling**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2 saha klausa utama 3. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 dipunpindhah, ukara camboran campuran (35) wonten ing nginggil dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(36d) *Mbokmenawa Yanti eling **lan banjur** menehi pagaweyan marang dheweke, sukur-sukur pagaweyan kang murwat **nalika** lara lapa biyen.s

Ukara camboran campuran (36) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-nglangkungaken. Gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **nalika lara lapa biyen**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 1 **mbokmenawa Yanti eling**. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, dados titikan gegayutan teges wekdal kasebat.

Gegayutan teges gunggung menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung-runtut. Gegayutan teges gunggung-runtut kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **menehi pagaweyan marang dheweke, (apamaneh) sukur-sukur pagaweyan kang murwat**, minangka informasi gunggungan utawi tambahan menapa dene runtut saking tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **mbokmenawa Yanti eling nalika lara lapa biyen**. Tembung panggadheng **lan banjur**, dados titikan gegayutan teges gunggung-runtut kasebat.

Gegayutan teges nglangkungaken kasebat, kalebet jinis gegayutan teges nglangkungaken wetah. Gegayutan teges menika, kadadosan amargi klausa utama 3 **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**, minangka tumindak ingkang sipatipun melebihkan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **menehi pagaweyan marang dheweke**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges nglangkungaken menika dipunsingidaken.

Gegayutan teges wekdal-gunggung-nglangkungaken wonten ing ukara camboran campuran (36) kasebat, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges wekdal kasebat, dipunmangertosi saking

panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **nalika lara lapa biyen**.

Titikan sinamun gegayutan teges nglangkungaken, dipunmangetos saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sanganjengipun klausa utama 3 **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**. Dene titikan cetha gegayutan teges nglangkungaken wonten ing ukara camboran campuran kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **menehi pagaweyan marang dheweke**.

### kk. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan teges Akibat-Isi-Pamilih

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges sebab-pradondi-akibat, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(37) Aku ngrumangsani mung jejer supir, pekewuh **yen** njejeri **utawa** nglancangi Tante Rosa (1/304/PS No.39)

Data (37) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir**, klausa **pekewuh**, klausa subordinatif **yen njejeri**, sarta klausa utama 2 **nglancangi Tante Rosa**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ngrumangsani mung jejer supir**, **pekewuh**, **njejeri**, sarta **nglancangi**. Ukara camboran

campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges akibat wonten ing ukara camboran campuran kasebat, dipunsingidaken. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa Ø **pekewuh**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/saengga**. Ukara camboran campuran (37) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif kados ing ngandhap menika.

(37a) Aku ngrumangsani mung jejer supir, (**mula/saengga**) pekewuh **yen** njejeri **utawa** nglancangi Tante Rosa.

Ukara camboran campuran (37) wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **mula** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir** kaliyan klausa **pekewuh**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir, (mula/saengga) pekewuh**. Dene tembung panggandheng koordinatif **utawa**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **njejeri** kaliyan klausa utama 2 **nglancangi Tante Rosa**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **njejeri utawa nglancangi Tante Rosa**.

Gabungan klausa 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir, (mula/saengga) pekewuh**, dipungabung kaliyan gabungan klausa 2 **njejeri utawa nglancangi Tante Rosa**, ngginakaken tembung subordinatif **yen**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (37) kasebat

kadadosan saking ukara camboran sungsun saha ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(37b) Aku ngrumangsani mung jejer supir, (mula/saengga) pekewuh.
(37c) Njejeri utawa nglancangi Tante Rosa.

Klausa subordinatif **(mula/saengga) pekewuh**, minangka klausa pendukung saking klausa utama **aku ngrumangsani mung jejer supir**, sanes klausa pendukung saking klausa **njejeri** saha klausa utama 2 **nglancangi Tante Rosa**. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 dipunpindhah, ukara camboran campuran (37a) wonten ing nginggil dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(37d) *Aku ngrumangsani mung jejer supir **yen** njejeri **utawa** nglancangi Tante Rosa, (**mula/saengga**) pekewuh.

Ukara camboran campuran (37) wonten ing nginggil menika, gadhah jinis gegayutan teges akibat-isi-pamilih. Gegayutan teges akibat menika, kadadosan amargi klausa **pekewuh**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges akibat menika dipunsingidaken. Dene gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **njejeri utawa nglancangi Tante Rosa**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 1 **aku ngrumangsani mung jejer supir, (mula) pekewuh**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

Gegayutan teges pamilih wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges pamilih wetah. Gegayutan teges pamilih wetah, kadadosan amargi klausa **njejeri** saha klausa utama 2 **nglancangi Tante Rosa**, minangka kalih kahanan ingkang ngandharaken pilihan antawisipun kalih kemungkinan. Tembung panggandheng subordinatif **utawa**, dados titikan gegayutan teges pamilih kasebat.

Gegayutan teges akibat-isi-pamilih wonten ing ukara camboran campuran (37) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges akibat, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa pekewuh. Titikan cetha gegayutan teges isi, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **yen njejeri**. Dene titikan cetha gegayutan teges pamilih, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif **utawa**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **nglancangi Tante Rosa**.

**ll. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Akibat-Gunggung-Pembandingan**

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges akibat-gunggung-pembandingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(38) Saking asih lan tresnane **nganti** mati wae dikubur **lan** kuburane dirumat **kaya** makame manungsa. (1/311/PS No.39)

Data (38) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking sekawan klausa, inggih menika klausa utama 1 **saking asih lan tresnane**, klausa subordinatif 1 **nganti mati wae dikubur**, klausa utama 2 **kuburane dirumat**, sarta klausa subordinatif 2 **kaya makame manungsa**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **asih**, **dikubur**, **dirumat**, **manungsa**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng subordinatif **nganti**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **saking asih lan tresnane** kaliyan klausa **mati wae dikubur**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **saking asih lan tresnane nganti mati wae dikubur**. Dene tembung panggandheng subordinatif **kaya**, nggabungaken klausa utama 2 **kuburane dirumat** kaliyan klausa **makame manungsa**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **kuburane dirumat kaya makame manungsa**.

Gabungan klausa 1 **saking asih lan tresnane nganti mati wae dikubur**, kaliyan gabungan klausa 2 **kuburane dirumat kaya makame manungsa**, dipungabung ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan**. Awit saking menika, ukara camboran campuran (38) wonten ing nginggil, kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun kados ing ngandhap menika.

(38a) Saking asih lan tresnane nganti mati wae dikubur.
(38b) Kuburane dirumat kaya makame manungsa.

Klausa subordinatif 1 **nganti mati wae dikubur**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **saking asih lan tresnane**, sanes klausa

pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **kaya makame manungsa**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **kuburane dirumat**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (38) kasebat dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(38c) *Saking asih lan tresnane **kaya** makame manungsa **lan** kuburane dirumat **nganti** mati wae dikubur.

Ukara camboran campuran (38) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges akibat-gunggung-pembandingan. Gegayutan teges akibat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **nganti mati wae dikubur**, dados akibat saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 1 **saking asih lan tresnane**. Tembung panggandheng subordinatif **nganti**, dados titikan gegayutan teges akibat kasebat.

Gegayutan teges gunggung kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **kuburane dirumat kaya makame manungsa**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing gabungan klausa 1 **saking asih lan tresnane nganti mati wae dikubur**. Dene tembung panggandheng koordinatif **lan** dados titikanipun. Gegayutan teges pembandingan menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kaya makame manungsa**, nedahaken wontenipun kemiripan utawi bab ingkang sami kaliyan tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2

**kuburane dirumat**. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges pembandingan kasebat.

Gegayutan teges akibat-pradondi-pembandingan wonten ing ukara camboran campuran (38) kasebat, arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nganti**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **nganti mati wae dikubur**; tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun gabungan klausa 2 **kuburane dirumat kaya makame manungsa**; sarta tembung panggandheng subordinatif **kaya**, wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya kuburane manungsa**.

### mm. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Sarat-Runtut-Tujuan-Isi

Ukara camboran campuran gadhah gegayutan teges sarat-gunggung-tujuan-isi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, kados wonten ing ngandhap menika.

(39) **Yen** ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku, kuburen ing ngarep omahmu, minangka pratandha **yen** Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu. (1/178/PS No.33)

Data (39) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking gangsal klausa, inggih menika klausa subordinatif 1 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene**, klausa utama **pethiken kembang mawar biru ing latar iku**, klausa **kuburen ing ngarep omahmu**, klausa utama 2 **minangka pratandha**, sarta klausa subordinatif 2 **yen**

**Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **tekan**, **pethiken**, **kuburen**, sarta **wis mati kinubur**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng koordinatif saha tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges runtut saha gegayutan teges tujuan dipunsingidaken. Tembung panggandheng koordinatif saha tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa Ø **kuburen ing ngarep omahmu** saha klausa Ø **minangka pratandha**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/nuli** saha tembung panggandheng subordinatif **amrih/murih**. Ukara camboran campuran (39) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng kados ing ngandhap menika.

(39a) **Yen** ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku, (**banjur/terus/nuli**) kuburen ing ngarep omahmu, (**amrih/murih**) minangka pratandha **yen** Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu.

Ukara camboran campuran (39a) wonten ing nginggil, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, kangge nggabungaken klausa **ing sawiji wektu sliramu tekan kene** kaliyan klausa utama 1 **pethiken kembang mawar biru ing latar iku**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **yen sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku**.

Tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/nuli** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa gabungan klausa 1 **yen sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku** kaliyan klausa **kuburen ing ngarep omahmu**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku (banjur/terus/nuli) kuburen ing ngarep omahmu**.

Dene tembung panggandheng subordinatif **yen**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 2 **minangka pratandha** kaliyan klausa **Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 3 **minangka pratandha yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**.

Gabungan klausa 2 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku (banjur/terus/nuli) kuburen ing ngarep omahmu** kaliyan gabungan klausa 3 **minangka pratandha yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**, dipungabung ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amrih/murih** ingkang dipunsingidaken, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (39a) wonten ing nginggil kadadosan saking kalih ukara camboran sungsun saha ukara lamba, kados ing ngandhap menika.

(39b) Yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku.
(39c) Kuburen ing ngarep omahmu.
(39d) Minangka pratandha yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu.

Klausa subordinatif 1 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 1 **pethiken kembang mawar biru ing latar iku**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 2. Dene klausa subordinatif 2 **yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**, minangka klausa pendukung saking klausa utama 2 **minangka pratandha**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1. Bilih papanipun klausa subordinatif 1 saha klausa subordinatif 2 dipunpindhah, ukara camboran campuran (39) kasebat dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(39e) ***Yen** Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu, pethiken kembang mawar biru ing latar iku, kuburen ing ngarep omahmu, minangka pratandha **yen** ing sawiji wektu sliramu tekan kene.

Ukara camboran campuran (39) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges sarat-runtut-tujuan-isi. Gegayutan teges sarat kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene**, dados tumindak ingkang kedah dipuntindakaken minangka sarat kadadosanipun tumindak wonten ing klausa utama 1 **pethiken kembang mawar biru ing latar iku**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges sarat kasebat.

Gegayutan teges runtut menika, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah kasebat, kadadosan amargi klausa **kuburen ing ngarep omahmu**, kadadosanipun minangka urutan saking tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene**, **pethiken kembang mawar biru ing latar iku**. Gegayutan teges runtut menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges tujuan wonten ing jinis gegayutan teges kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 3 **minangka pratandha yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 2 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku (banjur/terus/nuli) kuburen ing ngarep omahmu**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges tujuan menika dipunsingidaken.

Gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa utama 2 **minangka pratandha**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi kasebat.

Gegayutan teges sarat-runtut-tujuan-isi wonten ing ukara camboran campuran (39) kasebat, arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges sarat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **yen ing sawiji wektu sliramu tekan kene**. Titikan sinamun gegayutan teges runtut, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kuburen ing ngarep omahmu**.

Titikan sinamun gegayutan teges tujuan, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing gabungan klausa 3 **minangka pratandha yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning**

**atimu**. Titikan cetha gegayutan teges isi, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **yen Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu**.

### nn. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Runtut-Gunggung-Tujuan-Isi

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges runtut-gunggung-tujuan-isi, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(40) Dak sempal salah siji pange, dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, dak tandur ing ngarep omahku, dadiya tandha **yen** atiku tau kagiwang karo prawan Sine. (1/181/PS No.33)

Data (40) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking gangsal klausa, inggih menika klausa utama 1 **dak sempal salah siji pange**, klausa utama 2 **dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**, klausa utama 3 **dak tandur ing ngarep omahku**, klausa **dadiya tandha**, sarta klausa subordinatif **yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **dak sempal**, **dak gawa mulih**, **dadiya tandha**, sarta **kagiwang**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng ingkang dados titikan gegayutan teges runtut, gegayutan teges gunggung, sarta gegayutan teges tujuan dipunsingidaken.

Tembung panggandheng ingkang dipunsingidaken wonten ing sangajengipun klausa **Ø dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**, klausa **Ø dak tandur ing ngarep omahku**, sarta klausa **Ø dadiya tandha**, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/nuli/tumuli**, **lan wusanane/lan akire/lan tundhone** saha tembung panggandheng subordinatif **kareben/supaya/ supayane/karebene/ben/bene**. Ukara camboran campuran (40) kasebat, bilih ngginakaken tembung panggandheng kados ing ngandhap menika.

(40a) Dak sempal salah siji pange (**banjur/terus/nuli/tumuli**) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, (**lan wusanane/lan akire/lan tundhone**) dak tandur ing ngarep omahku, (**kareben/supaya/ supayane/karebene/ben/bene**) dadiya tandha **yen** atiku tau kagiwang karo prawan Sine.

Ukara camboran campuran (40a) kasebat, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **banjur/terus/nuli/tumuli** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **dak sempal salah siji pange** kaliyan klausa utama 2 **dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**.

Tembung panggandheng koordinatif **lan wusanane/lan akire/lan tundhone** ingkang dipunsingidaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku** kaliyan klausa utama 3 **dak tandur ing ngarep omahku**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa

2 **dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku (lan wusanane/lan akire/lan tundhone) dak tandur ing ngarep omahku**.

Tembung panggandheng subordinatif **yen**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa **dadiya tandha** kaliyan klausa **atiku tau kagiwang karo prawan Sine**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 3 **dadiya tandha yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**. Dene gabungan klausa 2 **dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku (lan wusanane/lan akire/lan tundhone) dak tandur ing ngarep omahku** dipungabung kaliyan gabungan klausa 3 **dadiya tandha yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**, ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kareben/supaya/supayane/karebene/ben/bene** ingkang dipunsingidaken, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (40a) wonten ing nginggil kadadosan saking ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(40b) Dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku (lan wusanane/lan akire/lan tundhone) dak tandur ing ngarep omahku.
(40c) Dadiya tandha yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine.

Klausa subordinatif **yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**, minangka klausa pendukung saking klausa **dadiya tandha**, sanes klausa pendukung saking klausa utama 1, klausa utama 2 sarta klausa utama 3. Bilih papanipun klausa subordinatif dipunpindhah, ukara camboran campuran (40a) kasebat dados boten gramatikal kados ing ngandhap menika.

(40a) *Dak sempal salah siji pange (**banjur/terus/nuli/tumuli**) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, (**lan wusanane/lan akire/lan tundhone**) dak tandur ing ngarep omahku **yen** atiku tau kagiwang karo prawan Sine (**kareben/supaya/supayane/karebene/ben/ bene**) dadiya tandha.

Ukara camboran campuran (40) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan runtut-gunggung-tujuan-isi. Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah menika, kadadosan amargi klausa utama 2 **dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing klausa utama 1 **dak sempal salah siji pange**. Gegayutan teges runtut wetah menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges gunggung wonten ing ukara camboran campuran menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung-pungkasan. Gegayutan teges gunggung-pungkasan kasebat, kadadosan amargi klausa utama 3 **dak tandur ing ngarep omahku**, minangka informasi ingkang dipungunggung saha nyethakaken bilih klausa menika dados pungkasaning tumindak saking informasi wonten ing gabungan klausa 1 **dak sempal salah siji pange (banjur) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**. Perangan **dak tandur** wonten ing klausa utama 3, nedahaken pungkasaning tumindak saking tumindak wonten perangan **dak sempal** saha perangan **dak gawa** mulih wonten ing gabungan klausa 1. Gegayutan teges gunggung-pungkasan menika, katitik saking teges klausa-klausa ingkang dipunjejer.

Gegayutan teges tujuan kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 3 **dadiya tandha yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 2 **dak sempal salah siji pange (banjur/terus/nuli/tumuli) dak gawa mulih bareng karo remuking atiku (lan wusanane/lan akire/lan tundhone) dak tandur ing ngarep omahku**. Tembung panggandheng subordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges tujuan kasebat dipunsingidaken. Dene gegayutan teges isi kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif **yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**, ngandharaken isi saking kahanan ingkang dipunandharaken wonten ing klausa **dadiya tandha**. Tembung panggandheng subordinatif **yen**, dados titikan gegayutan teges isi.

Gegayutan teges runtut-gunggung-tujuan-isi wonten ing ukara camboran campuran (40) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun saha titikan cetha. Titikan sinamun gegayutan teges runtut, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa utama 2 **dak gawa mulih bareng karo remuking atiku**. Dene titikan sinamun gegayutan teges gunggung saha gegayutan teges maksus menika, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa utama 3 **dak tandur ing ngarep omahku**; saha tembung panggandheng subordinatif ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **dadiya tandha**. Dene titikan cetha gegayutan teges isi, dipunmangertosi saking tembung panggandheng subordinatif **yen**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif **yen atiku tau kagiwang karo prawan Sine**.

### oo. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Gunggung-Runtut-Pembandingan

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-runtut-pembandingan, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha saha titikan sinamun. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(41) **Angger** nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang, bokonge negol ngiwa, megol nengen, **terus** mripate mlerak-mlerok **kaya** Shakila bintang film India. (1/170/PS No.34)

Data (41) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking gangsal klausa, inggih menika klausa subordinatif 1 **angger nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang**, klausa utama 1 **bokonge megol ngiwa**, klausa utama 2 **megol nengen**, klausa utama 3 **mripate mlerak-mlerok**, sarta klausa subordinatif 2 **kaya Shakila bintang film India**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nyandhak**, **megol**, **mlerak-mlerok**, sarta **bintang film**. Perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 2 dipunsingidaken, amargi sami kaliyan perangan ingkang ngisi jejer wonten ing klausa utama 3, inggih menika **bokonge**. Ukara camboran campuran kasebat, minangka campuran antawisipun ukara camboran sungsun kaliyan ukara camboran sajajar.

Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung menika, dipunsingidaken wonten ing sangajengipun klausa utama 2 Ø **megol nengen**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken

kasebat, bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/ uga**. Ukara camboran campuran (41) wonten ing nginggil, bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif kados ing ngandhap menika.

(41a) **Angger** nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang, bokonge megol ngiwa (**lan/sarta/uga**) megol nengen, **terus** mripate mlerak-mlerok **kaya** Shakila bintang film India.

Ukara camboran campuran (41a) menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun. Tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipundinggitaken, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 1 **bokonge negol ngiwa** kaliyan klausa utama 2 **megol nengen**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **bokonge negol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen**. Dene tembung panggandheng subordinatif **kaya**, gadhah fungsi kangge nggabungaken klausa utama 3 **mripate mlerak-mlerok** kaliyan klausa **Shakila bintang film India**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**.

Tembung panggandheng koordinatif **terus**, gadhah fungsi kangge nggabungaken gabungan klausa 1 **bokonge negol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen** kaliyan gabungan klausa 2 **mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 3 **bokonge megol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen, terus mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**.

Klausa **nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang** dipungabung kaliyan gabungan klausa 3 **bokonge megol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen, terus mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**, ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **angger**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran (41a) wonten ing nginggil kadadosan saking kalih klausa subordinatif, ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(41b) Angger nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang.
(41c) Bokonge megol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen.
(41d) Mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India.

Ukara camboran campuran (41) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-runtut-pembandingan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan menika, kadadosan amargi klausa subordinatif 1 **angger nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing gabungan klausa 3 **bokonge megol ngiwa (sarta) megol nengen, terus mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**. Tembung panggandheng subordinatif **angger**, dados titikan gegayutan teges wekdal kasebat.

Gegayutan teges gunggung menika, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah kasebat, kadadosan amargi klausa utama 2 **megol nengen**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa utama 1

**bokonge megol ngiwa**. Tembung panggandheng koordinatif ingkang dados titikan gegayutan teges gunggung wetah menika dipunsingidaken.

Gegayutan teges runtut kasebat, kalebet jinis gegayutan teges runtut wetah. Gegayutan teges runtut wetah menika, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **mripate mlerak-mlerok kaya Shakila bintang film India**, minangka tumindak ingkang kadadosanipun kanthi urut, inggih menika urutanipun saking tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **bokonge megol ngiwa (lan/sarta/uga) megol nengen**. Tembung panggandheng koordinatif **terus**, dados titikan gegayutan teges runtut kasebat. Gegayutan teges pembandingan kasebat, kadadosan amargi klausa subordinatif 2 **kaya Shakila bintang film India**, nedahaken wontenipun bab ingkang sami utawi memper kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 3 **mripate mlerak-mlerok**. Tembung panggandheng subordinatif **kaya**, dados titikan gegayutan teges kasebat.

Gegayutan teges wekdal-gunggung-runtut-pembandingan wonten ing ukara camboran campuran (41) kasebat, inggih menika titikan cetha saha titikan sinamun. Titikan cetha gegayutan teges wekdal kasebat, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **angger**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **angger nyandhak Grak-Grik si tukang kendhang**. Dene titikan sinamun gegayutan teges gunggung, dipunmangertosi saking tembung panggandheng koordinatif ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa utama 2 **megol nengen**.

Titikan cetha gegayutan teges runtut, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **terus**, ingkang dipunserat

wonten sangajengipun klausa utama 3 **mripate mlerak-mlerok**. Dene titikan cetha gegayutan teges pembandingan, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kaya**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 2 **kaya Shakila bintang film India**.

### pp. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Tujuan-Gunggung-Pamilih

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-tujuan-gunggung-pamilih, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(42) Kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh, **nalika** people power saka jinis kang durung dimangerteni **lan** durung mesthi benere mau dianggo pawadan **kanggo** mbenerake **utawa** ngluputake saweneh perkara ing negara iki. (1/291/PS No.38)

Data (42) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking gangsal klausa, inggih menika klausa utama 1 **kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh**, klausa subordinatif 1 **nalika people power saka jinis kang durung dimangerteni**, klausa utama 2 **durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, klausa subordinatif 2 **kanggo mbenerake**, sarta klausa utama 3 **ngluputake saweneh perkara ing negara iki**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **nganeh-anehi**, **durung dimangerteni**, **dianggo**, sarta **ngluputake**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa **people power saka jinis kang durung dimangerteni** kaliyan klausa

utama 2 **durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**. Dene tembung panggandheng koordinatif **utawa**, nggabungaken klausa **mbenerake** kaliyan klausa utama 3 **ngluputake saweneh perkara ing negara iki**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 2 **mbenerake utawa ngluputake saweneh perkara ing negara iki**.

Klausa utama 1 **kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh**, kaliyan gabungan klausa 1 **people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, dipungabung ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika**. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 3 **kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh nalika people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**.

Gabungan klausa 1 **people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, kaliyan gabungan klausa 2 **mbenerake utawa ngluputake saweneh perkara ing negara iki**, dipungabung ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. Awit saking menika, ukara camboran campuran menika kadadosan saking ukara lamba, ukara camboran sajajar sarta ukara camboran sungsun, kados ing ngandhap menika.

(42a) Kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh.
(42b) People power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan.
(42c) Mbenerake utawa ngluputake saweneh perkara ing negara iki.

Ukara camboran campuran (42) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-tujuan-pamilih. Gegayutan teges wekdal menika, kalebet jinis gegayutan teges wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal kasebat, kadadosan amargi gabungan klausa 1 **people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing klausa utama 1 **kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh**. Tembung panggadheng subordinatif **nalika**, dados titikan gegayutan teges wekdal menika.

Gegayutan teges gunggung kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi klausa utama 2 **durung mesthi benere mau dianggo pawadan**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa **people power saka jinis kang durung dimangerteni**. Tembung panggadheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges kasebat

Gegayutan teges tujuan menika, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **mbenerake utawa ngluputake saweneh perkara ing negara iki**, dados tujuan saking tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 3 **kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh nalika people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**. Tembung panggadheng subordinatif **kanggo**, dados titikan gegayutan teges tujuan menika.

Gegayutan teges pamilih menika, kalebet jinis gegayutan teges pamilih wetah. Gegayutan teges pamilih wetah kasebat, kadadosan amargi klausa

**mbenerake** saha klausa utama 3 **ngluputake saweneh perkara ing negara iki**, minangka kalih kahanan ingkang ngandharaken pamilih antawisipun kalih **kemungkinan**. Tembung panggadheng koordinatif **utawa**, dados titikan gegayutan teges pamilih menika.

Gegayutan teges wekdal-gunggung-tujuan-pamilih wonten ing ukara camboran campuran (42) kasebat, inggih menika titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika**, ingkang dipunserat wonten ing klausa subordinatif 1 **nalika** gabungan klausa 1 **people power saka jinis kang durung dimangerteni lan durung mesthi benere mau dianggo pawadan**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **durung mesthi benere mau dianggo pawadan**.

Titikan cetha sanesipun, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa 2 **kanggo mbenerake utawa ngluputake saweneh perkara ing negara iki**; saha panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **utawa**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 3 **ngluputake saweneh perkara ing negara iki**.

### qq. Ukara Camboran Campuran ingkang Gadhah Gegayutan Teges Wekdal-Gunggung-Sebab-Gunggung

Ukara camboran campuran gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-sebab-gunggung, kanthi titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Data asiling panaliten, dipunandharaken ing ngandhap menika.

(43) Dadi kabeh ora aneh maneh **nalika** ana kawicaksanan kang angel dimangerteni **lan** dipesthekake, **jalaran** pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni **lan** dipesthekake. (1/292/PS No.38)

Data (43) wonten ing nginggil, kalebet jinis ukara camboran campuran. Ukara camboran campuran kasebat kasusun saking gangsal klausa, inggih menika klausa utama 1 **dadi kabeh ora aneh maneh**, klausa **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni**, klausa utama 2 **dipesthekake**, klausa **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni**, sarta klausa utama 3 **dipesthekake**. Klausa-klausa kasebat katitik saking wasesanipun, inggih menika **ora aneh maneh**, **angel dimangerteni**, **dipesthekake**, sarta **durung dimangerteni**. Ukara camboran campuran menika, nedahaken titikan ukara camboran sajajar saha ukara camboran sungsun.

Tembung panggandheng koordinatif **lan**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni** kaliyan klausa utama 2 **dipesthekake**, saha klausa **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni** kaliyan klausa utama 3 **dipesthekake**, kanthi cara sajajar. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 1 **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**, saha gabungan klausa 2 **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni lan dipesthekake**.

Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, gadhah fungsi kangge nggabung klausa utama 1 **dadi kabeh ora aneh maneh** kaliyan gabungan klausa 1 **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**, kanthi cara sungsun. Bab menika ngasilaken gabungan klausa 3 **dadi kabeh ora aneh**

**maneh nalika ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**. Dene tembung subordinatif **jalaran**, gadhah fungsi kangge nggabung gabungan klausa 1 **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**, kaliyan gabungan klausa 2 **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni lan dipesthekake**, kanthi cara sungsun. Awit saking menika, ukara camboran campuran ing nginggil kadadosan saking satunggal ukara lamba saha kalih ukara camboran sajajar, kados ing ngandhap menika.

(43a) Dadi kabeh ora aneh maneh.
(43b) Ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake.
(43c) Pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni lan dipesthekake.

Ukara camboran campuran (43) wonten ing nginggil, gadhah jinis gegayutan teges wekdal-gunggung-sebab-gunggung. Gegayutan teges wekdal kasebat, kalebet jinis gegayutan wekdal sesarengan. Gegayutan teges wekdal sesarengan, kadadosan amargi klausa utama 1 **dadi kabeh ora aneh maneh**, ngandharaken kadadosanipun tumindak kasebat sesarengan kaliyan tumindak wonten ing gabungan klausa 1 **ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**. Tembung panggandheng subordinatif **nalika**, dados titikan gegayutan teges wekdal kasebat.

Gegayutan teges gunggung 1 kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi klausa utama 2 **dipesthekake**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa **ana**

**kawicaksanan kang angel dimangerteni**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung 1 kasebat.

Gegayutan teges sebab menika, kadadosan amargi gabungan klausa 2 **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni lan dipesthekake**, minangka tumindak ingkang dados sebab kadadosanipun tumindak ingkang dipunandharaken wonten ing gabungan klausa 3 **dadi kabeh ora aneh maneh nalika ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**. Tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, dados titikan gegayutan teges sebab kasebat.

Gegayutan teges gunggung 2 wonten ing ukara camboran campuran kasebat, kalebet jinis gegayutan teges gunggung wetah. Gegayutan teges gunggung wetah, kadadosan amargi klausa utama 3 **dipesthekake**, minangka informasi babagan tumindak ingkang dipungunggung utawi dipuntambah kaliyan informasi wonten ing klausa **pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni**. Tembung panggandheng koordinatif **lan**, dados titikan gegayutan teges gunggung 2 kasebat.

Gegayutan teges wekdal-gunggung-sebab-gunggung wonten ing ukara camboran campuran (43) kasebat, gadhah titikan gegayutan teges arupi titikan cetha. Titikan cetha menika, dipunmangertosi saking panganggenipun tembung panggandheng subordinatif **nalika**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa 1 **nalika ana kawicaksanan kang angel dimangerteni lan dipesthekake**; panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 2 **dipesthekake**; panganggenipun tembung

panggandheng subordinatif **jalaran**, ingkang dipunserat wonten ing gabungan klausa 2 **jalaran pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni lan dipesthekake**; sarta panganggenipun tembung panggandheng koordinatif **lan**, ingkang dipunserat wonten sangajengipun klausa utama 3 **dipesthekake**.

# BAB V
# PANUTUP

## A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ngengingi ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Jinis ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012, gadhah tigang jinis ukara camboran, inggih menika ukara camboran sajajar, ukara camboran sungsun, sarta ukara camboran campuran. Jinis ukara camboran sajajar, wonten ingkang kadadosan saking kalih klausa, tigang klausa saha sekawan klausa. Jinis ukara camboran sungsun ugi sami, wonten ingkang kadadosan saking kalih klausa, tigang klausa, saha sekawan klausa. Dene jinis ukara camboran campuran, wonten ingkang kadadosan saking tigang klausa, sekawan klausa, sarta gangsal klausa mligi kangge jinis ukara camboran campuran, klausa-klausa ingkang nyusun ukara camboran campuran kasebut kadadosan saking klausa-klausa campuran ingkang nedahaken titikan jinis ukara camboran sajajar saha jinis ukara camboran sungsun.
2. Jinis-jinis ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat edisi Juli-September 2012, gadhah 74 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinis gegayutan teges kasebut, kados ing ngandhap menika.
   a. Jinis ukara camboran sajajar, gadhah gangsal jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinis gegayutan

teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun kasebut, inggih menika runtut, nglangkungaken, gunggung, pradondi, sarta kombinasi

b. Jinis ukara camboran sungsun, gadhah 26 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinis gegayutan teges wonten salebeting ukara camboran sungsun kasebut, inggih menika gegayutan teges akibat, cara, isi, upama, tetandhingan, pembandingan, kajaba, kosok wangsul, sebab, sarat, tujuan, wekdal, cara-kosok wangsul, kosok wangsul-kajaba, sebab-kajaba, cara-akibat, wekdal-cara, cara-cara, wekdal-tujuan, tujuan-kajaba, sarat-sebab, wekdal-wekdal, kosok wangsul-tujuan, wekdal-kosok wangsul, sarat-sebab, sarta sebab-sebab-akibat.

c. Jinis ukara camboran campuran, gadhah 43 jinis gegayutan teges antawisipun klausa satunggal kaliyan klausa sanesipun. Jinis gegayutan teges wonten salebeting ukara camboran campuran, inggih menika gegayutan teges isi-pamilih, sebab-pradondi, gunggung-sebab, tujuan-gunggung, gunggung-kosok wangsul, runtut-akibat, sebab-gunggung, pradondi-pembandingan, pradondi-tujuan, gunggung-tujuan, pangajap-gunggung, akibat-runtut, wekdal-runtut, isi-pradondi, pradondi-wekdal, tetandhingan-pradondi, pradondi-sebab, kosok wangsul-pradondi, isi-gunggung, wekdal-gunggung, runtut-tujuan, isi-pamilih-runtut, pradondi-pradondi-cara, isi-wekdal-pradondi, gunggung-tujuan-gunggung, cara-pembandingan-gunggung, wekdal-pradondi-pembandingan, tujuan-sebab-runtut, pembandingan-pradondi-pembandingan, isi-gunggung-tujuan, isi-

tujuan-gunggung, wekdal-runtut-sebab, runtut-runtut-cara, sebab-gunggung-sebab, isi-pradondi-wekdal, wekdal-gunggung-nglangkungaken, akibat-isi-pamilih, akibat-gunggung-pembandingan, sarat-gunggung-tujuan-isi, runtut-gunggung-tujuan-isi, wekdal-gunggung-runtut-pembandingan, wekdal-gunggung-tujuan-pamilih, sarta wekdal-gunggung-sebab-gunggung

3. Titikan gegayutan teges ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat edisi Juli-September 2012, kados ing ngandhap menika.
   a. Titikan gegayutan teges arupi titikan cetha, katitik saking panganggenipun tembung panggandheng antawisipun klausa-klausa, saengga teges ukara camboran ugi dipunmangertos saking tembung panggandheng ingkang dipunginakaken.
   b. Titikan gegayutan teges arupi titikan sinamun, dipunmangertos saking tembung panggandheng dipunsingidaken wonten ing salah satunggaling klausa. Klausa-klausa kasebut namung dipunjejer migunakaken tandha koma tanpa tembung panggandheng, saengga teges ukara camboran ingkang gadhah wujud titikan sinamun, namung dipunmangertos saking teges klausa-klausa.

## B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag bab ukara camboran wonten ing rubrik cerkak Kalawarti Panjebar Semangat wedalan Juli-September 2012. Awit saking menika, implikasi saking panaliten dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika saged nyukani kontribusi kangge paraga pendidikan, arupi bahan ajar wonten ing pamulangan basa Jawa, mliginipun pamulangan ngengingi ukara camboran.
2. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge referensi panaliten salajengipun, ngengingi ukara camboran utawi panaliten enggal babagan jinis-jinis ukara sanesipun wonten ing basa Jawi.

## C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan saha implikasi ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi. Panaliten ingkang dipuntliti menika dereng spesifik nliti satunggal jinis ukara camboran kemawon, nanging taksih nliti sedaya jinis ukara camboran. Awit saking menika, panaliti ingkang badhe nglajengaken panaliten menika, saged nliti mliginipun satunggal jinis ukara camboran kemawon, saengga asiling panaliten saged langkung spesifik saha langkung mendalam malih.

## KAPUSTAKAN


Abdulhayi. 1981. Pengantar Sintaksis Bahasa Indonesia. Yogyakarta: Penerbit Lukman.

Alieva, N.F, et.al. 1991. Bahasa Indonesia: Deskripsi dan Teori. Yogyakarta: Penerbit Kanisius

Antunsuhono. 1956. Reringkesaning Paramasastra Djawa. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.

Arifin, E. Zaenal saha Junaiyah, H. M. 2008. Sintaksis. Jakarta: PT. Grasindo.

Arifin, Syamsul dkk. 1987. Tipe Kalimat Bahasa Jawa. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Dwidjosusana, R. I. W saha Hartono Dwidjoseputro. Dipunterjemahaken dening Wedhawati. 1979. Tata Bahasa Jawa Baru. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Fakultas Bahasa dan Seni. 2012. Panduan Tugas Akhir. Yogyakarta: FBS UNY.

Fitriana, Ria. 2012. Kalimat Aktif dalam Cerkak Ana Sewu Lintang Ing Kene Majalah Jaya Baya. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY Yogyakarta.

Fokker, A.A. 1978. Pengantar Sintaksis Indonesia. Dipunterjemahaken dening Djonhar. Jakarta: Pradnya Paramita.

Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi. Yogyakarta: FBS UNY.

Keraf, Gorys. 1980. Tata Bahasa Indonesia. Flores: Penerbit Nusa Indah.

Mulyana. 2005. Kajian Wacana: Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Ngafean, Mohamad. 1985. Istilah Tatabahasa Indonesia. Klaten: PT. Intan

Nurhayati, Endang saha Siti Mulyani. 2006. Linguistik Bahasa Jawa: Kajian Fonologi, Morfologi, Sintaksis dan Semantik. Yogyakarta: Bagaskara.

Sumadi, dkk. 1999. Hubungan Antarklausa dalam Kalimat Majemuk Setara Bahasa Jawa. Laporan Penelitian. Yogyakarta: Departemen Pendidikan Nasional.

Ramlan, M. 1987. Ilmu Bahasa Indonesia Sintaksis. Yogyakarta: CV. Karyono.

Rosalina, Anggi Sekar. 2012. Kalimat Interogatif pada Novel Kunarpa Tan Bisa Kandha Karya Suparto Brata. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY Yogyakarta.

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. Parama Sastra Bahasa Jawa. Yogyakarta: Panji Pustaka.

Sudaryanto. 1991. Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Tarigan, Henry Guntur. 1983. Prinsip-Prinsip Dasar Sintaksis. Bandung: Angkasa.

Universitas Negeri Yogyakarta. 2011. Pedoman Penulisan Tugas Akhir. Yogyakarta: UNY.

Wedhawati, dkk. 2010. Tata Bahasa Jawa Mutakhir Edisi Revisi. Yogyakarta: Kanisius.

Wibawa, Sutrisna, dkk. 2004. Buku Pegangan Kuliah Mata Pelajaran Bahasa Jawa. Diktat Kuliah. Yogyakarta: Pendidikan Guru Sekolah Dasar FIP UNY.

Wibawa, Sutrisna. 1998. Sintaksis bahasa Jawa. Diktat Kuliah. Yogyakarta: FPBS IKIP.

**Tabel Lampiran 1 : Tabel Analisis Ukara Camboran wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Panjebar Semangat Wedalan Juli-September 2012**

| No | Ukara Camboran | Jinising Ukara Camboran | Gegayutan Teges antawisipun Klausa Satunggal kaliyan Klausa Sanesipun | | | | | | | | | | | | | | | | | | Titikan G. T | | Katrangan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Ucamsa | | | | | | Ucamsu | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | Rntt | Nglngkn | Gngn | Prdnd | Pmlh | Komb | Akbt | Cara | Pgjp | Isi | Upm | Ttdg | Pmbg | Kjb | Ksk Wsl | Sbb | Srt | Tjn | Wkdl | Cet | Sin | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 1 | Isih kelingan melok-melok **lan** dicathet ana ing buku notulen rapat. (BKP.PS No.27) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan** |
| 2 | Yagene Sekolah Dasar cacah 36 ing wewengkon kecamatane, ora ana siji-sijia sing pesen **utawa** niyat tuku 337omputer. (BKP.PS No.27) | Campuran | | | | | √a | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **utawa**<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **geneya** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ora ana siji-sijia sing pesen** |
| 3 | Pak Panut njenggirat kaget, ana sing wani cluluk! (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amarga/marga/sebab/mergane/soale/ gara-gara/awit/jalaran** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ana sing wani cluluk!** |
| 4 | Pak Kasiyan dhewe iya mangsuli **kanthi** nyebut jenenge **sanajan** kalah banter karo suwarane kanca-kancane mau. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, **sanajan** |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | Biyasa ta, rapat **yen** padha durung mudheng **utawa** sajak kurang sreg **banjur** umyeg karepe dhewe. (BKP.PS No.27) | Campuran | √a | | | | √a | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen** saha tembung panggandheng koordinatif **utawa**, **banjur**. |
| 6 | Kathik sajake kaya dipeksa **kanggo** gawe mareme pimpinan. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo** |
| 7 | Bakal oleh aplaus, kasil ‘memperdaya’ kepala sekolah. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amarga/marga/sebab/mergane/soale/ gara-gara/awit/jalaran** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kasil ‘memperdaya’ kepala sekolah** |
| 8 | Banjur nyedhaki wong wadon umur 45 taun, **tur** isih ayu. (BKP.PS No.27) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **tur** |
| 9 | Disauri anak-buahe “mireng” **sanajan** mesthine ora kabeh padha ngrungokake. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sanajan** |
| 10 | **Kajaba** rada adoh papan, pancen ora ana gandheng cenenge karo pengaweyane. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kajaba** |
| 11 | Bos Panut ngomong mangkono **karo** mlaku wira-wiri, tangane tengen mlebu sak clana. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo** ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng **sinambi/sambi/ karo** ingkang dipunsingidaken ing klausa **tangane tengen mlebu sak clana.** |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 12 | **Sanajan** akeh-akeh sing diomongake, anak buahe sing ana ruwangan kono ora pati nggape, **kajaba** mung nyawang sapari polah atasane anyar kuwi. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sanajan**, **kajaba** |
| 13 | Jare dudu dhuwit sogokan, **nanging** persenan minangka tandha panuwun! (BKP.PS No.27) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha : tembung panggandheng koordinatif **nanging** |
| 14 | Guru-guru sakecamatan Karanganyar mesthine mesem ngguyu **malah** ana sing ngguyune diempet barang. (BKP.PS No.27) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha : tembung panggandheng koordinatif **malah** |
| 15 | Guru lan Kepala SD akeh sing gembreneng **awit** kepengin enggal weruh wujude komputer, durung bisa. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | √e | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha : tembung panggandheng subordinatif **awit** ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten sangajenging klausa **durung bisa**. |
| 16 | **Nalika** ditakokake neng kantor cabang dinas pendidikan, wangsulane Pak Panut mung entheng wae. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika** |
| 17 | Njaluk wungkus komputer iku enggal dibukak **lan** kena dioprasekake, wong mbayare dhek anu kae jreng! (BKP.PS No.27) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan** ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/merga/mergane/soale** ingkang dipunsingidaken ing klausa **wong mbayare dhek anu kae jreng!** |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 18 | Lungguhe sendhen kursi ruang tamu kantor cabang dinas, wis ora jejeg maneh! (BKP.PS No.27) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **tur/ tur maneh/malah/apamaneh** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **wis ora jejeg maneh!** |
| 19 | Ngenteni kanca-kancane **mbokmenawa** nggawa warta sulaya. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mbokmenawa** |
| 20 | Suket godhong wae wis ora bisa obah, mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok **kajaba** kemrungsunge ati tansaya ora krasan nyandhang gaweyan tambahan minangka kepala sekolah. (BKP.PS No.27) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/merga/gara-gara/ mergane/rehne/soale/sebab** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **mertandhani bakal ora ana wangsulan gumathok**.<br>▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kajaba** |
| 21 | Swarane renyah, ora pati digape dening Gilang, **mung** dijawab **kanthi** anthukan tanpa greget. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | | √e | | | | √ | | | | | | | √ | | | | | √ | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **sanadyan/ senajan/najan/nadyan** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ora pati digape dening Gilang**.<br>▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **mung** saha tembung panggandheng subordinatif **kanthi** |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 22 | Awit nalika kuwi Gilang lagi nglamun nasibe kang mentas bae kedadeyan **nganti** dheweke nganthang-athang ana rumah sakit iki. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nganti**. |
| 23 | Senajan swarane lirih **nanging** Gilang krungu wong pancen cedhak karo anggone turon. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 24 | Dheweke nglenggana perawat saben dina ngrumat pasen, **nek** ora disambi guyon cepet bosen. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nek** |
| 25 | Sing jeneng Ninik kober pamitan kanthi swara alus, kairing esem semanak. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng **sambi/sinambi/ kambi** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kairing esem semanak**. |
| 26 | Gilang mung manthuk **karo** mesem. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 27 | Senajan Gilang wis bola-bali matur bapake **yen** dheweke kepengin ambyur ing jagade sastra Jawa **sawise** rampung kuliyah, **nanging** bapake tetep puguh karo prinsipe, Gilang kudu dadi pegawe negeri. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | | √e | | | | | | √ | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**, **sawise**, saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 28 | Bapake kang mantan pejabat penting ing Pemda mau nduweni kekarepan **supaya** Gilang bisa nunggak semi jabatane **lan** marisi apa kang dadi pegaweyane. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**, saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 29 | **Saben** bapake ngendika kaya ngono Gilang ora mangsuli. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben**. |
| 30 | Gilang bakal nyambut gawe sing apik, tansah mbudidaya gawe senenge liyan, **arepa** nyambut gawe mau ana swasta. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tansah mbudidaya gawe senenge liyan**.<br>▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **arepa**. |
| 31 | Sebab kang jeneng pahlawan mono ora kudu dadi tentara bae, **nanging** akeh papan kanggo kiprah. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | | | √d | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 32 | Mula **senajan** sejatine atine brontak, **nanging** Gilang nuruti apa karepe bapake, melu tes CPNS ana PEMDA. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | | √e | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan**, saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 33 | Nanging merga ora niyat babarpisan, **mula** nggarape mung sak-sake. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mula**. |
| 34 | **Senajan** bapak wis ngamplop minangka "uang pelicin" marang sing nduweni wewenang, Gilang tetep gagal. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan**. |
| 35 | Atine Gilng remuk rempu diunek-uneke kaya mangkono mau, **mula** kaya-kaya dadakan nglokro. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mula**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 36 | Apamaneh bareng ibune dikatut-katutke, diuring-uringdening bapake, ditembungi kasar. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/ tumuli/nuli/terus/langsung** saha **malah/ tur/tur maneh/apamaneh** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **diuring-uring dening bapake, ditembungi kasar**. Hubungan makna kombinasi wonten ing ukara camboran menika, antawisipun runtut wetah saha nglangkungaken wetah. |
| 37 | Gilang ora narimakake **merga** ora bisa nahan pangrasane dene ibune digawe sawiyah-wiyah dening bapake, langsung bae Gilang metu saka kamare. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | | | | | √ | | | | | | | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **merga**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/saengga/akibate** ingkang dipunsingidaken ing klausa **langsung bae Gilang metu saka kamare**. |
| 38 | Tangan kiwa malangkerik, sing tengen tuding-tuding tanpa subasita. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/dene/apadene** ingkang dipunsingidaken wonten sangajenging klausa **sing tengen tuding-tuding tanpa subasita**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 39 | Biyasane Gilang tansah kurmat, basane alus nganggo krama inggil, dadakan sajak nantang perkara. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | | √a | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/uga/sarta** saha **nanging/mung/ewosemono/dene** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **basane alus nganggo krama inggil** saha klausa **dadakan sajak nantang perkara**. |
| 40 | Rumangsa dikilani dhadhane dening anake lanang kang dadi underane perkara, **langsung** tanpa taha-taha Gilang ditempiling **nganti** tiba glangsaran. (IAR.PS No.28) | Campuran | √a | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **langsung** saha tembung panggandheng subordinatif **nganti**. |
| 41 | Ibune nututi **karo** nangis gero-gero. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 42 | Gilang kang ambruk ana ranjang ungkeb-ungkeb **karo** ngrasakne larane tempilingane bapake, wis ora ngrewes ibune. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | √ | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/nganti/akibate/saengga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **wis ora ngrewes ibune**. |
| 43 | **Merga** ora dibukakake lawang nganti suwe, **uga** wis rumangsa kesel gero-gero, ibune terus lunga mlebu kamar nerusake tangise. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **merga** saha tembung panggandheng koordinatif **uga**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 44 | **Saben** Gilang metu saka kamar, ibune terus nyedhak **karo** ngarih-arih. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben**, **karo** |
| 45 | Dadakan Gilang semaput ora eling apa-apa, gawe gegere wong saomah. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **akibate/nganti/saengga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **gawe gegere wong saomah**. |
| 46 | Ya mung ibune kang tetep wira-wiri nyambangi Gilang, nglelipur anake lanang kang ditresnani mau. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **malah banjur/malah terus** ingkang dipunsingidaken ing klausa **nglelipur anake lanang kang ditresnani mau**. |
| 47 | Akeh-akeh nggone nuturi **lan** ngarih-arih **amrih** Gilang enggal waluya jati, bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh. (IAR.PS No.28) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**, saha tembung panggandheng subordinatif **amrih**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **bisa enggal mulih kumpul bapak ibune maneh**. |
| 48 | **Karo** nggegem tangane Gilang kenceng, Tanti ngucap alus. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **karo** |
| 49 | Luhe Gilang ora kena dibendung maneh, genten Tanti diarasi kanthi kebak tresna asih. (IAR.PS No.28) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/saengga/** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **genten Tanti diarasi kanthi kebak tresna asih**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 50 | Wong loro kanggo sauntara ngesok katresnan tuluse, wis prasetya arep urip bebarengan mecaki panguripan nggayuh lintang ing akasa. (IAR.PS No.28) | Sajajar | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **malah banjur/malah terus** ingkang dipunsingidaken ing **wis prasetya arep urip bebarengan mecaki panguripan nggayuh lintang ing akasa**. |
| 51 | Ujare wong tuwa jaman semana, **nek** ketiga ora bisa cewok, **nek** rendheng ora bisa ndhodhok, **nek** paceklik mangane mung sega menyok. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **nek**. |
| 52 | Pangucap mengkono mau saiki wis sirna **krana** anane sumur-sumur lenga kang wis padha ditimba. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **krana**. |
| 53 | Uripe masyarakat ayem tentrem, ora kurang boga lan wastra. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/ amarga/marga/mergane/gara-gara/ soale/rehne** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ora kurang boga lan wastra**. |
| 54 | **Kanggo** nikelake leladi tumrap masyarakat kang luru usada, **najan** rumah sakit umum uga rumah sakit partikelir liyane wis ana, **nanging** pemerintah dhaerah meksa mbangun maneh rumah sakit umum taraf internasional. (RS.PS No.29) | Campuran | | | | √c | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, **najan**, saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 55 | Rumah sakite wis rampung dibangun, **nanging** durung diresmekake. (RS.PS No.29) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 56 | Mula **sadurunge** diresmekake, pasien-pasien saka rumah sakit lawas wis padha diboyong menyang rumah sakit anyar. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √e | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sadurunge**. |
| 57 | Prapto lan Suheri, staf kantor kabupaten sing kadhapuk dadi panitiya peresmian, mara menyang Kantor Dinas Budaya **saperlu** nembung nyilih gamelan. (RS.PS No.29) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/tumuli/nuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **mara menyang Kantor Dinas Budaya**.<br>▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saperlu** |
| 58 | "…Nganggu **lan** mbrebegi pasien sing lara." (RS.PS No.29) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 59 | Krungu guneme Suheri, Ali malih kelingan marang sawijining bab. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bubar/lebar/ sawise/bareng/sawuse/mbasan** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **Ali malih kelingan marang sawijining bab**. |
| 60 | "…Sumur lenga mau njeblug **banjur** ngetokake gas racun sing ora enak gandane…" (RS.PS No.29) | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 61 | Prapto karo Suheri nututi menyang pendhapa **banjur** nyetitekake kahanane gamelan sing wis mrihatinake. (RS.PS No.29) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 62 | Dheweke kelingan **yen** duwe kenalan dhalang wayang kulit sing uga ngingu gamelan dhewe. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 63 | **Kajaba** dhalang dheweke uga baut nyungging wayang. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kajaba**. |
| 64 | **Sawise** pamitan, wong loro banjur ninggalake pendhapa. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**. |
| 65 | Weruh ana pawongan loro njagang sepedha motor ing plataran, Edy metu mbagekake. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bubar/lebar/ sawise/bareng/sawuse/mbasan** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **weruh ana pawongan loro njagang sepedha motor ing plataran**. |
| 66 | Mula tekane mrono mau **saperlu** nembung nyewa gamelan. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saperlu**. |
| 67 | Krungu kandhane Prapto, Mas Edy mung manthuk-manthuk ora enggal wangsulan. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bubar/lebar/ sawise/bareng/sawuse/mbasan** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **krungu kandhane Prapto**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 68 | Biyen anggone ajar olah swara ing STIK Yogyakarta **merga** lelorone wis kadung tresna marang seni lan budaya Jawa. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **merga**. |
| 69 | Sarehne terase rumah sakit jembar, **mula** panggunge pentas dipapanake ana kono. (RS.PS No.29) | Sungun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mula**. |
| 70 | **Kanggo** njaga ketertiban lan ketenangan lingkungan rumah sakit, tumrap para tamu sing tekane ora diundhang mung dipalilahi ndelok **lan** ngrungokake saka sanjabane pager. (RS.PS No.29) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 71 | Ora watara suwe, para undhangan bapak lan ibu saka sakehing instansi rawuh, gemrudug **banjur** mapan lungguh ing kursi sing wis cumepak. (RS.PS No.29) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sauntara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ora watara suwe**.<br>▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 72 | Ngancik jam sanga bengi, gamelan wiwit ditabuh ngiringi gendhing pambuka sing wiramane sigrak Bojonegoro Ngumandhang. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **rikalane/rikala/nalika/nalikane/wektu/ dhek** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngancik jam sanga bengi**. |
| 73 | Sasuwuke gendhing pambuka katerusake gendhing Asmaradana **merga** minangkani pamundhute sawijining undangan. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **merga**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 74 | Krungu gendhing pupuh Asmaradana rong pada kang ngemu surasa wewarah setya bektine punggawa praja, para undangan katon banget anggone padha nglaras **lan** melu rengeng-rengen ngapalake cakepane. (RS.PS No.29) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih tembung panggandheng subordinatif **rikalane/ rikala/nalika/nalikane/wektu/dhek** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **krungu gendhing pupuh Asmaradana …..** |
| 74 | Uga ana sing mung ingak-inguk nyawang warangganane sing saka negara manca lagi nyemak buku nut, nyocogake cakepane gendhinge. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi/sinambi/karo/kambi** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **nyocogake cakepane gendhinge**. |
| 75 | Uga ana sing sajak ora njawa marang gendhing-gendhing Jawa, **mung** tolah-toleh nyawang bapak-bapak sing lungguh ana kiwa tengene. (RS.PS No.29) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **mung**. |
| 76 | Penonton sing maune klesak-klesik, grenang-greneng padha cep klakep kena perbawane swara waranggana kang nganyut-nganyut ndudut ati **najan** gregel lan cengkoke beda.(RS.PS No.29) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **najan**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **grenang-greneng padha cep klakep kena perbawane swara waranggana kang nganyut-nganyut ndudut ati**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 77 | Mbah Jan lungguh sendhen pager, ngematake gendhing Uler Kambang **karo** liyer-liyer. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi/sinambi/karo/kambi** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngematake gendhing Uler Kambang**. |
| 78 | "Lintah kuwi uripe ora mung neng banyu lan lendhut, saiki neng ngendi-endi papan ya ana lintahe kok Mbah…" (RS.PS No.29) | Sajajar | | | | √d | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken koordinatif **nanging/ning/nanging uga** ingkang dipunsingidaken ing klausa **saiki neng ngendi-endi papan …..** |
| 79 | "…Ora trima mung nyedhot getih, **nanging uga** nyedhot lenga barang…" (RS.PS No.29) | Sajajar | | | | √d | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging uga**. |
| 80 | "…Ora mung disedhoti nggo kepentingane dhewe **njur** awake dhewe ora kumanan apa-apa," (RS.PS No.29) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng koordinatif **njur**. |
| 81 | Ngiringi lumakune wengi, warangganane genti-genten nindakake ayahan nyuwarakake gendhing-gendhing panglipur uga gendhing pitutur. (RS.PS No.29) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kanggo** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngiringi lumakune wengi**. |
| 82 | Pas lagi nggagas apa sing kudu daktindakake, panyawangku kapentog tulisan gedhe-gedhe. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **rikalane/rikala/nalika/nalikane/wektu/ dhek** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **pas lagi nggagas …..** |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 83 | Awake mung gulu mangisor, mlaku ujlung-ujlung **kaya** salumrahe wong sing duwe sirah. (BTS.PS No.30) | Campuran | | | | √c | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya**.<br>▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **mlaku ujlung-ujlung**. |
| 84 | **Bareng** takblakani, dheweke ngajak nginep ing omahe. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **bareng**. |
| 85 | **Sawise** mangan kembul bareng kulawargane **lan** leren sawetara, aku wis ora kuwat kudu nyuntak panguneg-uneg. (BTS.PS No.30) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **sawise** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 86 | Krungu jeneng candhi sing sajak "acakadhut" iku, aku keguyu ngekek. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | | √ | ▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bubar/lebar/ sawise/bareng/sawuse/ mbasan** ingkang dipunsingidaken ing klausa **krungu jeneng candhi sing sajak "acakadhut" iku**. |
| 87 | Lan **jroning** wektu sing ora suwe kanggo ukuran sawijine arkeolog nganakake panaliten ngenani candhi, aku wis bisa ngrampungake pegaweyan. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **jroning**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 88 | Rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul, aku terus ngumpulake para sejarahwan negara Tanpa Sirah **supaya** nyusun buku sejarah ngenani sejarahe bangsa Tanpa Sirah. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **bubar/sabubare/lebar/sawise/bareng/sawuse/mbasan** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **rampung nganakake panaliten ngenani Candhi Boborinul**. |
| 89 | Ing sangarepe para sejarahwan negara Tanpa Sirah, aku mbeber asil panalitenku. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **rikalane/rikala/nalika/nalikane/wektu/dhek** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ing sangarepe para sejarahwan negara Tanpa Sirah**. |
| 90 | Trap kapisan utawa trap pondhasi nyritakake kahanan bangsa iki **nalika** durung nganggo jeneng bangsa Tanpa Sirah. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**. |
| 91 | Ing kene uga dicritakake **menawa** bangsa "sing ora perlu disebut jenenge" iku digambarake minangka bangsa sing makmur. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **menawa**. |
| 92 | Tangan kiwane wong loro iku sedheku ing meja, **dene** tangan tengene liwat ngisor meja salaman kenceng. (BTS.PS No.30) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng koordinatif **dene**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 93 | Jaman nalika bangsa “sing ora perlu disebut jenenge” dilaknat Gusti Allah **awit** tumindake wis ngluwihi wates. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **awit**. |
| 94 | Ing relief pungkasan digambarake bangsa “sing ora perlu disebut jenenge” **mung** kari wong atusan.(BTS.PS No.30) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **mung**. |
| 95 | **Supaya** ati tansah suci, pikir sing reged kudu disingkirake. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**. |
| 96 | Relief ing trap kapapat isine nyritakake mula bukane bangsa kasebut urip tanpa sirah **lan banjur** ganti jeneng dadi Bangsa Tanpa Sirah. (BTS.PS No.30) | Sajajar | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. |
| 97 | Tan ana dalan liya **kanggo** nyingkirake pikir sing reged **kejaba** urip tanpa sirah. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo** saha **kejaba**. |
| 98 | Sirah iku dicengkiwing menyang segara **banjur** dilarung bareng-bareng. (BTS.PS No.30) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 99 | Ing kono digambarake **saben-saben** bayi sing lair gage dikethok sirahe. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben-saben**. |
| 100 | Pamrihe kareben ati sing isih suci tetep suci **awit** ora kareridhu dening pikiran reged. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **awit**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 101 | Para sejarahwan padha sumlengeren, sajak kliwat ngungun mangerteni sejarah bangsane sing tragis banget. (BTS.PS30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/sebab** ingkang dipunsingidaken ing klausa **sajak kliwat ngungun mangerteni sejarah bangsane sing tragis banget.** |
| 102 | "Aku mung maca isine prasasti **lan** nyimpulake gambar ing relief." (BTS.PS No.30) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 103 | Bokmenawa pancen wis tinakdir **menawa** bangsa Tanpa Sirah kudu urip tanpa sirah. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **menawa**. |
| 104 | **Karana** wis ora ana sing perlu dakayahi, aku pamit mulih menyang negaraku. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karana**. |
| 105 | Aku kumudu mulang anak bojo **supaya** dadi wong sing resik pikire, suci atine. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**. |
| 106 | Aku uga bakal nulis buku ngenani lelakone Bangsa Tanpa Sirah **kareben** dadi kacabenggala kanggo bangsaku. (BTS.PS No.30) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kareben**. |
| 107 | **Kanthi** maca karyaku dakajap bangsaku ora tumindak **kaya** sing ditindakake leluhure Bangsa Tanpa Sirah sing ndadekake Gusti Allah murka **lan banjur** nibakake laknat.(BTS.PS No.30) | Campuran | | | √b | | | | | √ | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanthi**, **kaya** saha tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 108 | **Bareng** pangkat lan jabatane mundhak kamangka kudu ngenggoni kantor anyar, Wratsongko kudi bisa nylarasake dhiri. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **bareng**. |
| 109 | Ora mung nylarasake dhiri karo aturan sing wis lumaku, **nanging uga** magepokan karo tingkah laku. (KKR.PS No.31) | Sajajar | | | | √d | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging uga**. |
| 110 | Wratsongko, sing sakawit ora tau shalat, kudu bisa nylarasake dhiri. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/ akibate/saengga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kudu bisa nylarasake dhiri**. |
| 111 | Sejatine pengin ngundang ustad **supaya** menehi kursus privat. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**. |
| 112 | Tujune biyen dhek jaman SMP wis tau sregep shalat, **awit** guru agamane – wektu iku Pak Muhammad Amrullah – setreng banget. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **awit**. |
| 113 | Aja maneh pasa wajib sing suwene sesasi, kasep mangan ngono bae wis nglemesi. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/ amarga/margane/gara-gara/soale** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kasep mangan ngono bae wis nglemesi**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 114 | "…Ora mung ngapusi para karyawan, **ning** yo ngapusi awake dhewe **lan** ngapusi Gusti Allah!" (PK.KKR.23) | Sajajar | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **ning**, **lan**.<br>Gegayutan teges kombinasi pradondi-gunggungan saha gunggung wetah. |
| 115 | Wratsongko nggapyuk sing wadon, dirangkul kenceng. (KKR.PS No.31) | Sajajar | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi/sinambi/karo/kambi** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dirangkul kenceng**. |
| 116 | Mula **yen** kabener ora ana gaweyan, ing jam-jam kasebut Wratsongko ajeg mengkureb neng mejane, ngampet perihing wetenge. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | √ | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/margane/gara-gara/soale** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngampet perihing wetenge**. |
| 117 | Wratsongko lagi nandhatangani berkas-berkas **karo** plintiran nahan wetenge sing kemrucuk. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 118 | Ning merga weruh wong mau mangan telap-telep kanthi dhokoh (**arepa** sing dipangan mung sega wungkus lawuh mie lan endhog sesigar), dianggep ngiwi-iwi. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | √e | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **arepa**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dianggep ngiwi-iwi**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 119 | Ning sedhela menyat maneh, **banjur** ngener ruwang administrasi. (KKR.PS No.31) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 120 | Bejo menyat ngener jendhela, nyawang menjaba. (KKR.PS No.31) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **tumuli**. |
| 121 | Saate wong liya dha ngampet rasa ngelih, dheweke telap-telep semu pamer. (KKR.PS No.31) | Sajajar | | | | √g | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 122 | Sajake lali **yen** lagi pasa. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 123 | Nuli menyat, bablas menyang tritisan mburi. (KKR.PS No.31) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/tumuli/nuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **bablas menyang tritisan mburi**. |
| 124 | Ora wurung, karyawan liyane sing krungu wuwuse bose iku **njur** padha nyedhak. (KKR.PS No.31) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **njur**. |
| 125 | Kok wong edan iki ngerti **yen** dheweke pancen kerep andhok neng depot Sariboga.(KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 126 | Ing saselane muluk sega, kawetu ucape. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **rikalane/rikala/nalika/nalikane/wektu/ dhek** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ing saselane muluk sega**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 127 | Wong edan kuwi mbacutake gunem **sawise** sega wungkuse entek **lan banjur** nglonggo banyu kran sajak nikmat. (KKR.PS No.31) | Campuran | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 128 | "…Kula sengaja nyaket, **namung** pengin pados sisa…"(KKR.PS No.31) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **namung**. |
| 129 | **Sadurunge** jumangkah isih kober guneman maneh. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √e | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sadurunge**. |
| 130 | **Nganti** wong edan kuwi kauntal ramene dalan, Wratsongko isih nganyer neng kono. (KKR.PS No.31) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √d | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nganti**. |
| 131 | Aku tangi rada abot, kemul daklempit. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan banjur/lan terus/lan sabanjure/lan sateruse** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kemul daklempit**. |
| 132 | **Sawise** nyruput teh panas, awak krasa luwih kepenak.(APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**. |
| 133 | Mula enggal dakgawa metu, dakuripi mesine. (APES.PS No.32) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/nuli/tumuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dakuripi mesine**. |
| 134 | Daktinggal raup sedhela, **terus** dakbandhangake menyang Watu Kelir sing ana bengkel kanggo setel rodha. (APES.PS No.32) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **terus**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 135 | Anggone nyambut gawe tliti banget, **mula** akeh pelanggan sing marem marang garapane. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mula**. |
| 136 | **Sawise** mbayar ongkos servis lan ganti ruji cacah papat, pit montor wis krasa kepenak maneh, tumpakane ora gliyur-gliyur. (APES.PS No.32) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga/apadene** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tumpakane ora gliyur-gliyur**. |
| 137 | Cukup njajan telung ewu rupiyah wis kena kanggo ganjel weteng, **awit** entuk soto samangkok, wedang teh sagelas lan tempe goreng telu. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **awit**. |
| 138 | Jam setengah sepuluh esuk aku mlebu BRI Watu Kelir, transfer dhuwit **kanggo** kulakan pulsa. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **saperlu/kanggo/**ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **transfer dhuwit**. |
| 139 | Senadyan bathine mung limangatus repis **nanging** lumayan bisa ngentheng-enthengi kebutuhan omah.<br>(APES.PS No.32) | Sajajar | | | | √c | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 140 | **Nalika** arep nanjak Banyu Biru ndilalah ana wong gawa pikulan.<br>(APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 141 | Ngepasi aku ana mburine, pawongan kuwi diundang tanggane saka njero omah. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika/rikala/dhek/wektu** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngepasi aku ana mburine**. |
| 142 | Dheweke mandheg **lan** noleh saawake. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 143 | Pikulane katut minger, malangi dalan ngarepku. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/akibate/saengga/nganti** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **malangi dalan ngarepku**. |
| 143 | Aku kaget **lan** ora kober ngendhani. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 144 | Sanalika panonku sumrepet, **kamangka** aku nganggo helm. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kamangka**. |
| 145 | Amung kaca helmku pecah **lan** sirah krasa mumet. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 146 | Aku minggir **lan** ngendhegake pit motor. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 147 | Helm dakcopot, sirah dakobahake ngiwa nengen. (APES.PS No.32) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/nuli/tumuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sirah dakobahake ngiwa nengen**. |
| 148 | Isih krasa mumet, **malah** pilingan rasane lara. (APES.PS No.32) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **malah**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 149 | Wah…lha kok aku sing malah dikandhani, **kamangka** genah kono sing dumadakan nyladhangke pikulan ing ngarepku. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kamangka**. |
| 150 | Wong-wong sing ana sakiwa tengene papan kono padha nyedhak, kepengin ngerti apa sing kedadeyan. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/gara-gara/soale** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kepengin ngerti apa sing kedadeyan**. |
| 151 | Aku ora bablas mulih **nanging** bali menyang Watu Kelir maneh, **perlune** bakal golek kaca helm.(APES.PS No.32) | Campuran | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging** saha tembung panggandheng subordinatif **perlune**. |
| 152 | Ing Watu Kelir akeh tukang servis helm, kari milih endi sing disenengi. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/saengga** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kari milih endi sing disenengi**. |
| 153 | Sida kelangan sepuluh ewu **kanggo** tuku kaca helm sing anyar. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. |
| 154 | **Upama** sirahku sing pecah genah ragade luwih saka sepuluh ewu. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **upama**. |
| 155 | Rampung ndandakake helm, sedyaku arep mulih. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng **sakbare/sawise/ sawuse/lebar** ingkang dipunsingidaken ing klausa **rampung ndandakake helm**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 156 | Bocah langsung mudhun **lan** mlayu tanpa ngucap matur nuwun. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 157 | Ana sawenehe panemu **yen** ngucap matur nuwun kuwi ateges ngasorake dhiri. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 158 | Bocah kuwi nanging mbengungung **karo** ngusapi tatu ing sikute. (APES.PS No.32) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 159 | Si bocah dipriksa dening bu bidhan **lan** pancen ora ana bab sing nguwatirake. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 160 | Wong tuwane katon kaget **lan** semune nyalahke aku. (APES.PS No.32) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 161 | Sedyaku arep mulih **banjur** turu. (APES.PS No.32) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 162 | Weruh klebatku pakdhe Suto agahan ngadeg **banjur** ngawe-awe. (APES.PS No.32) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng **lebar/bubar/sakbare/ sawise/sawuse**, dipunsingidaken wonten ing klausa **weruh klebatku**. |
| 163 | Alus lan lumer swarane bocah iku **nalika** nyebut asmane ibune, **nanging** keprungu ing kupingku **kaya** bledheg mangsa kasanga. (MB.PS No.33) | Campuran | | | | √c | | | | | | | | | √ | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**, **kaya** saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 164 | Atiku notol, kepengin takon luwih akeh perkara ibune. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/soale/ gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kepengin takon luwih akeh perkara ibune**. |
| 165 | Nanging aku eling, bocah iki lagi ngayahi tugas akademik saka kampuse. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **yen/menawa** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **bocah iki lagi ngayahi tugas akademik saka kampuse**. |
| 166 | Mula enggal dak peper atiku, dak penet rasaku **amrih** ora gawe ribed atine. (MB.PS No.33) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **amrih**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dak penet rasaku**. |
| 167 | Bocah iku ngulungake formulir biodata, **banjur** dak isi kanthi jangkep. (MB.PS No.33) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 168 | Dheweke shalat Dhuhur ing masjid sisih omah, **nuli** pamitan mulih. (MB.PS No.33) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nuli**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 169 | Sumedhot rasaku nyawang bocah wadon iku kleyengan numpak Hondane, nempuh dalan kliwat 100km adohe, saka Klaten menyang Ngawi. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/soale/ gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **nempuh dalan kliwat 100km adohe, saka Klaten menyang Ngawi**. |
| 170 | **Sadurunge** mulih menyang Klaten ketemu kulawarga, aku merlokake menyang Sine ketemu bidhan Murni Lestari sing wis setengah taun sambung tresna karo aku. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √e | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sadurunge**. |
| 171 | "…Susahe ora duwe wektu **kanggo** nglamar sliramu sliramu marang wong tuwamu ing Malang, **awit** seminggu maneh aku kudu wis ana Jakarta melu kursus bahasa Inggris, **terus** ngurusi paspor lan liya-liyan kanggo persiapan budhalku. (MB.PS No.33) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**, **awit** saha tembung panggandheng koordinatif **terus**. |
| 172 | Murni malah ngguyu mlengeh **karo** gondhelan pundhakku. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 173 | Dak thothog lawange ambal-ambalan kanthi uluk salam, **nanging** sepi tanpa wangsulan. (MB.PS No.33) | Sajajar | | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 174 | **Kanthi** polatan melas, dheweke ngulungake layang titipane Dhik Murni. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanthi**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 175 | Dak waca **kanthi** ati dheg-dhegan. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanthi**. |
| 176 | Asmamu tansah dak rungu ing saben ketenging jantungku, **nanging** ora nyana dadi mangkene lelakonku. (MB.PS No.33) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 177 | Aku kepeksa kudu melu bapak pindhah menyang Sumatra Utara, pisan dinikahake karo andhahane kang uga dipindhah mrana. (MB.PS No.33) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan sinamun: tembung panggandheng koordinatif **pisan**. |
| 178 | **Yen** sawiji wektu sliramu tekan kene, pethiken kembang mawar biru ing latar iku, kuburen ing ngarep omahmu, minangka pratandha **yen** Murni Lestari wis mati kinubur jroning atimu. (MB.PS No.33) | Campuran | √a | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **banjur/nuli/tumuli/terus/langsung**, ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kuburen ing ngarep omahmu** saha tembung panggandheng subordinatif **murih/amrih/kareben** ingkang dipunsngidaken wonten ing klausa **minangka pratandha**. |
| 179 | Dak pepuji **mugi** Mas ketemu jodho kang luwih ayu **lan** luwih mampu gawe mulyaning uripmu. (MB.PS No.33) | Campuran | | | √a | | | | | | √ | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mugi** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 180 | Aku njegreg **kaya** reca watu, **nanging** jantungku kroncalan **kaya** arep mabur-mabura nututi Murni menyang Sumatra. (MB.PS No.33) | Campuran | | | | √c | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya** saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 181 | Dak sempal salah siji pange, dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, dak tandur ing ngarep omahku, dadiya tandha **yen** atiku tau kagiwang karo prawan Sine. (MB.PS No.33) | Campuran | | | √a<br>√d | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng **banjur/nuli/ tumuli/terus/langsung** saha **lan wusanane/lan akhire/lan tundhone** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dak gawa mulih bareng karo remuking atiku, dak tandur ing ngarep omahku**; sarta tembung panggandheng subordinatif **amrih/kareben** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **dadiya tandha**. |
| 182 | Menyang Sine, nggoleki alamat sing ditulis Lilis. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **saperlu/kanggo** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **nggoleki alamat sing ditulis Lilis**. |
| 183 | Tanpa takon-takon, aku wis tekan ngarep omah sing biyen dipondhoki Murni Lestari. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sanadyanta/arepa/ambakna/nadyan** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **tanpa takon-takon**. |
| 184 | Durung nganti aku uluk salam, wis ana wong wadon sing metu methukake aku. (MB.PS No.33) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **wis ana wong wadon sing metu methukake aku**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 185 | Isih katon cetha tabeting ayune, **sanadyan** wis mundhak tuwa. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sanadyan**. |
| 186 | "Sengaja dak tuku Mas, **supaya** aku bisa netepi janjiku." (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**. |
| 187 | Jantungku dadi geter, kelingan lelakon dhek semana. (MB.PS No.33) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih tembung panggandheng subordinatif **mergane** dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kelingan lelakon dhek semana**. |
| 188 | Waspane wiwit mbrebel saka pardoning netrane, dleweran ing pipine sing wis rada kisut. (MB.PS No.33) | Sajajar | | | √d | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan wusanane/lan akire/lan tundhone** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dleweran ing pipine sing wis rada kisut**. |
| 189 | Apa Ary iki ayu, setengah ayu, **malah** gak ayu babar pisan, aku durung isa mbiji. (ASSI.PS No.34) | Sajajar | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **malah**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **utawa/apa** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **setengah ayu**; saha tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **aku durung isa mbiji**.<br>Kombinasai antawisipun gegayutan teges pamilih+nglangkungaken+pradondi. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 190 | Durung suwe disreng (disunat), Ary prawan kencur. (ASSI.PS No.34) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **apadene/dene** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **Ary prawan kencur**. |
| 191 | **Saben** didu kasti mongsuh sekolahan liya, Ary mesthi dadi bintange. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben**. |
| 192 | **Angger** nyandhak Gra-Grik si tukang kendhang, bokonge negol ngiwa, megol nengen, **terus** mripate mlerak-mlerok **kaya** Shakila bintang film India. (ASSI.PS No.34) | Campuran | √a | | √a | | | | | | | | | | √ | | | | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **angger**, **kaya** saha tembung panggandheng koordinatif **terus**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **megol nengen**. |
| 193 | Tapi ya iku, **janji** wis nggarap etung para-gapit, utawa garis miring, Ary klebu murid sing paling goblog. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **janji**. |
| 194 | Bu Ary ngadeg ngarep blabag, ngawasi kanca sakelas. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sinambi/sambi/kanthi/karo/kambi** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngawasi kanca sakelas**. |
| 195 | Sing lungguh paling anteng, mulih dhisik. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **angger/saben/saben-saben** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sing lungguh paling anteng**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 196 | Nuntun murid sing bodho, ngelem sing pinter. (ASSI.PS No.34) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ngelem sing pinter**. |
| 197 | Surup-surup wayahe wong nang langgar, Ary nylenthung mlebu warunge Wak Painah.(ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **selagine/jroning/samangsa** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **surup-surup wayahe wong nang langgar**. |
| 198 | Kira-kira ae pas ana setan liwat sing melok cawe-cawe, petis gak isa copot, **terus** nemplek. (ASSI.PS No.34) | Campuran | √a | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **terus**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/saengga/akibate/nganti** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **nemplek**. |
| 199 | Awak dadakan gemreges, mbayangne geger sing mbilur-bilur disapeti penuding. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/ amarga/marga/mergane/soale/gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **mbayangne geger sing mbilur-bilur disapeti penuding**. |
| 200 | Isaku mek precang-precing ambek nekuki driji **nganti** muni klak-klek. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nganti**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 201 | **Sakben** ngukum murid, mesthi digathuk-gathukna ambek wulangan sekolah. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sakben**. |
| 202 | Mbarengi aku lungguh, ana arek wedok mlebu, **sawise** nothog lawang. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika/rikala/ dhek/wektu** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **mbarengi aku lungguh**. |
| 203 | Sakmarine maca, Pak Marto nyawang arek wedok, **terus** manggut-manggut. (ASSI.PS No.34) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **terus**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **lebar/bubar/ sakbare/sawise/sawuse/sabubare** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sakmarine maca**. |
| 204 | Aku manthuk seneng, **terus** tandha tangan. (ASSI.PS No.34) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **terus**. |
| 205 | Aku mek lenger-lenger, nggathuk-gathukne pengalaman sing aneh iki. (ASSI.PS No.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/ amarga/marga/mergane/soale/gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **nggathuk-gathukne pengalaman sing aneh iki**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 206 | Dhengkul kothekan, mripat tansah pengin nyawang ora uwal. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nanging/ning** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **mripat tansah pengin nyawang ora uwal**. |
| 207 | Ora patut **yen** wanita ngajak tetepungan luwih dhisik. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 208 | Ateges **yen** daketung, wis nem taun olehku jatuh cinta marang priyayi iki, **nanging** tansah dakpendhem ana telenge ati. (IGEA.PS No.35) | Campuran | | | | √b | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen** saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 209 | Dakakoni, **saben-saben** dicedhaki dening priya aku mesthi kelingan priyayi iki. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben-saben**. |
| 210 | Wis nasibku, jatuh cinta marang priya sing wis duwe bojo.(IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **awit/jalaran/ amarga/marga/mergane/soale/gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **jatuh cinta marang priya sing wis duwe bojo**. |
| 211 | Jan-jane rupane ora ala, **malah** akeh sing ngarani klebu manis. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **malah**. |
| 212 | Merga olehku mlaku **karo** nglamun **nganti** sikilku nyandhung kursi. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | √ | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo** saha **nganti**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 213 | Gusti wis paring dalan **kanggo** ngenal panjenengan. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. |
| 214 | Aku meneng, bingung arep matur apa maneh. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **awit/jalaran/ amarga/marga/mergane/soale/gara-gara** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **bingung arep matur apa maneh**. |
| 215 | Aku kaget **banjur** nyawang mripate. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **malah**. |
| 216 | "Inggih wong daketungi **lan** daksawang." (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 217 | Ora ngira dheweke arep muni **yen** aku ayu. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 218 | Arep nyuwun nomer HP wae **kawit** mau ora wani saiki malah diwenehi. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √a | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kawit**. |
| 219 | "…Wis ping pitu kepethuk **ning** durung nate tetepungan…" (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **ning**. |
| 220 | Aku dadi kepengin suwe ana ing ruwang iki **ben** bisa tansah nyawang Dhimas. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **ben**. |
| 221 | Biyasane acara sapatemon iki mbosenake, **nanging** sore iki ana sing tetembungan ing atiku. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | | | √c | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **ning**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 222 | Aku nyawang Retna, njaluk tetimbangan. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kanggo/saperlu** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **njaluk tetimbangan**. |
| 223 | Ratna nampani tasku lan ora let suwe ilang ana njero lift. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 224 | Dhimas pesen rong porsi **banjur** lungguh ana sandhingku. (IGEA.PS No.35) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 225 | Dhimas durung ngerti **yen** daktresnani, **nanging** atiku wis cuklek dhisik. (IGEA.PS No.35) | Campuran | | | | √b | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**, tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 226 | Nanging **sawise** mau bengi Dhimas muni lagi ngesir sawenehe wanita, rasane selak pengin enggal mulih menyang kuthaku. (IGEA.PS No.35) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**. |
| 227 | Aku pengin banget ngerti, cewek endi sing ditresnani Dhimas **lan** bakal direngkuh **kanggo** nggenteni sisihane. (PS.IGAE.34) | Campuran | | | √a | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan,** tembung panggandheng subordinatif **kanggo**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **menawa/yen** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **cewek endi sing ditresnani Dhimas**. |
| 228 | **Yen** pancen kodrate aku mung bisa dadi kanca, ora bakal dakselaki. (PS.IGAE.34) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 229 | Aku bisa miwiti nata uripku mbaka sethithik, nglalekake rasa tresnaku marang Dhimas. (PS.IGAE.34) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | ▪ Titikan sinamun: tembung panggandheng subordinatif **supaya/ supayane/karebene/ben** dipunsingidaken wonten ing klausa **nglalekake rasa tresnaku marang Dhimas**. |
| 230 | Namung boten nginten **menawi** priya ingkang sampun ngrebat manah kula menika dhudha. (PS.IGAE.34) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **menawi**. |
| 231 | Daksimpen kangenku lan kangenmu, dakbuntel jroning atiku. (PS.IGAE.34) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nuli/ banjur/tumuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dakbuntel jroning atiku**. |
| 232 | Durung nganti dakblakakake rasa tresnaku marang Wati, dheweke wis dhisiki ngomong **nalikane** aku mampir kos-kosane. (TS.PS No.36) | Campuran | | | | √f | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalikane**.<br>▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jebul/ nanging** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **dheweke wis dhisiki ngomong**. |
| 233 | **Kaya** mawa kesiram banyu krungu tembunge Wati sing ora dak nyana sadurunge. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya**. |
| 234 | "…**Tinimbang** aku kedawa-dawa nandur tresna ing atimu **nanging** ora bisa tumanduk, luwih becik dak punggel tekan semene wae…"(TS.PS No.36) | Campuran | | | | √e | | | | | | | √ | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **tinimbang** saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 235 | Dak sawang praupane Wati sing resik **prasasat** putih kaya kapas. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **prasasat**. |
| 236 | **Upama** iku wektu bengi lan ing papan sepi, mesthi wae luh iku bakal dakusapi nganggo kacuku kanthi kebak rasa asih. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **upama**. |
| 237 | "…Tresna iki wis suwe tansah daksimpen ing atiku **wiwit** aku ketemu sliramu sepisanan ana ruwang perpustakaan mbiyen…" (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √a | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **wiwit**. |
| 238 | "…Dene **yen** sliramu ora pindhah ateges tresna iki bakal ngrembuyung ing atiku uga atimu…" (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 239 | "…Aku lila Dhik, sliramu bakal dadi sisihane priya liya, **sauger** tresnaku saiki iki bisa kok tampa, tinandur jero ing telenging atimu." (TS.PS No.36) | Campuran | | | √a | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: **sauger**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih nginakaken tembung panggandheng subordinatif **yen** \ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sliramu bakal dadi sisihane priya liya**; saha tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tinandur jero ing telenging atimu**. |
| 240 | Dheweke nganggep **menawa** sapatemon iku minangka sapatemon sing wigati banget mungguhing atine. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **menawa**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 241 | Sing lanang bagus **dene** sing wadon ayu. (TS.PS No.36) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **dene**. |
| 242 | **Sawise** lulus sekolah setaun, aku kudu pisah karo dheweke. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sawise**. |
| 243 | Pidhatone Ketua OSIS sing uluk salam pepisahan, **kaya dene** welat sing ngiris-iris atiku. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya dene**. |
| 244 | Kanca-kanca liyane padha nyuntak rasa suka-parisuka, bungah kinanthen surak ambata rubuh. (TS.PS No.36) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/ sarta/uga** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **bungah kinanthen surak ambata rubuh**. |
| 245 | Wadanane Wati anclum **kaya dene** kembang sing suwe ora siniram banyu. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya dene**. |
| 246 | Mula sarampunge pahargyan aku banjur mampir ing kosane Wati kanggo sing pungkasan, **saperlu** ngucapake salam pepisahan. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saperlu**. |
| 247 | Kairing sureming sorot surya sing mula kasaput ing mega klawu, dheweke dakbonceng mulih menyang kosane. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kanthi/ sinambi/kambi/sambi/krana** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kairing sureming sorot surya sing mula kasaput ing mega klawu**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 248 | Dheweke dakrangkul rapet, **wusana** dakpeksa lambeku kumecap **kanggo** mecah sepi. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **wusana**, **kanggo**. |
| 249 | "…Aja kok sawang wujude, **nanging** reganana minangka tandha tresnaku sing biru mung kanggo sliramu, **kaya dene** mata ali-ali iki." (TS.PS No.36) | Campuran | | | | √c | | | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging** saha tembung panggandheng subordinatif **kaya dene**. |
| 250 | Aku lan dheweke mungkasi sapatemon ing kos-kosan "Semeru 34", **sakwise** banyu udan ing njaba terang. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sakwise**. |
| 251 | **Senajan** mung dadi guru SD sing adoh saka bumi kelairanku, tetela ora ndadekake cilike atiku **kanggo** lelabuh tumrap ibu pertiwi. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan**, **kanggo**. |
| 252 | Adohe Tulungagung-Bondowoso isih kalah adoh panjangkaku **kanggo** minterake "putra bangsa" nggayuh kamulyan kanggo tembe mburine. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. |
| 253 | Rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat, isih kalah angel anggonku nglalekake Wati. (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **katimbang/ tinimbang** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **rumpile alam Bondowoso lan angele njumbuhake adat pakulinane masyarakat**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 254 | "…Aku ngrasakake pepisahan karo panjenengan ing wektu iku **kaya dene** kepaten cilik…" (TS.PS No.36) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya dene**. |
| 255 | "…Aku kumudu mlayu nggoleki penjenengan maneh, **nanging** aku ora wani suwala, bektiku marang wong tuwa luwih abot…" (TS.PS No.36) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amarga/mergane/soale/sebab/awit/** ingkang dipunsingidaken ing klausa **bektiku marang wong tuwa luwih abot**. |
| 256 | Nanging aku rumangsa kabotan **yen** kudu mbacutake sandiwara iki, **mula** kudu enggal dak pungkasi. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | √ | | | √ | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**, **mula**. |
| 257 | Aku ora kepengin nglarani atine Pak Brojo, sing dak anggep wis kebak tatu. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/soale/ gara-gara/sebab/awit** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sing dak anggep wis kebak tatu**. |
| 258 | "Dhik Lambang **tinimbang** kost ana daleme Bu Fatimah, mbok kost ana ngomahku bae…" (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**. |
| 259 | Bocah wadon kelas loro SD kuwi katon seneng banget **saben** dak wenehi jajan, **senajan** dening wong tuwane uga wis dimanja perkara panganan. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saben**, **senajan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 260 | **Sinambi** ngenteni wong-wonge ngunggahake cengkeh menyang treg, panjenengan ngobrol karo garwane ana teras ngomahe. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sinambi**. |
| 261 | "…Dongake bae rega cengkeh bali apik, **saengga** panjalukmu bisa dak sembadani kabeh." (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **saengga**. |
| 262 | "Mas Lambang, njenengan mireng dhewe ta, **jebul** bojoku saiki wis kepengin duwe anak lanang." (KOST.PS No.37) | Sajajar | | | | √f | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **jebul**. |
| 263 | Wong wadon ayu sing yen mesem katon dhekik pipine kuwi duwe panemu durung rumangsa jangkep kulawargane **yen** ing omahe durung ana cengere anak lanang. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 264 | Udakara jam papat sore, cengkeh sing arep dikirim menyang Surabaya kuwi wis ana ing sandhuwuring treg. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika/rikala/ wektu/dhek** ingkang dipunsingidaken ing klausa **udakara jam papat sore**. |
| 265 | Dening Pak Brojo arep dikirim keri, **karo** ngenteni setoran saka bakul-bakul cilik. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 266 | "Ngati-ati Mas ana dalan, **muga-muga** oleh bathi akeh, **lan** aku uga enggal keturutan duwe anak lanang," (KOST.PS No.37) | Campuran | | | √a | | | | | | √ | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **muga-muga** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 267 | Aku gragaban kaget **nalika** lawang kamarku nyuwara **banjur** menga, sajak dibukak saka njaba. (KOST.PS No.37) | Campuran | √ | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika** saha tembung panggandheng koordinatif **banjur**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/ amarga/marga/mergane/soale/gara-gara/sebab/awit** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **sajak dibukak saka njaba**. |
| 268 | Anggone lunguh saya wani mepet, tangane dianggo nggegem tangaku, digeret menyang pangkone **sinambi** crita werna-werna. (KOST.PS No.37) | Campuran | √b | √a | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sinambi**.<br>▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **apamaneh/malah** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tangane dianggo nggegem tangaku**; saha tembung panggandheng koordinatif **terus malah/banjur malah** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **digeret menyang pangkone**. |
| 269 | Pak Brojo ngono lanang kemangi, ora bisa tumindak apa-apa. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/ saengga/akibate/nganti** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ora bisa tumindak apa-apa**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 270 | Mula dheweke iklas **yen** sing wadon ngiwa, **waton** anggone nindakake ana omah **supaya** ora ngerti wong liya.(KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**, **waton**, **supaya**. |
| 271 | "…Bakal dak wenehi sembulih sing murwat, **waton** gelem nuruti kabeh kekarepanku…" (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **waton**. |
| 272 | "…Wong-wong ing lingkungan RT kene mesthi luwih percaya menyang aku **tinimbang** menyang wong anyar kaya panjenengan." (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **tinimbang**. |
| 273 | **Yen** nganti dheweke nekad lapur RT arep dak prawasa, sida kewirangan tenan aku. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **yen**. |
| 274 | **Kanggo** nylametake jenengku, kepeksa aku nggoling ana ing pangkone Bu Arum. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kanggo**. |
| 275 | **Kaya** macan sing wis suwe ora oleh mangsa, Bu Arum katon semangat katiyasan. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kaya**. |
| 276 | Bengi-bengi sabanjure Bu Arum mesthi mlebu kamarku, ngajak mbukak lawang swarga bebarengan. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **saperlu/kanggo** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ngajak mbukak lawang swarga bebarengan**. |
| 277 | Dheweke ora rikuh, **senajan** Pak Brojo ngepasi ana dalem. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 278 | Rumangsa ora bisa nyukupi kebutuhan batine bojone, dheweke iklas bojone nyambat wong liya. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **mula/ saengga/akibate/nganti** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **dheweke iklas bojone nyambat wong liya**. |
| 279 | Sing penting ora nganti njaluk dipegat **lan** tumindak sing ngono mau ora nganti dingerteni dening wong liya. (KOST.PS No.37) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 280 | Aku yakin, **senajan** tata lair iklas, **nanging** batine Pak Brojo mesthi remuk weruh bojone digarap wong liya. (KOST.PS No.37) | Campuran | | | | √e | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan** saha tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 281 | Saiki babar pisan ora ngerti apa sing kudu dak tindakake, **supaya** tetep bisa tinemu becik ing tembe mburi. (KOST.PS No.37) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **supaya**. |
| 282 | Sejatine pabrik lagi bukak jam wolu, **nanging** esuk iku pancen wis padha kangsenan teka luwih gasik **lan banjur** arep bebarengan nekani dhemo buruh. (MD.PS No.38) | Sajajar | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**, **lan banjur**. Gegayutan teges kombinasi antawisipun pradondi-pambeda saha gunggung-runtut |
| 283 | Sing duwe pabrik wedi mecat **senajan** Krepo kerep mbolos nyambut gawe. (MD.PS No.38) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senajan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 284 | Ora sethithik pabrik ambruk **jalaran** diwartakake anggone mbayar karyawane nyalahi aturan. (MD.PS No.38) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **jalaran**. |
| 285 | Ora sethithik pawongan kang dadakan sugih **jalaran** dikabarake ing internet lan televise, ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate **marga** saking kerep anggone ndobos ana ing koran lan televise. (MD.PS No.38) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **jalaran**, **marga**.<br>▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga/ apadene** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ora sethithik pawongan dadakan dhuwur drajate**. |
| 286 | "Tivi lan koran kuwi seneng martakake kekurangane negara, **terus** wong-wong kaya awak dhewe iki seneng nyacad negara…" (MD.PS No.38) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng koordinatif **terus**. |
| 287 | Krepo isih kelingan **nalika** dheweke metu saka anggone dadi buruh pabrik **lan banjur** mligi ngurusi dhemo. (MD.PS No.38) | Campuran | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng subordinatif **nalika** saha tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. |
| 288 | Ora ngerti **kepriye** carane ngedum dhuwit saka donator dhemo, kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther **sawise** dadi pengurus dhemo buruh. (MD.PS No.38) | Campuran | | | | √e | | | | | | √ | | | | | | | | | √b | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **kepriye**, **sawise**.<br>▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **ning/nanging** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kang cetha uripe Krepo dadi luwih ngglenther**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 289 | "…Dhemo lagi ora ana **menawa** buruh-buruh iku wis padha dadi bos, pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!" (MD.PS No.38) | Campuran | | | √a | | | | | | | √ | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **menawa**.<br>▪ Titikan sinamun:<br>bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **lan/sarta/uga apadene** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **pegawe-pegawe cilik wis padha dadi pejabat!** |
| 290 | Kabeh iki jalaran anane televise, radio, koran, lan internet kang bisa mblithuk **lan** mblingerake utege kang krungu lan kang maca. (MD.PS No.38) | Sajajar | | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha:<br>tembung panggandheng koordinatif **lan**. |
| 291 | Kang luwih elok lan nganeh-anehi maneh, **nalika** people power saka jinis kang durung dimangerteni **lan** durung mesthi benere mau dianggo pawadan **kanggo** mbenerake **utawa** ngluputake saweneh perkara ing negara iki. (MD.PS No.38) | Campuran | | | √a | | √a | | | | | | | | | | | | | √ | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**, **kanggo** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**, **utawa**. |
| 292 | Dadi kabeh ora aneh maneh **nalika** ana kawicaksanan kang angel dimangerteni **lan** dipesthekake, **jalaran** pawadan kawitane pancen saka perkara kang durung dimangerteni **lan** dipesthekake. (MD.PS No.38) | Campuran | | | √a | | | | | | | | | | | | | √ | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**, **jalaran** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 293 | Motore diedol, pamrihe bisa dienggo sangu menyang kutha raja nggoleki kantore Yanti, kancane dhemo biyen.(MD.PS No.38) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **amrih/murih/kareben/supaya** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **pamrihe bisa dienggo sangu menyang kutha raja nggoleki kantore Yanti, kancane dhemo biyen**. |
| 294 | Mbokmenawa Yanti eling **nalika** lara lapa biyen, **lan banjur** menehi pagaweyan marang dheweke, sukur-sukur pagaweyan kang murwat. (MD.PS No.38) | Campuran | | √ | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika** saha tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **malah/apamaneh/ tur maneh/ tur** ingkang dipunsingidakening klausa **sukur-sukur pagaweyan kang murwat**. |
| 295 | Krepo meruhi Yanti mudhun saka mobil ing ngarep kantor **lan banjur** mlebu tanpa mengo maneh. (MD.PS No.38) | Sajajar | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. |
| 296 | Mbokmenawa Yanti wis ora meruhi satpam kang mbukakake lawang mobil, **apamaneh** marang Krepo kang njogrog ing regol gedhong.(MD.PS No.38) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **apamaneh**. |
| 297 | Dina kepapat, kelima, Krepo tetep lungguh ing ngarep regol, kalungan dluwang ditulisi ‘mantan demonstran’. (MD.PS No.38) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **sambi/sinambi/kambi/kanthi/karo** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **kalungan dluwang ditulisi ‘mantan demonstran’**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 298 | Sedhan werna perak iku liwat regol, kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh. (MD.PS No.38) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **ning/ nanging** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **kang ana njerone sajak wis ora bisa meruhi kedadeyan kang ana njaban mobil maneh**. |
| 299 | Senajan wayahe wis lingsir sore, **ewasemono** sing teka menyang punthuk gunung kuwi isih reja. (TR.PS No.39) | Sajajar | | | | √b | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **ewasemono**. |
| 300 | Saperangan ana sing wis mudhun arep ninggalake papan, **ning** isih akeh uga sing mudhun, klebu aku karo Tante Rosa. (TR.PS No.39) | Sajajar | | | | √e | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **lan banjur**. |
| 301 | Manut panyawangku papan iki aneh, **sebab** dadi lokasi pengguburane maneka sato kewan. (TR.PS No.39) | Sajajar | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sebab**. |
| 302 | Dudu saderma sato, **nanging** ingon-ingon sing ditresnani banget dening bendarane. (TR.PS No.39) | Sajajar | | | | √c | | | | | | | | | | | | | | | | | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **nanging**. |
| 303 | Lakuku sengaja dakgawe alon **amrih** posisine terus ana samburine juraganku. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **amrih**. |
| 304 | Aku ngrumangsani mung jejer supir, pekewuh **yen** njejeri **utawa** nglancangi Tante Rosa. (TR.PS No.39) | Campuran | | | | | √a | | √ | | | √ | | | | | | | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng **yen**, **utawa**.<br>▪ Sinamun: tembung panggandheng **mula/saengga/akibate** dipunsingidaken wonten ing klausa **pekewuh**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 305 | **Mangka** sasuwene telung wulan aku dadi sopire Tante Rosa, ngajak salaman wae ora tau.(TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **mangka**. |
| 306 | Nanging **bareng** dalane saya suwe saya munggah, rasa pekewuhku dakkipatake. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **bareng**. |
| 307 | **Karo** mlaku aku nyolong nglirik bosku. (TR.PS No.39) | Sajajar | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |
| 308 | Kaca mripat sing ngrenggani netrane muwuhi ayuning rupa **najan** umur-umurane mbokmenawa wis ngancik seket taun. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **najan**. |
| 309 | Ati lanangku gumronjal, tangane Tante Rosa dakgegem kenceng. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **nalika/rikala/ dhek/wektu** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **tangane Tante Rosa dakgegem kenceng**. |
| 310 | Dheweke ora suwala **najan** ora ana owah-owahan apa-apa ing praupane. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **najan**. |
| 311 | Saking asih lan tresnane **nganti** mati wae dikubur **lan** kuburane dirumat **kaya** makame manungsa. (TR.PS No.39) | Campuran | | | √a | | | | √ | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nganti**, **kaya** saha tembung panggandheng koordinatif **lan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 312 | Tata cara nyedhiyakake papan panguburan sato iki wiwit kapan lan sapa sing ngawiti, aku ora mudheng. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **kepriye** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **tata cara nyedhiyakake papan panguburan sato iki wiwit kapan lan sapa sing ngawiti**. |
| 313 | Lan sing merlokake nekani kuburan kuwi ya akeh banget, **tur** umume saka kalangane wong-wong sing duwe tatanan ekonomi mapan lan turah-turah. (TR.PS No.39) | Sajajar | | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **tur**. |
| 314 | Arep takon ora wani, mengko dikira sopir nyanyah nyunyah marang pribadine bendara. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **jalaran/amarga/marga/mergane/awit/ soale/sebab** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **mengko dikira sopir nyanyah nyunyah marang pribadine bendara**. |
| 315 | **Nalika** sepisanan nyumurupi kuburan kewan mau atiku gumun. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**. |
| 316 | Geneya wong mung kelangan asu wae anggone kelangan nggetuni **prasasat** ngalahake kelangan barang sing paling aji. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **prasasat**. |
| 317 | Sekawit Tante Rosa owel ninggalake papan kono **senadyan** wancine wis saya bengi. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **senadyan**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 318 | **Bareng** dakrimuk nganggo tembung sing akeh-akeh, pungkasane Tante Rosa gelem dakjak nglungani kuburan asu kuwi. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √b | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **bareng**. |
| 319 | Jalaran **sasuwene** aku ngabdi marang Tante Rosa, durung tau weruh rupane sing lanang. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **sasuwene**. |
| 320 | Tante Rosa mudhun **terus** tumuju resepsionis **saperlu** check in kamar. (TR.PS No.39) | Campuran | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **terus** saha tembung panggandheng subordinatif **saperlu**. |
| 321 | **Nalika** jumangkah mlebu, Tante Rosa ngandeg nyat mapag tekaku. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √c | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **nalika**. |
| 322 | Ngrangkul aku sedhela **banjur** nutup lawang. (TR.PS No.39) | Sajajar | √a | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng koordinatif **banjur**. |
| 323 | Ora suwe bali marani aku, ngekep aku, ngambungi kebak greget. (TR.PS No.39) | Sajajar | √a | √b | | | | | | | | | | | | | | | | | | | √ | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng koordinatif **nuli/ banjur/tumuli/terus/langsung** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ngekep aku**; saha tembung panggandheng koordinatif **malah terus/ malah banjur** ingkang dipunsingidaken wonten sangajengipun klausa **ngambungi kebak greget**. |
| 324 | Aku mung njenger weruh polahe Tante Rosa sing mbedhal-mbedhal **kaya** jaran giras. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng **kaya**. |

**Tabel Lampiran 1 Salajengipun**

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 325 | Aku tetep meneng wae, ora duwe karep nglanggati pepenginane Tante Rosa sing **kaya** jaran mbedhal saka gedhongan iku. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | √ | | | √ | | | | √ | √ | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng **kaya**. ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **gara-gara/ jalaran/amarga/marga/mergane/awit/ soale/sebab** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ora duwe karep nglanggati pepenginane Tante Rosa**. |
| 326 | Aku bingung, ora ngerti kudu tumindak kepriye. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | | | | | | | | | √ | | | | | | ▪ Titikan sinamun: bok bilih ngginakaken tembung panggandheng subordinatif **gara-gara/ jalaran/amarga/marga/mergane/awit/ soale/sebab/** ingkang dipunsingidaken wonten ing klausa **ora ngerti kudu tumindak kepriye**. |
| 327 | **Karo** ngalih mak klepat, dheweke celathu sing gawe kaget lan mrindinge githokku. (TR.PS No.39) | Sungsun | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | | | √ | | ▪ Titikan cetha: tembung panggandheng subordinatif **karo**. |

**Katrangan:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ucamsa | = Ukara Camboran Sajajar | Cet | = Cetha |
| Ucamsu | = Ukara Camboran Sungsun | Sin | = Sinamun |
| G.T | = Gegayutan Teges | PS | = Panjebar Semangat |

Irah-irahan cerkak :

| | |
|---|---|
| BKP | = Bos Kom Panut |
| IAR | = Isih Ana Rembulan |
| RS | = Rumah Sakit |
| BTS | = Bangsa Tanpa Sirah |
| KKR | = Krikil-Krikil Ramadhan |
| APES | = Apes |
| MB | = Mawar Biru |
| ASSI | = Ary Sing Siji Iki |
| IGAE | = Ing Guritmu Ana Esemku |
| TS | = Tresna Satuhu |
| KOST | = Kost |
| MD | = Mantan Demonstran |
| TR | = Tante Rosa |
| 4. Rntt | = Runtut |
| a | = Runtut Wetah |
| b | = Runtut-Nglangkungaken |
| 5. Nglngkn | = Nglangkungaken |
| a | = Nglangkungaken Wetah |
| b | = Nglangkungaken-Runtut |
| 6. Gngn | = Gunggung |
| a | = Gunggung Wetah |
| b | = Gunggung-Runtut |
| c | = Gunggung-Nglangkungaken |
| d | = Gunggung-Pungkasan |
| e | = Gunggung-Akibat |
| f | =Gunggung-Runtut-Nglangkungaken |
| g | = Gunggung-Nglangkungaken-Runtut |
| 7. Prdnd | = Pradondi |
| a | = Pradondi-Implikatif |
| b | = Pradondi-Kirang |
| c | = Pradondi-Nglangkungaken |
| d | = Pradondi-Gunggungan |
| e | = Pradondi-Pambeda |
| f | = Pradondi Wetah |
| g | = Pradondi-Tetandhingan |
| 8. Pmlh | = Pamilih |
| a | = Pamilih Wetah |
| 9. Komb | = Kombinasi |
| 10. Akbt | = Akibat |

| | |
|---|---|
| 11. Cara | = Cara |
| 12. Pgjp | = Pangajap |
| 13. Isi | = Isi |
| 14. Upm | = Upama |
| 15. Ttdg | = Tetandhingan |
| 16. Pmbg | = Pembandingan |
| 17. Kjb | = Kajaba |
| 18. Ksk Wsl | = Kosok wangsul |
| 19. Sbb | = Sebab |
| 20. Srt | = Sarat |
| 21. Tjn | = Tujuan |
| 22. Wkdl | =Wekdal |
| 22. a | = Wekdal Wiwitan |
| b | = Wekdal Runtut |
| c | = Wekdal Sesarengan |
| d | = Wekdal Wates Akir |
| e | = Wekdal Salajengipun |